

**KONTEKS BUDAYA JAWA TRADHISI NGRIMAT PANTUN WONTEN
ING DESA KEDUNGSONO, KABUPATEN SUKOHARJO (*PERSPEKTIF
ETNOLINGUISTIK*)**



Dening:

MEIRIKA IIN SETYAWATI

NIM. 17714251012

**Kaaturaken dhateng Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
minangka jejangkeping saperangan sarat anggayuh gelar *Magister***

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

**KONTEKS BUDAYA JAWA TRADHISI NGRIMAT PANTUN WONTEN
ING DESA KEDUNGSONO, KABUPATEN SUKOHARJO (*PERSPEKTIF
ETNOLINGUISTIK*)**



Dening:

MEIRIKA IIN SETYAWATI

NIM. 17714251012

**Kaaturaken dhateng Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
minangka jejangkeping saperangan sarat anggayuh gelar *Magister***

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

SARINING PANALITEN

MEIRIKA IIN SETYAWATI: *Konteks Budaya Jawa Tradhisi Ngrimat Pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo (Perspektif Etnolinguistik).* Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Ancasing panaliten menika nggandharaken konteks budaya saha *nilai* budaya ingkang kaandhut saking *satuan lingual* tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo.

Panaliten menika kalebet panaliten *kualitatif* kanthi cara *pendekatan etnolinguistik*. Sumber data wonten ing panaliten menika awujud *satuan lingual* salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono. Caranipun ngempalaken data wonten ing salebetipun panaliten menika ngginakaken wawan pirembaran kanthi *mendalam, participant observation, saha dokumentasi*. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang dipunwastani *human instrument* kabiyantu mawi *kamera, gawai, saha buku kangge nyerat*. Caranipun *analisis* data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *teknik analisis etnolinguistik*. Caranipun ngesahaken data menika ngginakaken *triangulasi metode saha triangulasi sumber*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih kapanggihaken *satuan lingual* ingkang cacahipun wonten 27. *Satuan-satuan lingual* ingkang kapanggihaken kaperang adhedhasar *konteks budaya-nipun*. Ingkang awujud *ide/ gagasan* utawi angen-angnipun masarakat gunggungipun wonten 6 *satuan lingual*. *Konteks budaya* ingkang arupi *aktivitas* utawi tumindak ingkang dipunlampahi masarakat salebeting *prosesi ngrimat pantun* gunggungipun wonten 10 *satuan lingual*. Salajengipun *konteks budaya* ingkang arupi wujud barang minangka asilipun angen-angen masarakat Desa Kedungsono wonten 11 *satuan lingual*. Saking *ide* utawi angen-angnipun masarakat Desa Kedungsono *konteks budaya* ingkang kapanggihaken inggih menika babagan *sistem religi*, inggih menika kapitadosan dhateng Allah SWT, para leluhur, saha Mbok Sri. Salajengipun menawi dipuntingali saking *aktivitas-ipun*, menika nedahaken cara-cara ngrimat pantun ingkang sae, sedekah bumi, saha nggambaraken cara anggenipun manembah dhateng Pangeranipun (Gusti Allah).

Tembung kunci : *etnolinguistik, tradhisi, konteks budaya, nilai budaya*

ABSTRAK

MEIRIKA IIN SETYAWATI: *Konteks Budaya Jawa Tradhisi Ngrimat Pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo (Perspektif Etnolinguistik).* Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Tujuan penelitian ini adalah untuk menjelaskan konteks budaya dan nilai budaya yang terkandung dari satuan lingual dalam tradisi daur hidup tanaman padi di Desa kedungsono, Kabupaten Sukoharjo.

Jenis penelitian yang digunakan dalam penelitian ini adalah kualitatif dengan pendekatan etnolinguistik. Sumber data dalam penelitian ini berupa satuan lingual yang diucapkan dalam tradhisi ngrimat pantun di Desa Kedungsono. Teknik pengumpulan data dilakukan dengan cara wawancara mendalam, *participant observation*, dan dokumentasi. Alat yang digunakan dalam mengumpulkan data dalam penelitian ini adalah peneliti sendiri atau disebut *human instrument* dibantu dengan kamera, gawai, dan alat-alat tulis. Teknik analisis yang digunakan adalah teknik analisis etnolinguistik. Selanjutnya tahap keabsahan data di dalam penelitian ini menggunakan triangulasi metode dan triangulasi sumber.

Hasil dari penelitian ini adalah, ditemukan 27 satuan lingual. Satuan-satuan lingual yang ditemukan dikelompokkan berdasarkan konteks budaya, terbagi atas ide atau gagasan masarakat dengan jumlah 6 satuan lingual, aktivitas yang merupakan pola tingkang laku yang dilakukan oleh petani dalam merawat tanaman padinya terdapat 10 satuan lingual, wujud benda yang dihasilkan sebagai manifestasi apa yang menjadi ide oleh masyarakat terdapat 11 satuan lingual. Jika dilihat dari ide atau gagasan masyarakat Desa Kedungsono, konteks budaya yang tercermin adalah tentang sistem religi yaitu kepercayaan terhadap Tuhan YME, para leluhurnya, dan Mbok Sri. Sedangkan jika dilihat dari aktivitas pola tingkah laku yang dilakukan masarakat yaitu menunjukkan cara-cara merawat dan mengolah padi dengan baik, sedekah bumi, dan penggambaran tentang bagaimana berdoa kepada Sang Penciptanya (Gusti Allah).

Kata kunci : *etnolinguistik, tradhisi, konteks budaya, nilai budaya*

ABSTRACT

MEIRIKA IIN SETYAWATI: The Javanese Cultural Context of the Ngrimat Pantun tradition in Kedungsono Village, Sukoharjo Regency (Ethnolinguistic Perspective). Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.

The purpose of this research is to reveal the cultural context and cultural values contained on the lingual unit in the tradition of life cycle of rice plants in Kedungsono Village, Sukoharjo Regency.

This research uses the qualitative description research method, with an ethnolinguistic approach. The data source is a lingual unit, pronounced in the tradition of the Ngrimat Pantun in the Village of Kedungsono. The data were collected through in-depth interviews, participant observation, and documentation. The research instrument is the researcher helped by a camera, a voice recorder, and some writing equipment. The analysis technique used is the analysis technique. The data analysis uses the inductive analysis technique. The data validation is through the method and source triangulation.

The research results show that there are 27 lingual units found. They consist of: (1) ideas of the community with a total 6 lingual units, (2) 10 lingual units from farmers activities or patterns of behavior farmers in caring for their rice plants, (3) 11 lingual units as the manifestations of the community ideas. Seen from the ideas of the community in Kedungsono Village, the cultural context reflects the religious system or belief in God, spirit ancestors, and Mbok Sri. The behavior patterns of the community show the ways to care and process rice properly, alm for the earth, and describe how to pray to God.

Keywords: ethnolinguistics, traditions, cultural context, cultural values

WEDHARAN

Inggang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula

Nama : Meirika lin Setyawati

NIM : 17714251012

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih *karya ilmiah tesis kanthi irah-irahan* “Konteks Budaya Jawa Tradhisi Ngrimat Pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo (*Perspektif Etnolinguistik*)” minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah/ tesis* ingkang *umum* saha dipunserat wonten ing kapustakan.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 20 Juni 2020

Panyerat,



Meirika lin Setyawati

NIM. 17714251012

LEMBAR PENGESAHAN
KONTEKS BUDAYA JAWA TRADHISI NGRIMAT PANTUN WONTEN
ING DESA KEDUNGSONO, KABUPATEN SUKOHARJO (PERSPEKTIF
ETNOLINGUISTIK)

MEIRIKA IIN SETYAWATI
(17714251012)

Dipunajengaken wonten sangajengipun Tim Penguji Tesis Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta

Tanggal : 09 Juli 2020

TIM PENGUJI

Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.
(Ketua Penguji)




15 Juli 2020

Dr. Purwadi, M. Hum.
(Sekretaris/ Penguji)



15 Juli 2020

Dr. Mulyana, M. Hum.
(Pembimbing/Penguji)



20 Juli 2020

Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.
(Penguji Utama)



20 Juli 2020

LEMBAR PENGESAHAN
KONTEKS BUDAYA JAWA TRADHISI NGRIMAT PANTUN WONTEN
ING DESA KEDUNGSONO, KABUPATEN SUKOHARJO (PERSPEKTIF
ETNOLINGUISTIK)

MEIRIKA IIN SETYAWATI
(17714251012)

Dipunajengaken wonten sangajengipun Tim Penguji Tesis Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta


Tanggal : 09 Juli 2020

Yogyakarta, 28/7 -20

Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta

Direktur,



[Handwritten Signature]
Prof. Dr. Suyanta, M. Si.
NIP. 19660508 199203 1 002

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Asih saha Maha Welas, ingkang sampun paring rahmat, hidayah, saha inayah dhateng panyerat, saengga panyerat saged mujudaken *tesis* kanthi irah-irahan *Konteks Budaya Jawa Tradhisi Ngrimat Pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo (Perspektif Etnolinguistik)* kanthi kalis ing sambekala. Tesis menika saged purna anggenipun nyerat amargi sampun kasengkuyung saha kabiyantu saking mapinten-pinten *pihak*. Pramila, panyerat tansah ngaturaken agunging panuwun dhumateng :

1. Bapak Dr. Mulyana, M. Hum minangka Pangarsa *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa*, ugi minangka dosen *pembimbing*, ingkang tansah paring bimbingan saha piwulang dhateng panyerat kanthi sabar,
2. Bapak Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. minangka *reviewer*, ingkang paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar,
3. Bapak Dr. Purwadi, M. Hum. minangka *penasihat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan nalika ngangsu kawruh wonten ing Prodi Pendidikan Bahasa Jawa,
4. Bapak saha Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang sanget murakabi dalah migunani,
5. Para Pamong saha Warga Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo ingkang sampun paring pambiyantu awujud seserepan ingkang nyekapi dumugi paripurnaning *tesis* menika,
6. Tiyang sepuh kula, Bapak Pardi saha Ibu Poni, sarta sadaya kaluwarga awit saking panjurung, panyengkuyung, saha pandonganipun ingkang tanpa winates kangge mujudaken *tesis* menika,
7. Gigih Sulistyono ingkang tansah paring panyengkuyung, pambiyantu daya upaya saha motivasinipun saben dintenipun, sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebutaken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun panjurung saha pandonga dhateng panyerat, saengga *tesis* menika saged purna kanthi sae,

8. Kanca-kanca Prodi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun mbiyantu panaliten menika, mliginipun Enggar Ariwardani, Kharisma Pratidhina, Fitri Nur, Mbak Yulita, Mas Nahrul ingkang sampun paring pambiyantunipun saha motivasinipun.

Tamtu kemawon *tesis* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila, sedaya pramayogi dalah panyaruwe ingkang tumuju ing langkung saenipun, jangkepipun, saha sampurnaning tesis menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Ing wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi *tesis* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 20 Juni 2020

Panyerat,

Meirika Iin Setyawati

PRATELAN ISI

	Kaca
SAMPUL LEBET	i
SARINING PANALITEN	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT	iv
WEDHARAN	v
PENGESAHAN	iv
LEMBAR PENGESAHAN	vii
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	x
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN GAMBAR	xivi
PRATELAN LAMPIRAN	xv
BAB I. PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten	7
B. Underaning Perkawis.....	7
C. Wosing Perkawis	8
D. Ancasing Panaliten	8
E. Paedahing Panaliten.....	9
BAB II. GEGARAN TEORI	
A. Pangretosan Budaya.....	10
B. Pangretosan Budaya Jawi	13
C. Pangretosan Tradhisi Ngrimat pantun	17
D. Pangretosan Etnolinguistik	21
E. <i>Pemaknaan</i> Kabudayan	24
F. Pangretosan Nilai Budaya Tradhisional	26
G. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	29
H. Nalaring Pikir.....	32

I. Pitakenan Panaliten	34
------------------------------	----

BAB III. CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten	35
B. Setting Panaliten	36
C. Data lan Sumbering Data	36
D. Pirantining Panaliten	38
E. Caranipun Ngempalaken Data	39
1. Pengamatan Berperan Serta	39
2. Wawanrembag Mendalam	40
3. Dokumentasi	41
F. Caranipun Ngesahaken Data	42
G. Caranipun Nganalisis Data	43

BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Setting Panaliten	45
1. Andharaning Papan Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun	45
2. Asal-usulipun Kedungsono	46
3. Sejarah Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun	47
4. Paraga Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun	50
B. Satuan Lingual ing Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun	50
1. Satuan Lingual ingkang Kagolong Ide/Gagasan	52
2. Satuan Lingual ingkang Kagolong <i>Aktivitas</i>	55
3. Satuan Lingual ingkang Kagolong Benda/ Barang	60
C. Analisis Konteks Buddaya Jawa	66
1. Ide/Gagasan	66
a. Bapa Kuwasa	66
b. Nas	67
c. Ibu Bumi	70
d. Cukupa Ngarep	73
e. Turaha Buri	76

2. Aktivitas	78
a. Wiwitan	78
b. Rujakan	82
c. Methik Pari	85
d. Adhem-adheman	89
e. Neseli Ga Liwet	92
f. Ngguwaki Ga Liewet	93
g. Ngguwaki Kembang	96
h. Obong-obong	98
i. Jawab	101
j. Boyong Mbok Sri	103
3. Benda/ Barang	105
a. Pencok Bakal	105
b. Parem Taun	111
c. Gedhong Peteng	115
d. Manten	118
e. Lintingan Katul	121
f. Sekul Golong	124
g. Segu Liwet	127
h. Sekar Boreh	129
i. Taningan Papat	134
D. Winatesing Panaliten	137
 BAB V. PANUTUP	
A. Dudutan	138
B. Implikasi	139
C. Pramayogi	140
KAPUSTAKAN	142

DHAPTAR TABEL

Tabel 1 : Tabel Makna saha Konteks Budaya	51
Tabel 2 : Tabel Satuan Lingual ingkang Kagolong Ide/ Gagasan	52
Tabel 3 : Tabel Satuan Lingual ingkang Kagolong <i>Aktivitas</i>	55
Tabel 4 : Tabel Satuan Lingual ingkang Kagolong Benda/Barang.....	60

DHAPTAR GAMBAR

Gambar 1 : Peta Desa Kedungsono	45
---------------------------------------	----

DHAPTAR LAMPIRAN

1. Cathetan Lapangan Observasi
2. Cathetan Lapangan Wawancara
3. Lampiran Analisis Data

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Tani inggih menika satunggaling pakaryan ingkang dados *mata pencaharian* utami tumrap *mayoritas* masarakat jawi. Wujud pakaryanipun inggih menika nggarap saha ngolah siti kanthi dipuntanemi maneka warni tetuwuhan. Taneman ingkang dipuntanem maneka warni gumantung kaliyan jinis saha kawontenan siti ingkang dipungarap, saged arupi palawija, pala kesimpar, pala kependhem, empon-empon, saha sanes-sanesipun. Wonten ing siti ingkang garing utawi toyanipun angel, saged dipuntanemi taneman palawija saha empon-empon, amargi taneman jinis menika boten mbetahaken toya ingkang kathah. Ewadene jinis pala kesimpar saged dipuntanem wonten ing siti kanthi toya ingkang cekap. Salajengipun, wonten siti ingkang ngemu toya, kathah-kathahipun para among tani nanem pantun.

Pantun (beras) wiwit rumiyin sampun dados dhaharan pokok masarakat. Minangka sumber dhaharan pokok, pantun dipuntanem ancasipun menika utaminipun kangge nyekapi kabetahan kulawarga. Kados andharan saking Wood .J. W. (2020:27):

“The primary unit of food production is also the primary unit of food consumption. Most food grown by a household is eaten by that same household. Most food eaten by a household is grown by that same household. Note the judicious use of “most”. No subsistence farming household is or ever was truly isolated.”

Kala rumiyin beras menika dados kabetahan ingkang awis, kepara boten sedaya tiyang saged dhahar sekul beras. Awit saking menika, kathah among tani

ingkang ndadosaken taneman palawija kados jagung, tela, kimpul, saha sanes-sanesipun dados dhaharan pokok. Ananging amargi majengipun *ilmu* saha *teknologi* tetanen, jinis-jinis pantun sampun ngrembaka, ugi saya gampang anggenipun ngrimat. Pramila ing wekdal menika beras sampun boten dados barang awis, masarakat saking sedaya *kalangan* saged mundhut beras kangge dhaharan pokok saben dintenipun.

Tetanen minangka pakaryan utami masarakat tamtu gadhah kalenggahan ingkang wigati sanget tumrap *roda perekonomian* ing tlatah padesan, kados wonten ing Kedungsono. Kedungsono inggih menika salah satunggaling Desa utawi Kelurahan wonten ing Kecamatan Bulu, Kabupaten Sukoharjo, Jawa Tengah. Sinaosa masarakat wonten Desa Kedungsono kathah ingkang *merantau* dados buruh utawi sadean wonten kitha sanes, pedamelanipun *mayoritas* masarakat ingkang wonten desa inggih menika tani.

Masarakat Kedungsono anggenipun tetanen gumantung sanget kaliyan mangsa rendheng, amargi sitinipun kalebet siti tadhah udan. Kejawi menika Kedungsono mapan wonten ing parden sela, boten wonten sumber toya menapa dene *saluran irigasi* ingkang saged ngilikaken toya nalika mangsa ketiga. Pramila masarakat namung saged panen pantun kaping kalih kemawon sadangunipun setaun, inggih nalika dhawah mangsa rendheng. Lajeng ing mangsa ketiga, biasanipun namung dipuntanemi kacang ijo saha dhele, menika kemawon asilipun namung sekedhik, idhep-idhep nelasaken toya supados boten nganggur sabinipun. Dados asilipun tetanen nalika mangsa ketiga menika boten saged dipunjagakaken kangge nyekapi kabetahan.

Amargi kawontenan menika, para among tani ing Desa Kedungsono ngupaya kanthi tekun anggenipun ngrumat pantun supados asil panenipun kathah, satemah saged nyekapi kabetahan beras sadangunipun setunggal taun. Kajawi ngupaya wonten ing cara ngrimatipun, masarakat ugi ngupaya kanthi lampah *spiritual*, ingkang mawujud wonten ing tradhisi upacara ngrimat pantun. Jumbuh kaliyan kabudayan masarakat jawi kados ingkang dipunandharaken dening Suparyanto .P. (2019: 19) bilih *in realizing this journey, what is important is not the development of the outer self (lair), but of one's inner self (batin)*.

Ngupaya anggenipun ngrimat pantun dipunlampahi wiwit saking ngolah siti, nyebar winih dumugi mangsa panen. Wujudipun kadosta tandur, lajeng ndhaut, lajeng ugi matun suket ingkang tuwuh wonten ing sakiwa tengen taneman pantun, ngrabuk supados lemu pantunipun, nyemprot kanthi pestisida saha insektisida supados pantun boten katerak ama saha penyakit lan sapanunggalanipun. Lajeng upaya kanthi lampah *spiritual* inggih menika kanthi nindakaken tradhisi adat. Kapitadosanipun masarakat, supados pantunipun saged kasil panen kanthi sae kedah atur kurmat dhateng Dewi Sri ingkang dippunpitados minangka *dewi kesuburan* ingkang mbahureksa sawah utawi siti sabin.

Tradhisi utawi adat ngrimat pantun menika ingkang narik kawigatosan panaliti kangge nлити tradhisi menika. Tradhisi ingkang katindakaken dening para among tani ing Desa Kedungsono menika wonten tigang perangan inggih menika, wiwitan, rujakan, saha methik pari. Tradhisi menika dipuntindakaken dhasaripun boten sanes namung saking kekajenganipun para tani supados pikantuk panen ingkang sae. Wiwitan katindakaken nalika badhe miwiti nanem pantun, rujakan

dipuntindakaken nalika pantun gabahipun sampun isi wos, ewadene metik pari katindakken nalika pantun badhe dipunpanen.

Tradisi ngrimat pantun dipuntindakaken minangka wujud anggenipun tiyang jawi memuji dhumateng leluhuripun. Mahardika (2015:11) ngendika bilih aspek budaya ngengingi kapitadosan masarakat ingkang taksih ngawontenaken ritual ancasipun inggih menika minangka atur raos kurmat dhateng para leluhuripun, ritual-ritual menika sampun katindakaken kawit rumiyin.

Kados ingkang dipuntindakaken dening masarakat Kedungsono nalika nglampahi tradhisi ngrimat pantun. Salah satunggaling tradhisi inggih menika tradhisi rujakan. Tradhisi rujakan inggih menika ndamelaken rujak ingkang ancasipun minangka simbol kangge atur bebingah dhateng Mbok Sri utawi ingkang dipunpitados minangka widodari utawi dewi saking kayangan ingkang nyebar kasuburan dhateng taneman pantun.

Tradhisi menika dipunlampahi nalika pantun sampun wancinipun ‘mbrobot’ (gabah sampun ngemu isi beras). Kapitadosanipun masarakat nalika pantun sembrobot menika ateges Mbok Sri ugi nembe ngawrat utawi mbobot. Para among tani lajeng damel rujak saking woh-wohan, lajeng dipunsukakaken wonten ing sabin. Tradhisi rujakan asalipun saking tembung lingga ‘rujak’ pikantuk panambang –an ingkang ateges damel rujak. Tradhisi menika katindakaken adhedhasar adatipun masarakat menawi wonten tiyang ingkang nembe ngawrat utawi ngandhut. Tiyang ingkang nembe ngandhut menika biyasanipun nglampahi nyidham, kepingin dhahar ingkang seger-seger. Pramila among tani ugi

nyawisaken rujak kagem Mbok Sri kanthi pangajeng-ajeng pantun ingkang dipunandhut sae, satemah saged ngasilaken beras ingkang sae ugi.

Tradhisi utawi upacara adat ingkang dipuntindakan dening masarakat mliginipun masarakat Desa Kedungsono inggih menika minangka wujud sesambetanipun manungsa kaliyan Gusti Allah, alam, sarta manungsa sanes. Santosa (2017:17) ngandharaken bilih kabudayan inggih menika perangan ingkang boten saged uwal saking kawontenanipun masarakat ingkang gesang ing desa. Tradhisi ingkang dipunlampahi nalika ngrimat pantun kados wiwitan, rujakan, saha metik pari menika minangka wujud sesambetanipun masarakat kaliyan pangeran saha alam ingkang sampun paring sumbering agesang.

Wonten ing tradhisi ngrimat pantun menika kathah wujud kabudayan ingkang saged ketinggal saking basanipun. Djawanai (lumantar Baehaqi, 2017: 203) ngandharaken bilih basa minangka *sistem tanda* ingkang dipunginakaken dados lambang kangge mahyakaken pamanggih, *konsep*, pengalamanipun tiyang. Pamanggih kasebut dipunsengkuyung dening Hayakawa (lumantar Baehaqi, 2017: 204) bilih lambang basa migunani kangge mbangun seserepan saha sarana paling andhap utawi dhasar kangge tiyang mahyakaken pamanggihipun. Dipunbandingaken kaliyan *simbol* sanesipun, basa mujudaken *simbol* ingkang langkung *rumit*, alus, saha ngrembaka.

Sinaosa basa menika saged ngrembaka, ananging kasunyatanipun wonten ing madyaning pagesangan masarakat, simbol utawi *sistem tanda* ingkang dipunginakaken dening masarakat kathah ingkang sampun kageser, ewah, kepara

malah ical. Basa-basa ingkang rumiya asring dipunginakaken dening masarakat sakmenika sampun kathah ingkang boten dipunmangertosi dening para keneman.

Pramila kedah dipunwontenaken panaliten ngengingi tradhisi ngrimat pantun. Panaliten menika katindakaken supados saged ngrembakakaken malih anggenipun ngginakaken *simbol-simbol* kangge nglestantunaken *konteks* kabudayan saha *kearifan lokal* Desa Kedungsono. Kajawi menika, para *generasi* salajengipun supados mangertosi *falsafah-falsafah* pagesangan ingkang kamot wonten ing saben *satuan kebahasaan* ingkang rumiya wonten ananging sampun ical saha *satuan kebahasaan* ingkang taksih wonten dumugi wekdal menika.

Basa kaliyan budaya nggadhahi sesambetan ingkang kiyat, amargi basa menika kalebet salah satunggaling unsur kabudayan. Basa saged *ngrekam* menapa kemawon ingkang dipuntindakaken dening masarakat, pramila saged dipundadosaken margi kangge ndhudhah kabudayan wonten ing masarakat tartamtu. Gayutan antawis kabudayan kaliyan basa saged dipuntingali saking pamanggihipun (Sapir-Whorf salebeting Alwasilah, 2008:87) ngengingi *relativitas* basa, inggih menika; (1) sedaya cara menggalih menika ngginakaken basa, (2) sedaya basa mujudaken *pandangan* utawi *realita* saking tiyang ingkang ngandharaken, (3) *pandangan* ngengingi kasunyatan (*realita*) ingkang dipunbentuk dening basa menika beda-beda.

Kanthi wontenipun *relativitas basa* menika, kabudayan masarakat *penutur* basa menika ugi nggambaraken kawontenan budaya ingkang *relatif*. Tegesipun, kabudayan antawis masarakat setunggal kaliyan sanesipun wonten ing salah

satunggaling papan tartamtu saged dipuntingali bedanipun saking *karakteristik* basa masarakatipun. Kadosdene basa ingkang dipunginakaken masarakat salebeting tradhisi ngrimat pantun, ugi ngandhut *konteks* kabudayan *lokal* masarakat Desa Kedungsono. Pramila dipunbetahaken panaliten *etnolinguistik* kangge mangertosi gambaran kabudayan masarakat ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono lumantar basa ingkang dipunginakaken masarakat wonten salebeting tradhisi ngrimat pantun.

B. Undering Prakawis

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken, saged dipunpundhut underaning perkawis wonten ing tradhisi ngrimat pantun. Perkawisipun inggih menika :

1. *Satuan lingual* ingkang ngandhut *konteks* kabudayan wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
2. *Konteks* kabudayan ingkang saged dipuntingali wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
3. *Nilai* budaya ingkang saged dipunpendhet saking *satuan lingual* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?
4. *Faktor-faktor* ingkang ngewahi tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono.

C. Watesaning Perkawis

Supados panaliten menika *fokus* boten ngambra-ambra, pramila panaliten menika kedah dipunwatesi. Watesanipun perkawis ing panaliten menika :

1. *Satuan lingual* ingkang ngandhut *konteks budaya* wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
2. *Konteks budaya* ingkang saged dipuntingali wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
3. Nilai budaya ingkang saged dipunpendhet saking *satuan lingual* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?

D. Wosing Perkawis

Saking watesan perkawis ing nginggil menika salajengipun saged dipundamel wosing perkawis bab tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.

Wosing perkawisipun inggih menika :

1. *Satuan lingual* menapa kemawon ingkang ngandhut *konteks budaya* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?
2. Kadospundi *konteks budaya* ingkang saged dipuntingali wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?
3. Kadospundi *nilai budaya* ingkang saged dipunpendhet saking *satuan lingual* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?

E. Ancasing Panaliten

Ancas saking panaliten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono inggih menika :

1. Ngandharaken *satuan lingual* ingkang ngandhut *konteks budaya* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.

2. Ngandharaken *konteks budaya* ingkang saged dipuntingali wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
3. Ngandharaken *nilai budaya* ingkang saged dipunpendhet saking *satuan lingual* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?

F. Paedahing Panaliten

Adhedhasar ancasing panaliten ing nginggil menika, saged dipunpendhet paedahing panaliten. Paedahing panaliten menika kaperang dados kalih, inggih menika paedah *teoritis* saha paedah *praktis*. Ewadene andharanipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Paedah *teoritis*
 - a. Asiling panaliten menika saged paring sumbangsih kangge ngrembakaaken panaliten *etnolinguistik*.
2. Paedah *Praktis*
 - a. Asiling panaliten menika saged dipunginakaen minangka seserepan babagan tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
 - b. Minangka gambaran ngengingi kabudayan masarakat ing Desa Kedungsono.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Gegaran Teori

Gegaran teori inggih menika andharan dhasaripun *teori-teori* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika. *Teori-teori* menika dipunginakaken kangge ngrembag perkawis-perkawis panaliten saha kangge nyengkuyung asiling panaliten.

1. Budaya

Budaya inggih minangka sedaya *sistem* angen-angen, *nilai*, *moral*, *norma*, saha kapitadosan (*belief*) manungsa ingkang dipunasilaken dening salah satunggaling masarakat. *Sistem* angen-angen, *nilai*, *moral*, *norma*, saha kapitadosan (*belief*) inggih menika minangka asiling sesambetan tiyang setunggal kaliyan sanesipun saengga ngasilaken *sistem sosial*, *sistem ekonomi*, *sistem kepercayaan*, *sistem pengetahuan*, *teknologi*, *seni*, saha sapanunggalanipun. Manungsa minangka *makhluk sosial* anggenipun sesambetan kaliyan tiyang sanes ugi dipunatur kaliyan *sistem* angen-angen, *nilai*, *moral*, *norma*, saha kapitadosan ingkang sampun dipuntemtokaken. Ingkang ngrembaka wonten pagesangan manungsa menika sejatosipun ngrembaka anggenipun ngasilaken *sistem berpikir*, *nilai*, *moral*, *norma*, dan *kapitadosan* (Zakiyah et al., 2014:106). Wood (lumantar Puspitasari et al., 2019: 2-3) ugi nggadahi pamanggih bilih *Culture is an overall value, norm, belief, understanding and way of communicating and interpretation of experience.*

Kabudayan inggih menika wedharing nalar utawa angen-angen, babaring pambudidaya, wohing pangulah lakunipun akal budi (Padmosoekotjo, 1981 : 8). Uwal saking lakunipun akal budi utawi nalaripun manungsa, ing donya menika kathah kawruh saha kagunan warna-warni kadosta: agami, kawruh teknik, tetabuhan utawi gamelan, tembang, tari, lan sapanunggalanipun. Sedaya kalawau dipunwastani kabudayan. Babaripun pangulah lampahing budi ingkang lajeng dipunwasatani kabudayan, ngantos dumugi bab-bab ingkang alus angremit, ngantos boten gampil dipunmangertosi kanthi lair, saha perkawis-perkawis ingkang boten ketingal netra.

Pamanggihipun Koentjaraningrat (1980: 193) kabudayan inggih menika sedaya *gagasan, ide, tingkah laku* utawi asilipun karya manungsa wonten pagesangan ing masarakat. Sedaya *gagasan* asil karya manungsa menika, kedah dipunkulinakaken kanthi sinau. Asmito (1988: 24) ngandharaken bilih kabudayan inggih menika sedaya ciptaning manungsa ingkang hakekatipun inggih menika asil usaha manungsa kangge ngewahi lan damel *susunan* enggal dhateng alam, ingkang trep kaliyan kebetahan jasmani kaliyan rohaninipun.

Miturut Koentjaraningrat (1996: 5) Wujud kabudayan wonten tiga inggih menika.

- a. Wujud kabudayan minangka *kompleks* saking *ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma*, lan sapanunggalanipun.
- b. Wujud kabudayan minangka *kompleks* saking *aktivitet*. Wujud kabudayan menika wujudipun *pola tingkah laku* manungsa wonten ing masarakat.

c. Wujud kabudayaan minangka asiling karya manungsa. Wujud kabudayaan menika asring dipunsebut kaliyan kabudayaan *fisik*.

Wujudipun kabudayaan ingkang kaandharaken ing nginggil menika ugi jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken J.J. Honigman (1959: 11-12) bilih wonten tigang titikan budaya, inggih menika, 1) *ideas*, 2) *activities*, 3) *artifacts*, Honigmann mastani bilih budaya menika nggadhahi tigang wujud ingkang kados menika; 1) wujud kabudayaan minangka salah satunggaling bab ingkang *kompleks* saking *ide*, *pamanggih*, *nilai*, *norma*, *paugeran*, lan sapanunggalanipun, 2) wujud kabudayaan minangka salah satunggaling *aktivitas* ingkang *kompleks* sarta tumindak ingkang nggadhahi pola saking satunggaling masarakat, 3) wujud kabudayaan minangka barang-barang asil pedamelanipun manungsa.

Kluckhohn lumantar Soekanto (1990:78) ngandharaken bilih wonten ing salebeting kabudayaan menika kathah bab-bab ingkang mangaribawani ajinipun saha caranipun kacipta satunggaling kabudayaan. Salah satunggalipun inggih menika jalaran budaya menika dipunwujudaken dening manungsa, manungsa minangka *makhluk* ingkang nggadhahi akal saha nepsu kangge ngupaya saprelu nyekapi kabetahan lair saha batosipun kanthi cara sesambetan kaliyan Gusti Allah minangka Pangeranipun. Budaya kacipta amargi *lingkungan*-ipun, kados pundi manungsa mujudaken satunggaling paugeran-paugeran ingkang trep kaliyan kawontenan papan panggenanipun.

Koentjaraningrat (1992: 7) ugi ngandharaken bilih kabudayan menika wonten unsur-unsuripun. Unsur-unsur kabudayan menika cacahipun wonten pitu inggih menika;

- a. *sistem religi,*
- b. *sistem kemasyarakatan,*
- c. *sistem peralatan,*
- d. *sistem mata pencaharian hidup,*
- e. basa,
- f. *sistem pengetahuan, saha*
- g. seni.

Unsur-unsur kabudayan miturut C Kluckhohn (1962: 140) wonten bukunipun *Universal Categories of Culture in Anthropology Today* ingkang samenika disebut *cultural universal* inggih menika :

- a. Ubarampenipun tiyang gesang (sandhang, pangan, papan, lan sapanunggalanipun)
- b. *Sistem ekonomi* utawi pedamelan (tani, ternak, sadean, lan sapanunggalanipun)
- c. *Sistem Sosial* (*politik, sistem hukum, palakrami, lan sapanunggalanipun*)
- d. Basa (lisan sarta tulis)
- e. Seni (seni gambar, seni tari, seni swara, lan sapanunggalanipun)
- f. *Sistem pengetahuan*
- g. Kapitadosan.

2. Budaya Jawi

Endraswara (2009:14-15) ngandharaken bilih kabudayan wonten ing Indonesia menika kaperang dados kalih inggih menika, Kabudayan Nuswantara lan Kabudayan Nasional. Kabudayan Nasional inggih menika kabudayan ingkang dipunugemi dening sedaya warga bangsa Indonesia. Ewadene Kabudayan Nuswantara inggih menika kabudayan ingkang sampun wonten kawit saderengipun madegipun negara Republik Indonesia, tuladhanipun kadosta kabudayan Bali, Sunda, Minangkabau, batak, Bugis, Makasar, Jawi, lsp.

Masyarakat Jawi inggih menika tiyang ingkang papan gesangipun manggen wonten ing dhaerah Jawi bagian tengah saha wetan, sarta tiyang ingkang asalipun saking kalih wewengkon kalawau sinaosa boten manggen wonten ing mriku. Koentjaraningrat (1996:100) ngandharaken bilih masyarakat inggih menika *kesatuan hidup* saking *makhluk-makhluk* manungsa ingkang kakupeng kaliyan *sistem* utawi adat. Wiryomartono .B. (2016: 1) ngandharaken bilih,

“Javanese way of life plays an important role in Indonesian politics and culture. Since aesthetics in society is about ideas, tastes, information, and expressions, studying its phenomena and reality is one of the most effective ways to understand the country’s way of life and its values.”

Herusatoto (1987:10) ugi ngandharaken bilih masyarakat Jawi menika minangka salah satunggaling masyarakat ingkang gesang saha ngrembaka wiwit jaman rumiyin dumugi samenika kanthi cara turun temurun, masyarakat menika ngginakaken basa Jawi ingkang maneka warna *ragam dialek*-ipun sarta gesang wonten ing saperangan tanah Jawi. Keeler .W. (2017 :19) ngandharaken bilih,

“The javanese language exhibits the most highly elaborated specch levels of any language in the world. Many high frequency words in the language have two, three, occastonally as many as five or more variant forms, each of them denotatively equivalent but expressive of a particular estimation of the relative status of speaker, interlocutor, and/or a third party.”

Menawi dipuntingali saking kahanan *geografis*-ipun, suku jawi menika kathah-kathahipun manggen wonten ing wewengkon Kedu, Banyumas, Yogyakarta, Surakarta, Madiun, Malang, saha Kediri, menawi sanjawinipun wewengkon menika kasebut tlatah peisisir saha pojok wetan (*ujung timur*). Surakarta kaliyan Yogyakarta menika mujudaken pusatipun kabudayan Jawi, amargi kekalihipun inggih menika *penerus* Kraton Mataram. Saking andharanipun pangertosan kabudayan ing nginggil, budaya jawi saged dipunwastani minangka sedaya *sistem nilai* sarta paugeran (*norma*) ngengingi *sistem religi, sistem pengetahuan, basa, kesenian, mata pencaharian, sistem organisasi, sistem teknologi* saha adat pakulinan masarakat Jawi ingkang lumampah wonten ing tlatah Jawi utawi tiyang ingkang asalipun saking tlatah Jawi ananging gesang wonten ing sanes wewengkon.

Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Abdullah :

“Javanese language as a product of the Javanese community are visible throug the language or language activities. The nature and behavior of the Javanese community are visible through the language or language activities. The Javanese culture development enriches the Javanese language in all the aspects (Abdullah, 2016: 279).”

Saking pamanggih menika, Abdullah ngandharaken bilih masarakat Jawi ketingal saking basa saha menapa ingkang dipunlampahi dening tiyang Jawi. Sipat saha tumindakipun masarakat Jawi ugi ketingal saking basanipun.

Titikanipun kabudayan Jawi inggih menika *religius, non-doktriner, toleran, akomodatif, dan optimistik*. Titikan ingkang kados mekaten ngasilaken *corak, sifat, dan kecenderungan* ingkang *khas* tumrap masarakat Jawi inggih menika; (1) pitados dhumateng Gusti kang Maha Tunggal kalebet sedaya sipat sarta keagenganipun minangka Sangkan Paraning Dumadi; 2) *bercorak idealistis*, pitados dhateng sedaya menapa kemawon ingkang sipatipun *immateriil* (boten mawujud) saha bab-bab ingkang sipatipun *adikodrati (supernatural)* saha menapa kemawon ingkang asipat mistik; 3) langkung ngutamakaken *hakikat* tinimbang *segi-segi formal* saha *ritual*; 4) ngutamakaken tresna asih minangka dhasar anggenipun sesambetan antawisipun manungsa; 5) pitados kaliyan pepesthen saha langkung nggadhahi sipat pasrah; 6) asipat *konvergen* saha *universal*; 7) *non-sektarian*; 8) remen bab *simbolisme*; 9) asipat gotong royong, guyub, rukun, sarta ayem; lan 10) kirang *kompetitif* saha kirang menggalih bab bandha (Suyanto, 1990: 144).

Wonten ing kabudayan Jawi, *sistem religi* masarakat Jawi inggih menika *animisme dinamisme*. Pramila masarakat lajeng ngrasuk agami Hindu saha Budha ingkang dipunaggep agami ingkang ageng kala semanten. Salajengipun agami islam mlebet, ananging mlebetipun agami islam boten ninggalaken budaya ingkang sampun lumampah wonten ing satengahipun masarakat. Kados menapa ingkang dipunandharaken dening Agustin ngandharaken bilih,

“In Indonesia, especially in Java, the people until now cannot be separated from the local culture and tradition itself. Regarding from the Islamic history in Java, Islam came not in the vacuum of culture condition. There have been growing a local culture from the people itself such as Hindu Buddhist culture and also from Animism belief (Agustin, 2019: 16).”

3. Tradhisi Ngrimat Pantun

Wonten ing salebeting bausastra *antropologi* pangertosan tradhisi sami kaliyan *adat istiadat* ingkang tegesipun pakulinan ingkang sipatipun *magis religius* wonten pagesangan masarakat, ing salebetipun ugi wonten *nilai-nilai budaya, norma-norma*, hukum, saha paugeran-paugeran ingkang sesambetan, lajeng manunggal dados satunggal *sistem* utawi paugeran ingkang sampun dipuntemtokaken, kejawi menika ugi nglebetaken sedaya *konsep sistem* saking satunggaling kabudayan kangge ngatur tumindakipun manungsa wonten ing bebrayan agung (Ariyono et al., 1985:4)

Andharan menika sami kaliyan ingkang dipunwahyakaken dening Darwis (2017: 75), tradhisi dipuntuwuhaken dening manungsa minangka *adat istiadat*, inggih menika kados pakulinan ananging langkung dipunwigatosaken dhateng pakulinan ingkang sipatipun *supranatural* ingkang mawujud dados *nilai-nilai budaya, norma-norma, hukum* saha paugeran ingkang samya sesambetan. Tradhisi menika gesang wonten ing masarakat minangka warisan saking para leluhuripun kanthi turun tumurun.

Sinaosa tradhisi menika minangka warisan *norma-norma*, paugeran-paugeran, saha pakulinan saking para leluhur, boten ateges perkawis tradhisi menika boten saged dipunewahi. Peursen (1976: 11) nggadhahi pamanggih bilih tradhisi menika saged dipunewahi kanthi dipungathukaken lan dipunjumbuhaken kaliyan maneka warna tumindak manungsa lajeng dipuntrepaken wonten ing sedaya perangan sanesipun. Amargi manungsa

ingkang damel tradhisi menika piyambak, pramila manungsa ugi saged nampi, nampik, saha ngewahi satunggaling tradhisi menika.

Sztompka (20017: 71-72) ngandharaken ringkesipun saking *makna* tradhisi, inggih menika kempalan barang ingkang mawujud, ugi penggalih ingkang nggadhahi *makna* wigati ingkang asalipun saking jaman rumiyin. Tradhisi tuwuh ing wekdal tartamtu, inggih menika nalika tiyang netepaken perangan tartamtu saking warisan para leluhur jaman rumiyin minangka satunggaling tradhisi.

Ewahing tradhisi saged kawiwitan nalika tiyang sanget nggatosaken kanthi nitiki perangan tradhisi tartamtu lajeng nglirwakaken perangan ingkang sanesipun. Tradhisi saged gesang, ngrembaka, lestantun wonten ing satunggaling wekdal tartamtu ananging ugi tradhisi saged ical kepara malah sirna menawi barang ingkang mawujud kalawau dipunbucal saha penggalhipun dipuntampik sarta dipunsupekaken. Tradhisi ugi saged tuwuh malih sinaosa sampun dangu ical utawi boten dipunginakaken.

Tradhisi miyos kanthi kalih cara inggih menika :

- a. Tradhisi miyos saking ngandhap mawi cara boten dipunkinten-kinten (*spontan*) saha boten dipunkajengaken ugi mbetahaken tiyang ingkang kathah. Amargi satunggaling alesan, tiyang tartamtu manggihaken warisan *historis* ingkang narik kawigatosan, katresnan, saha kasengseman. Ing salajengipun dipunsebaraken mawi maneka warna cara supados saged milut tiyang kathah. Sipat-sipat kasebut ewah dados tindak tanduk ingkang

dipunwujudaken mawi upacara, panaliten, ndandosi paninggalanipun tiyang jaman rumiyin sarta madosi malih ngengingi kapitadosan tiyang rumiyin.

- b. Miyos saking nginggil mawi dipunpeksa. Bab utawi perkawis ingkang dipunanggep tradhisi dipunpilih saha dipundadosaken kawigatosan ingkang asipat umum utawi dipunpeksakaken dening tiyang ingkang nggadhahi kuasa.

Kalih cara miyosipun tradhisi menika boten wonten piranti kangge nemtoakaken bedanipun. Bedanipun namung wonten ing wujud tradhisi asli kaliyan tradhisi damelan. Tradhisi asli inggih menika tradhisi ingkang sampun wonten kawit jaman rumiyin. Ewadene tradhisi damelan miyos nalika tiyang menika langkung mangertos kekajengan ing jaman rumiyin saha saged nularaken kekajengan menika dhateng tiyang kathah. Langkung asring tradhisi damelan menika dipunpeksakaken saking nginggil dening panguwasa kangge mujudaken kapreluan *politik* piyambakipun.

Tradhisi menika nggadhahi paedah wonten ing salebeting masarakat, Shils wonten ing Sztompka (2007: 75-76) nyebutaken bilih wonten 4 paedah tradhisi inggih menika :

- a. Kanthi *klise*, tradhisi dipunsebut minangka paugeran ingkang turun temurun. Papanipun wonten ing *kesadaran*, kapitadosan *norma*, saha *nilai* ingkang dipunanut ing wekdal sakmenika saha ugi wonten ing salebeting barang ingkang dipunciptakaken ing jaman rumiyin. Tradhisi menika nggadhahi perangan *warisan historis* ingkang dipunanggep nggadhahi mupangat. Tradhisi

menika kados kempalan pamanggih saha barang ingkang saged dipunginaakken tiyang wonten ing jaman sakmenika saha ugi saged kangge mbangun wekdal ing ngajeng.

- b. Maringi *legitimasi* (paugeran) ngengingi *pandangan hidup*, kapitadosan, pranata, utawi paugeran ingkang sampun wonten. Sedaya kalawau mbetahaken kaleresan supados saged ngempalaken anggotanipun. Salah satunggaling sumber *legitimasi* wonten ing tradhisi.
- c. Nyawisaken simbol titikan *kolektif* ingkang saged dipunpitadosi, ngiyataken *loyalitas primordial* dhateng bangsa, *komunitas*, saha kelompok. Tradhisi wonten ing daerah, kitha, saha paguyuban *lokal* nggadhahi jejibahan ingkang sami inggih menika saged ngempalaken warga utawi anggotanipun wonten ing perangan tartamtu.
- d. Mbiyantu nyawisaken papan sumene kangge sawetara uwal saking kasisahan, kagelan, sarta bab ingkang dipunanggep dereng marem ing pagesangan *modern* menika.

Tradhisi ngrimat pantun inggih menika salah satunggaling upacara tradhisi ingkang lumampah wonten ing Desa Kedungsono. Tradhisi ngrimat pantun dipuntindakaken dening para among tani ingkang wonten ing Desa Kedungsono. Tradhisi ngrimat pantun minangka upacara ingkang dipunlampahi dening para tani nalika nanem pantun wonten ing sabin wiwit pantun dipuntanem dumugi samangeke wancinipun pantun dipunpanen. *Prosesi*-nipun wonten ing tradhisi ngrimat wonten tiga, inggih menika prosesi wiwitan, rujakan, saha methik pari.

Tradhisi wiwitan dipuntindakaken nalika among tani badhe wiwit nanem pantun wonten ing sabin. Salajengipun tradhisi rujakan dipuntindakaken nalika pantun sembrobot (gabah sampun isi wos beras). Ewadene tradhisi methik pari dipuntindakaken nalika wancinipun pantun sampun badhe dipunpanen.

Tradhisi ngrimat pantun sipatipun pribadhi, tegesipun boten dipuntindakaken kanthi sesarengan kados menapa dene upacara tradhisi rasulan ingkang nglibataken sedaya masarakat Desa Kedungsono. Ananging anggenipun nindakaken gumantung dinten ingkang dipunanggep sae dening dhiri pribadhinipun among tani, amargi saben kulawarga nggadahi kapitadosan dinten nas piyambak-piyambak ingkang boten kepareng nindakaken upacara tradhisi menika.

Salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten *satuan-satuan ekspresi* ingkang dipunandharaken dening masarakat wonten ing Desa Kedungsono mliginipun among tani. *Satuan lingual* utawi *satuan ekspresi* ingkang unik menika ngandhut *konteks budaya* wonten salebetipun. Pramila lumantar panaliten menika, *konteks budaya* wonten salebeting *satuan lingual* ing tradhisi ngrimat pantun saged dipundhudhah. Salajengipun saged ugi kangge ningali gambaranipun budaya wonten ing Desa Kedungsono.

4. Etnolinguistik

Etnolinguistik asalipun saking tembung *etnologi saha linguisitik*, ngilmu menika miyos saking gabungan antawisipun *pendekatan* dening *etnolog* utawi

antropolog budaya kanthi pendekatan linguistik. Etnolinguistik dipungolongaken dados kalih inggih menika (1) kajian linguistik ingkang maringi sumbangan dhateng etnolog saha, (2) kajian etnologi ingkang maringi sumbangan dhateng lingusitik. Panaliten ngengingi perkawis basa wonten ing masarakat minangka prastawa budaya menika saged dipundadosaken minangka pangertosan bab satunggaling kabudayan (Putra, 1997:5)

Duranti (2003:2) ngandharaken bilih *etnolinguistik* inggih menika panaliten bab basa saha kabudayan minangka perangan utami saking *antropologi*, (*ethnolinguistics is part of a conscious attempt at consolidating and redefining the studi of language and culture as one of the major subfield of anthropology*). Salajengipun dipunandharaken ugi bilih *etnolinguistics is the study of speech and language within the context of anthropology*. Adhedhasar pangertosan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *etnolinguistik* menika *studi linguistik* ingkang nyinaoni bab basa sesambetanipun kaliyan kabudayan wonten satunggaling suku bangsa ing pundi kemawon.

Panaliten *etnolinguistik* boten namung winates tumrap suku bangsa ingkang gadhah warisan arupi seratan kemawon, ananging panaliten menika ugi saged dipuntindakaken wonten suku bangsa ingkang boten gadhah warisan arupi seratan. Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Chafidhi. U., et al. (2019: 188) *the language use that develops in its local community is closely tied to the speaker's culture. There is a view that, all languages in the world are considered perfect if only they are able to describe the residing culture.*

Kridalaksana luamantar Wulansari (2016:59) nggadhahi pamanggih bilih salah satunggaling *aspek etnolinguistik (linguistik antropologi)* ingkang paling ketingal inggih menika *relativitas* basa, inggih menika wontenipun sesambetan antawisipun basa saha sipat masarakat ngengingi basa menika piyambak.

Etnolinguistik utawi *linguistik antropologis* inggih menika cabang *linguistik* ngengingi basa wonten ing *konteks* kabudayan tartamtu. Kanthi *linguistik antropologis*, satunggaling ahli basa saged manggihaken makna wonten salebeting panganggenipun wujud-wujud basa saha *register* tartamtu. Sanesipun, kanthi sangu seserepan bab *linguistik antropologis*, para ahli saged mangertosi budaya masarakat lumantar basa ingkang dipunginakaken (Foley, 2001: 3-5). Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening Farida (2017:5) bilih *etnolinguistik* inggih menika panaliten ingkang mapanaken *aspek* basa wonten salebeting *konteks kultural*.

Kabudayan dhaerah minangka salah satunggaling unsur ingkang ndherek paring werna pagesanganipun manungsa. Bab menika tegesipun kabudayan daerah maringi titikan ingkang *khas* tumrap pagesanganipun masarakat wonten ing salah satunggaling bangsa. Kurnia, E. D. et al. (2018 : 96) ngandharaken bilih *language is the easiest tool to learn about the system of knowledge in that society*. Saking andharanipun menika kangge mangertosi kabudayan wonten ing dhaerah tartamtu saged ketingal saking basanipun. Semanten ugi andharanipun Nirmala (2013: 295) inggih *menika the language pertains what human as an individual or a group member experiences in his/her life*.

5. Pemaknaan Kabudayan

Manungsa ngginakaken simbol-simbol mawi wujud basa, *barang*, *gerak-gerik* saha tingkah laku (*aktivitas*) kangge nglampahi *komunikasi* saha *sosialisasi* kaliyan masarakat sanesipun. Titikanipun simbol miturut Turner (lumantar Endraswara, 2006: 173), inggih menika: (a) *multivokal*, tegesipun simbol nggadhahi kathah teges ingkang ngetingalaken maneka warna perkawis, pribadhi, saha prastawa, (b) *polarisasi* simbol, amargi simbol nggadhahi teges, asring ugi wonten simbol ingkang boten wonten gegayutanipun, (c) *unifikasi*, nggadhahi teges ingkang pisah utawi boten nyawiji.

Cara *etnolinguistik* wonten ing panaliten menika saged ndhudhah *makna leksikal* saha *makna kultural* wonten istilah-istilah kasebut, salajengipun madosi tapak tilasipun panganggening saha pangrembakanipun istilah-istilah ing jaman samenika. *Makna leksikal* inggih menika ingkang dipungadhahi utawi wonten ing *leksem meski* tanpa *konteks* menapa kemawon (Chaer, 2012:289). *Makna leksikal* asring dipunsebut ugi makna ingkang sejatosipun kaliyan *referenipun*, makna ingkang trep kaliyan menapa ingkang dipuntingali, utawi makna ingkang nyata wonten ing satengahing pagesangan kita (Chaer, 2013: 60).

Adhedhasar menapa ingkang dipunandharaken dening Subroto (lumantar Abdullah 2014:20) *makna kultural* inggih menika makna ingkang dipungadhahi basa adhedhasar *konteks* kabudayan *penutur-ipun*. Haryanto (2013:7) ugi ngandharaken bilih *makna kultural* dipunsebut *makna simbol* minangka pitutur utawi kekajengan ingkang badhe dipunandharaken dening

creator simbol, ewadene simbol nggadhahi sesambetan ingkang kiyat kaliyan kabudayan manungsa.

Abdullah (2014: 20) ngandharaken bilih wonten ing *kajian etnolinguistik makna kultural* wigati sanget, amargi saged mangertosi *makna ekspresi verbal* menapa dene *non-verbal* masarakat ingkang wonten sesambetanipun kaliyan *sistem pengetahuan* kadosta *pola pikir* saha *pandangan hidup*, ugi seserepan masarakat ngengingi kawontenan donya. Semanten ugi makna ingkang kagambaraken wonten ing tumindak *verbal* menapa dene *non-verbal* wonten ing basa saha budaya ing sawijining masarakat, salah setunggalipun dipunwujudaken mawi *folklor*.

Sesambetan antawisipun basa kaliyan budaya dipunandharaken dening Sapir ingkang kados mekaten *People who enact different cultures do to some extent experience distinct communicative system, not merely the same natural communicative condition with different customs affixed. Cultural values and beliefs are in part constitutive of linguistic reality* (Sapir dalam Hymes, 1964:128).

Pamanggih sanes ugi dipunandharaken dening Geertz lumantar Foley (2001:16) ingkang ngandharaken bilih basa minangka *sistem makna* saking salah satunggaling masarakat ingkang dipunandharaken utawi dipunwahyakaken lumantar simbol-simbol saha menapa ingkang dipuntindakaken ingkang ketinggal minangka salah sawijining *tindakan simbolis*.

Kados ingkang sampun kaandharaken wonten ing ngajeng bilih basa kaliyan budaya menika nggadhahi sesambetan ingkang caket lan boten saged dipunpisahaken amargi basa menika kalebet salah satunggaling unsur kabudayan. Basa menika saged *ngrekam* menapa kemawon ingkang dipuntindakaken dening masarakat, pramila saged dipundadosaken cara utawi piranti kangge ndhudhah kabudayan wonten satunggaling *kelompok* masarakat tartamtu. Sesambetanipun kabudayan kaliyan basa saged dipuntingali saking pamanggihipun (Sapir-Whorf salebeting Alwasilah, 2008:87) ngengingi *relativitas* basa (1) sedaya caraning menggalih menika ngginakaken basa, (2) sedaya basa mujudaken *pandangan* utawi *realita* saking tiyang ingkang ngandharaken, (3) *pandangan* ngengingi kasunyatan utawi *realitas* ingkang dipunbentuk dening basa menika beda-beda.

6. Nilai Budaya Tradhisional

Nilai inggih menika sedaya bab ingkang wonten sesambetanipun kaliyan manungsa ngengingi perkawis ingkang sae menapa dene ingkang awon, dipunukur dening agami, tradhisi, etika, moral, saha kabudayan ingkang lumampah wonten ing masarakat. (Zakiyah et al., 2014:20). Eisenberg .N., Reykowski .J., Staub .E. (2016:3) *Values are beliefs about desirability that organize experience and direct behavior with respect to certain broad classes of events.*

Kategorisasi nilai dipunandharaken dening Zakiyah et al. (2014:20) wonten nem. Nem kategorisasi menika dipunandharaken wonten ing ngadnhap menika :

- a. *Nilai teoritik* (nilai ingkang nglebetaken *pertimbangan logis* saha *rasional* nalika menggalih saha mbuktikaken leresipun salah satunggaling perkawis)
- b. *Nilai ekonomis* (nilai ingkang sesambetanipun kaliyan timbangan ingkang dipunukur untung ruginipun “regi”)
- c. *Nilai estetik* (manggenaken nilai ingkang paling inggil adhedhasar wujud kahanan ingkang laras utawi “*keharmonisan*”)
- d. *Nilai sosial* (nilai ingkang paling inggil salebeting nilai-nilai, inggih menika tali asih ingkang sesambetanipun kaliyan tiyang sanes)
- e. *Nilai politik* (nilai ingkang paling inggil wonten mriki inggih menika nilai panguwasa)
- f. *Nilai agami* (nilai ingkang nggadhahi dhasar kaleresan ingkang paling kiyat, dipunbandingaken kaliyan nilai-nilai ingkang dipunsebutaken sakderengipun).

Wonten ing pagesangan masarakat, *sistem nilai* menika sesambetan kaliyan bebudenipun, saking perkawis menika nemtokaken *pola-pola* tumindak manungsa. *Sistem nilai* inggih menika gabungan saking perangan *etika* kaliyan *moral*, ingkang wujudipun dipunandharaken wonten salebeting *norma-norma sosial*, *sistem hukum*, saha adat unggah-ungguh ingkang paedhipun minangka subasita kangge angugeri *tata tertib* pagesangan wonten ing salebeting gesang bebrayan. *Nilai budaya* wonten dhaerah tartamtu asipat *partikularistik*,

tegesipun beda kaliyan sanesipun, ananging saged dipunginakaken kanthi umum wonten papan budaya suku tartamtu.

Herimanto et al. (2011:128) ngandharaken bilih nilai minangka *sistem nilai* ingkang nggadhahi sesambetan tansah paring kekiyatan saha boten saged dipunpisahaken, ingkang sumberipun saking agami, budaya, saha tradhisi *humanistik*. *Nilai* tumrap tiyang gesang menika kadamel kangge nindakaken salah satunggaling tumindak supados menapa ingkang dipunkajengaken saged kasembadan wonten ing pagesanganipun. Griyanti. et al. (2018: 53) ugi ngandharaken *cultural system that grows and develops in society cannot be separated from the values that have been built for a long time. Various forms of cultural values are very influential in people's life.*

Saben kabudayan ing salah satunggaling paguyuban masarakat ngandhut *nilai-nilai* budaya ingkang luhur. *Nilai budaya* menika wujud *ideal* saking kabudayan minangka konsep ingkang tuwuh saha gesang wonten ing penggalhipun saperangan masarakat. *Nilai budaya* nggadhahi paedah minangka salah satunggaling cecepegan kangge paring pitedah wonten ing pagesangan masarakat.

Wonten ing pamanggihipun Warnanen (1988: 34), tindak tanduk manungsa dipundhasaraken dhateng *nilai-nilai* budaya wonten ing pagesangan ing alam donya lumantar sesambetanipun manungsa kaliyan dhiri pribadhinipun piyambak, kaliyan masarakat, kaliyan Sang Pangeran, kaliyan alam, saha sesambetanipun nalika pados tentreming lahir kaliyan batosipun. Pamanggih menika negesaken bilih ancasipun manungsa ngengingi *nilai budaya* menika

gumantung kaliyan *hakikat* kalenggahan manungsa wonten ing alam donya, saha tansah ngrumaosi bilih manungsa menika namung jalma ingkang dipunciptakaken dening Gusti saha nggadhahi lakon wonten pagesanganipun.

Sesambetan kaliyan *moralitas*, Endraswara lumantar Dako, et al. (2017:16) *to create a category of moral values into: (1) the manners of relating between man and God, such as worship, sacrifice, and so forth; (2) manners of relating between man and man, for example, the attitude of mutual cooperation, love one another, and so on; (3) the manners of relating between man and the universe, are not arbitrarily to the universe (rocks, mountains, water); (4) the manners of relating between humans and other creatures, such as animals, plants and others; (5) manners of relating between man and himself.*

B. Panaliten Sanes ingkang Jumbuh

1. Baehaqie (2014) wonten panalitenipun kanthi irah-irahan “Jenang Mancawarna Sebagai Simbol Multikulturalisme Masyarakat Jawi” manggihaken makna warna-warni wonten wonten ing *jenang mancawarna*. Panaliten Baehaqie ngginakaken *pendekatan etnolinguistik*, mendhetipun data kanthi cara *observasi* saha wawan pirembagan dhateng *informan* wonten ing Wonogiri, Jawa tengah. Panaliten kasebut manggihaken wontenipun *pandangan masarakat* ngengingi *multuralisme* utawi masarakat ingkang *multikulturalis* amargi sekawan werni wonten ing jenang menika nggadhahi makna *semiotis*, inggih menika masarakat Jawi anggenipun nglampahi pagesangan tansah ngupaya eling marang purwa daksina, ing pangajab dadosa pribadhi ingkang

sampurna. Supados saged manggihi bab ingkang mekaten manungsa kedah nindakaken bab-bab ingkang sae, kadosta saged ngolah hawa nepsunipun saha tansah nggatosaken kawontenanipun tiyang sepuh saha sedherek-sedherekipun. Wonten bab ingkang sami antawisipun panaliten menika kaliyan panalitenipun Baehaqie (2014). Bab ingkang sami inggih menika sami-sami ngginakaken *pendekatan etnolinguistik* ngengingi *pandangan salah satunggaling masarakat wonten dhaerah tartamtu*. Anggenipun mendhet data ugi sami, cara mendhetipun data mawi *observasi* saha wawan pirembagan dhateng *informan*. Ingkang mbedakaken panaliten menika kaliyan panalitenipun Baehaqie (2014) mapan wonten ing *objek* panalitenipun. Menawi Baehaqie (2014) wonten ing Wonogiri ngengingi Jenang Mancawarna, ewadene panaliten menika mapan wonten ing Sukoharjo ngrembag ngengingi *konteks* kabudayan ingkang wonten ing pagesangan masarakat, mliginipun kadang tani ing Desa Kedungsono.

2. Haryanti saha Agus Budi Wahyudi saking Universitas Muhammadiyah Surakarta nyerat artikel kanthi irah-irahan *Ungkapan Etnis Petani Jawa di Desa Japanan, Kecamatan Cawas, Kabupaten Klaten: Kajian Etnolinguistik*. Artikel ini dimuat dalam *Kajian Linguistik dan Sastra* (ingkang dipunterbitaken dening Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gajah Mada), Volume 19, No. 1, Juni 2007, wonten ing kaca 35–50. Seratanipun Haryanti saha Wahyudi minangka *laporan* asil panaliten wonten ing kecamatan Cawas, Kabupaten Klaten, Jawa Tengah. *Subjek* wonten ing panaliten ingkang dipunrembag inggih menika para among tani saking pitung Desa ing Wilayah Kecamatan Klaten, ewadene objek panalitenipun inggih menika *ungkapan* para tani wonten ing wewengkon

kasebut. *Metode* panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *metode deskriptif kualitatif* kanthi *teknik* wawan pirembaran, *observasi*, saha nyimak ugi nyatet kangge manggihaken data. *Data* ingkang dipunpanggihaken salajengipun dipun-*analisis* ngginakaken *metode analisis etnografi Spradley* saha *metode padan referensial*.

Asilipun panaliten nuduhaken bilih ungkapan para tani wonten ing Kecamatan Cawas wonten kalih perangan inggih menika *satuan lingual* tembung saha *frasa*. Panaliten menika ngandharaken *maksud* saha *makna* saking maneka warna *ungkapan* ingkang dipunringkes dados 8 budaya tetanen.

Dipunbandingaken kaliyan panalitenipun Haryanti saha Agus Budi Wahyudi, panaliten menika sami-sami mawi *pendekatan etnolinguistik* ngengingi *satuan lingual* para among tani. Wonten panalitenipun Haryanti saha Agus Budi Wahyudi ngandharaken *maksud* saha *makna* ing Desa Japanan, Kecamatan Cawas, Kabupaten Klaten. Ewadene wonten ing panaliten menika ngandharaken *konteks kabudayan* ingkang wonten ing *satuan kebahasaan* para among tani ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo. Dipuntingali saking cara *analisis*-ipun wonten panaliten menika ngginakaken *analisis etnolinguistik*, ewadene wonten ing panalitenipun Haryanti saha Agus Budi Wahyudi ngginakaken *metode analisis ‘etnografi Spradley’* saha *metode padan referensial*.

3. Abdullah (2016) wonten panalitenipun kanthi irah-irahan *Javanese Language and Culture in the Expression of Kebo Bule in Surakarta: An Ethnolinguistic*


Study, ngrembag bab wontenanipun Kebo Bule ingkang dados perkawis wonten ing tradhisi saha budaya. Panaliten menika ngginakaken *perspektif etnolinguistik* ingkang dipunginakaken kangge nлити *latar belakang*, pangaribawa, saha *makna* Kebo Bule wonten ing Surakarta. Data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika awujud data lisan saha seratan ingkang sumberipun saking wawan pirembaran kaliyan *informan* saha *referensi* saking kapustakan. Asil panalitenipun ngandharaken bilih Kebo Bule nggadhahi kalenggahan ingkang mirunggan (*istimewa*) wonten ing Keraton Surakarta. Bab ingkang dipunanggep *istimewa* inggih menika minangka pangarsa nalika adicara kirab setunggal Sura. Kebo Bule Kyai Slamet minangka simbol pangreksa, ananging beda kaliyan tiyang wonten ing Kraton, sedaya langkung nganggep Kebo Bule menika nggadhahi *nilai spiritual* saha budaya. Wonten ing panaliten menika ugi sami kaliyan panalitenipun Abdullah (2016) ingkang sami-sami ngginakaken *perspektif etnolinguistik*. Panalitenipun Abdullah (2016) ngginakaken *perspektif etnolinguistik* ingkang dipunginakaken kangge nлити *latar belakang*, pangaribawa, saha *makna* Kebo Bule wonten ing Surakarta, ananging wonten panaliten menika *perspektif etnolinguistik* dipunginakaken panaliti kangge ngandharaken *latar belakang*, pangaribawa, saha *makna* ubarampe saha *satuan-satuan* ingkang awujud lisan, dipunandharaken dening among tani wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo.

C. Nalaring Pikir

Nalaring pikir inggih menika bab ingkang nerangaken runtutaning panaliten. Tatacara panaliten dipunrerangaken kanthi *sistematis*, saengga ancasing panaliten saged dipuntindakaken. Ancasing panaliten menika inggih kangge madosi *nilai budaya* wonten ing tradhisi sadangunipun ngrimat pantun ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo.

Nalaring panaliten ing panaliten menika saged dipuntingali wonten bagan ing ngandhap menika.

Bagan 1.
Nalaring Pikir Panaliten



Teori etnolinguistik kangge nglampahi *analisis satuan lingual* salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono arupi *makna leksikal* saha *makna kultural*. Salajengipun dipunpadosi *konteks budaya* ingkang wonten ing *satuan lingual* ingkang dipunandharaken wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. Caranipun ngempalaken data ngginakaken *teknik (Participant Observation)*, *wawan pirembaran*, saha *dokumentasi*. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipun-*analisis* kanthi cara *Inventarisasi data*, *Identifikasi data*, *Klasifikasi data*, *Interpretasi*, saha *Inferensi*. Anggenipun ngesahaken data ngginakaken *Triangulasi Sumber*.

D. Pitakenan Panaliti

Saking nalaring pikir panaliten menika saged kaandharaken pitakenanipun panaliten menika. Pitakenanipun panaliten wonten ing *konteks budaya* tradhisi ngrimat pantun inggih menika :

1. *Satuan lingual* menapa kemawon ingkang ngandhut *konteks budaya* wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?
2. Kadospundi *konteks budaya* ingkang saged dipuntingali wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?
3. Kadospundi *nilai budaya* ingkang saged dipunpendhet saking *satuan lingual* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono?

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten ngengingi tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono, Kecamatan Bulu, Kabupaten Sukoharjo menika kalebet panaliten *kualitatif* kanthi *pendekatan etnolinguistik*. Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara ngandharaken babagan *satuan kebahasaan, makna, saha nilai budaya* wonten tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.

Miturut Bogdan dan Taylor (lumantar Moleong, 2012:4) cara nлити kanthi ngasilaken *data deskriptif* wujudipun arupi tembung ingkang dipunserat tiyang sanes lan tindak tanduk ingkang saged dipuntingali. Miturut Moleong, (2012:11) *data deskriptif* menika wujudipun tembung-tembung, gambar, sanes angka-angka. Sedaya ingkang dipunkempalaken kalawau minangka kuncinipun tumrap menapa ingkang dipunteliti. Lajeng menawi panaliten *kualitatif* saged mbiyantu panaliti kangge manggihaken pamanggih-pamanggih enggal, saking bab menika panaliti saged ngandharaken asil kanthi cariyos ingkang narik kawigatosan dhumateng pamaos (Endraswara, 2006: 15).

Foley lumantar Baehaqie (2017: 205) ngandaharaken bilih *etnolinguistik* utawi *linguistik antropologis* inggih menika *cabang linguistik* ingkang wonten ing salebetipun saged dipunsinaoni basanipun lumantar *konteks budaya* tartamtu. Lumantar *linguistik antropologi* panaliti saged manggihaken *makna* ingkang boten ketinggal saking waliking panggunaan wujud-wujud basa saha *register* tartamtu.

B. Setting Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken wonten ing Desa Kedungsono, Kecamatan Bulu, Kabupaten Sukoharjo. Ingkang nindakaken upacara menika inggih para among tani warga Desa Kedungsono.

C. Data lan Sumbering Data

Ingkang dipunpiji inggih menika *data kebahasaan* nama-nama sesaji wonten ing salebeting *daur hidup* tanaman pantun. *Data* inggih menika catetan saking kempalan kasunyatan. Wonten ing panaliten menika panaliti ngginakaken *data primer*, inggih menika *data* ingkang langsung dipunkempalaken saking sumbering *data*. *Data* panaliten ingkang dipunginakaken arupi *data deskriptif* ingkang wujudipun tembung, gambar, lan katerangan ingkang dipunandharaken dening *informan*. *Data* menika awujud seratan lan rekaman saking asiling panaliten ing tradhisi menika.

Sumber *data* kangge panaliten menika dipunpendhet saking *informan*, inggih menika tiyang utawi sumber *data* ingkang mangsuli pandangan saking panaliti kanthi ancas paring seserepan ingkang dipunbetahaken salaminipu panaliten menika katindakaken. Hendarsono salebeting Suyanto (2005: 171-172) ngandharaken bilih wonten tigang jinis *informan* wonten ing panaliten, inggih menika :

1. *Informan* kunci (*key informan*), inggih menika tiyang ingkang mangertosi kanthi cetha saha nggadhahi seserepan pokok utawi baku ingkang dipunbetahaken wonten ing panaliten,

2. *Informan utama*, inggih menika tiyang ingkang *terlibat langsung* wonten salebeting *interaksi sosial* ingkang dipundadosaken panaliten,
3. *Informan tambahan*, inggih menika tiyang ingkang saged paring seserepan gayutanipun kaliyan panaliten, sinaosa boten *terlibat langsung* wonten salebeting *interaksi sosial* ingkang dipundadosake panaliten.

Wonten ing panaliten menika, *informan*-ipun inggih menika warga masarakat Desa Kedungsono ingkang kaanggep mangertos babagan tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. *Informan* utawi narasumber kadhapuk kanthi *teknik purposive* inggih menika nemtokaken *informan* boten dipundhasaraken wakilipun *populasi*, ananging adhedhasar jangkepiipun seserepan ingkang dipunbetahaken. Dipunemtokaken kanthi nemtokaken *informan* kunci rumiyin ingkang salajengipun nembe ndhapuk *informan* sanesipun kanthi ancas ngrembakakaken saha madosi seserepan sakathah-kathahipun ingkang wonten sesambetan kaliyan panaliten menika. *Kriteria*-nipun *informan* inggih menika (1) miyos saha gesang wonten ing Desa Kedungsono, (2) yuswanipun udakara 60-70 tahun, (3) saged ngginakaken basa Jawi, (4) minangka salah satunggaling *pelaku* kabudayan, (5) mangertosi maknaipun *prosesi* ngrimat pantun.

Adhedhasar cara nemtokaken *informan* ing nginggil, wonten 6 (enem) *informan* ingkang panaliti dadosaken minangka *sumber data* wonten ing panaliten menika. Sedaya *informan*-ipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika :

- (1) CLW 01, asmanipun Mbah Wiji kanthi yuswa 70 tahun pidalem wonten ing Dusun Tiyoko, Desa Kedungsono,

- (2) CLW 02, asmanipun Mbah Pamin kanthi yuswa 80 tahun pidalem wonten ing Dusun Malangan, Desa Kedungsono (minangka *Informan Kunci*),
- (3) CLW 03, asmanipun Mardi kanthi yuswa 65 tahun pidalem wonten ing Dusun Tiyoko, Desa kedungsono,
- (4) CLW 04, asmanipun Mbah Sahid yuswanipun 81 tahun pidalem wonten ing
- (5) CLW 05, asmanipun Bapak Suratno yuswanipun 55 tahun pidalem wonten ing Dusun Tegalmojo, Desa Kedungsono,
- (6) CLW 06, asmanipun Heri Susanto kanthi yuswo 40 tahun pidalem wonten ing Dusun Malangan, Desa Kedungsono.

D. Piranti Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti kangge ngempalaken *data*. Kangge ngempalaken *data*, panaliti ngginakaken *instrument* wonten ing panaliten menika, *instrument*-ipun inggih menika panaliti piyambak ingkang asring dipunwastani (*human instrument*). Panaliti minangka *perencana*, *penafsir data*, dados *pelapor* asiling panaliten. Pengertosan *human instrument* utawi pirantining panaliten wonten ing ngriki leres, amargi piyambakipun nindakaken sedaya *proses* panaliten menika. (Moleong, 2012: 168).

Panaliti anggenipun dados pirantining panaliten wonten tradhisi wiwitan nanem pantun Desa Kedungsono menika, ugi ngginakaken piranti pambiyantu kados ing ngandhap menika.

1. Pedoman wawan pirembaran minangka panduan panaliti supados boten klentu anggenipun wawan pirembaran kaliyan informan.
2. Kamera, kamera menika kaginakaken kangge ngempalaken *dokumentasi* awujud menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge panaliten.
3. *Handycam*, piranti pambiyantu menika dipunbetahaken kangge ngrekam menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge panaliten saking saderengipun *prosesi*, lampahipun *prosesi* dumugi purnaning *prosesi* tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono.
4. Buku saha Bolpoint, Panaliti ugi ngginakaken Panaliti ugi ngginakaken buku lan bolpoint kangge nyerat menapa kemawon ingkang kedah dipunserat.
5. *Gawai*, dipunbetahaken kangge ngrekam wawanpirembaran kaliyan informan.

E. Caranipun Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* inggih menika cara ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken *data-data* ingkang dipunbetahaken panaliti nalika nglampahi panaliten. Cara anggenipun ngempalaken *data* kalawau wonten maneka warna jinisipun gumantung saking jenis sumber *data-nipun*. Teknik ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken *data* menika ngginakaken.

1. Pengamatan berperan serta (*Participant Observation*)

Cara panaliten menika dipunlampahi kanthi ngawontenaken *pengamatan* langsung ngengingi kawontenan lampahipun upacara tradhisi ngrimat pantun. *Observasi* inggih menika *proses* ngamati subjek panaliten sarta lingkunganipun

saha nindakaken *perekaman* kaliyan *pemotretan* adhedhasar tingkah laku ingkang dipuntingali ananging boten ngewahi kawontenan *alamiah subjek* kaliyan *lingkungan sosialipun* (Mattews & Ross, dalam Herdiansyah, 2013: 130). Ingkang dipun-*observasi* inggih menika *proses* lampahipun tradhisi ngrimat pantun saha *satuan lingual* wonten salebeting tradhisi ngrimat pantun. *Participant Observation* katindakaken kanthi cara pengamatan lan ndherek langsung lampahing upacara menika, cara menika supados pikantuk *data primer* ingkang dipunkajengaken.. Salajengipun *data primer* menika saged dipunginaaken kangge dhasar wawanrembag.

2. Wawanrembag *Mendalam*

Amargi sumber *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *data primer*, pramila caranipun ngempalaken *data* ngginakaken metode wawanrembag *mendalam*. Wawanrembag inggih menika cara ngempalaken *data* mawi pitakenan lan wangsulan kalih tiyang utawi langkung, antawisipun tiyang ingkang atur pitaken (panaliti) kaliyan tiyang ingkang mangsuli pitakenan (*informan*) ngawontenaken pepanggihan.

Miturut Moleong (2012:186) wawanrembag inggih menika pawicantenan ingkang gadhah maksud tartamtu. Pawicantenan dipuntindaaken mawi kalih tiyang ingkang gadhah *fungsi* tartamtu. Ingkang angka sepisan minangka *interviewer*, tegesipun tiyang ingkang ngaturaken pitakenan. Ingkang angka kalih menika minangka *interviewer*, inggih menika tiyang ingkang paring wangsulan saking pitakenanipun *interviewer*. Wawanrembag ingkang dipunginakaken inggih menika

wawanrembag *bebas terpimpin*. Wawancara menika dipunlampahi kanthi dhasar pedoman wawancara ingkang dipunkembangaken dening panaliti kanthi cara bebas ananging boten medal saking ancasipun panaliten. Teknik menika dipunginakaken supados lampahipun wawancara saged sae saha leres miturut ancasipun ingkang badhe dipuntuju.

Wawanrembag *mendalam* katindakaken kanthi ndhudhah salebet-lebetipun, sakathah-kathahipun seserepan utawi *informasi* ngengingi salah satunggaling *topik* ingkang sampun dipuntemtokaken (adhedhasar ancas anggenipun nindakaken wawanrembag), kanthi ngginakaken pitakenan ingkang tinerbuka, bebas, sarta *fokus* panaliten dipunarahaken dhateng pusat panalitenipun. Anggenipun ndhudhah seserepan katindakaken kangge mangertosi pamanggihipun *informan* nalika ningali/manggihi salah satunggaling perkawis. Cara menika katindakaken panaliti supados saged pikantuk seserepan saha supados langkung paham sedaya *aktivitas*, *prastawa*, sarta *pengalaman* ingkang sampun nate dipunalami dening *informan*, ingkang sedaya kalawau boten saged dipuntingali kanthi *observasi* langsung.

Kangge nindakaken wawanrembag dipunsengkuyung *teknik* rekam saha *teknik* nyatet. *Teknik* rekam inggih menika *teknik* ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngrekam wangsulan saha andharan saking *informan*, dene *teknik* catet inggih menika *teknik* ingkang dipunginakaken panaliti kangge nyatet bab-bab ingkang wigati gayutanipun kaliyan upacara tradhisi ngrimat pantun. *Teknik cathet* menika dipunlampahi ugi minangka *teknik* panyengkuyung *teknik* rekam.

3. Dokumentasi

Dokumentasi ingkang awujud gambar ingkang saged panaliti pendhet, inggih menika *foto-foto* ingkang ngengingi Upacara menika. *Foto-foto* dipunpendhet saking data Kantor Desa Kedungsono saha kanthi *dokumentasi* piyambak. *Foto* ingkang asalipun saking data desa namung setunggal inggih menika peta Desa Kedungsono minangka gambaran *geografis* panggenan tradhisi ngrimat pantun katindakaken, ewadene kathah-kathahipun *foto* salebeting upacara tradhisi dipunpendhet mawi *dokumentasi* pribadhi.

F. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun nganalisis *data* ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis etnolingustik*. *Metode etnolingustik* inggih menika *metode analisis* kanthi pangertosan ingkang dipundhasaraken kaliyan seserepan saha penggalih ingkang wonten utawi dipungadhahi kaliyan bangsa, suku, utawi masarakat ingkang dipuntliti penggunaan basanipun (Ratna lumantar Baehaqie, 2017: 206). Anggenipun ngolah *data* wonten ing lapangan menika ngemot babagan *inventarisasi data* saha *klasifikasi data*. *Inventarisasi data* inggih menika kanthi nyathet sedaya *data* ingkang mlebet salajengipun inggih menika *klasifikasi data*, *data-data* ingkang sampun dipun-*investaris*-aken menika lajeng dipunklompokaken miturut paugeran.

Lajeng *data final*, *data final* inggih menika *data* lapangan ingkang sampun diklompokaken. Ingkang dipunlampahi wonten ing panaliten menika antawisipun kados ing ngandhap menika.

1. *Inventarisasi data*, *inventarisasi* utawi ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika mawi wawarembag *mendalam*.
2. *Identifikasi data*, inggih menika *data* ingkang dipunpanggihi dipunpendhet ingkang trep kaliyan *topik* panaliten.
3. *Klasifikasi data*, tegesipun nggolongaken *data* saking seserepan saking *informan* ingkang nguwaosi nalika wawan pirembagan.
4. *Interpretasi data*,
5. *Inferensi*, inggih menika damel dudutan saking interpretasi ingkang sampun dipunlampahi.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Wonten ing *uji keabsahan data* panaliti ngginakaken *uji credibility* utawi *uji kepercayaan* ngengingi hasil panaliten. *Uji keabsahan data* katindakaken kangge nemtokaken *valid* menapa boten *data* ingkang dipunlaporaken dening panaliti kaliyan ingkang wonten ing lapangan. Salajengipun, cara utawi teknik ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *Triangulasi*. *Triangulasi* inggih menika salah satunggaling teknik kangge ngesahaken *data* kanthi mbandhingaken *data* setunggal kaliyan *data* sanesipun kagem bahan pengecekan utawi pambanding saking *data* ingkang sampun dipunkempalaken dening panaliti (Moloeng, 2012: 330).

Triangulasi ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten Upacara *Tradisi* inggih menika *triangulasi* metode saha *triangulasi sumber*. Caranipun ngesahasaken data kaandharaken wonten ing ngadhap menika :

1. *Triangulasi* metode katindakaken kangge nguji *kredibilitas data* kanthi cara ngecek sumber ingkang sami ananging *teknik*-ipun beda. Upaminipun *data* ingkang dipunpikantuk kanthi wawancara, salajengipun dipuncek malih kaliyan *data* hasil *observasi*. Menawi ngasilaken *data* ingkang beda, panaliti nindakaken rembagan kaliyan *informan* kangge manggihaken *data* ingkang dipunanggep leres, kepara sedaya kalawau saged leres amargi saben *informan* nggadhahi pamanggih (*sudut pandang*) ingkang beda. Kangge nguji *kredibilitas* saking asiling *data* ingkang dipunkempalaken mawi *observasi*, wawanrembag, *dokumentasi* kalawau, wonten ing panaliten menika dipunsengkuyung ngginakaken *triangulasi sumber*.
2. *Triangulasi sumber* inggih menika cara *uji keabsahan data* kanthi mbandingaken *data* ingkang dipunpikantuk saking mapinten-pinten sumber *informan*. *Triangulasi sumber* dipunlampahi kanthi mbandingaken saha mirsani malih andharan kanthi cetho saking *informan* ingkang paring *informasi* babagan perkawis kalawau, lajeng dipunjumbuhaken kaliyan *informan* sanes. Salajengipun *data* ingkang dipunpikantuk dipun-kategorisasi, pamanggih pundi ingkang sami, pundi ingkang beda, pundi ingkang langkung *spesifik*. *Data-data* menika dipunanalisis ngantos dumugi ngasilaken kesimpulan lajeng dipunsuwunaken *kesepakatan* dhateng sumber *informan* kalawau.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Asiling Panaliten

1. Andharaning papan Upacara *Tradisi Ngrimat Pantun*



Gambar. 1
Dok. Data Pamarintah Desa kedungsono

Upacara tradhisi ngrimat katindakaken dening masarakat ingkang papanipun wonten ing Desa Kedungsono. Desa Kedungsono inggih menika salah satunggaling desa utawi kelurahan ingkang mapan wonten ing Kecamatan Bulu, Kabupaten Sukoharjo, Provinsi Jawa Tengah. Wiyaripun Desa Kedungsono kirang langkung 443.044 Ha, ingkang kaperang dados; 78.104 Ha minangka sawah tadhah udan, 142.5 Ha pekarangan, 112.05 tegalan, 103.70 Ha kalebet siti kagunganipun nagari, saha 6. 69 Ha kaginakaken minangka fasilitas umum, makam, saha margi.

Data statis watesipun Desa Kedungsono inggih menika; Sisih wetan watesipun kaliyan Desa Kapatihan saha Desa Pule, Sisih kidul watesipun inggih menika Desa Gunungan Kecamatan Manyaran, Sisih kilen watesipun kaliyan Desa Gentan Kecamatan Bulu, ewadene sisih ler tapel watesipun inggih menika kaliyan Desa Tiyaran. Warga Kedungsono gunggungipun sedaya wonten 4790 jiwa, 2414 jaler saha 2376 estri, menawi kaetang kanthi jumlah Kepala Keluarga kaperang dados 1743 Kepala Keluarga.

2. Asal Usulipun Kedungsono

Boten wonten sumber ingkang gumathok ngengingi sejarah Desa Kedungsono, namun cariyos utawi folklor ingkang tumurun saking para leluhur dalah sesepuh. *Teknik dokumentasi* ingkang dipuntindakaken dening panaliti ngengingi *inventarisasi naskah* ingkang ngamot sejarah asal usul Desa Kedungsono ugi boten kapanggihaken. Saking mapinten-pinten *informan* namung setunggal ingkang saged ngadharaken sejarahipun. Asal usulipun nama Desa Kedungsono dipunandharaken dening CLW 04 kados ing ngandhap menika :

CLW 04: “Wektu kuwi nek Kedungsono kuwi ana kedhung. Kedhung kuwi dinggo adu kasekten gelut antarane Kyai Kedungsono karo Kyai Patih. Nah loro-lorone padha sektine. Diadhu kanggo ngopek kambil. Sing Kyai Patih kuwi mung ndhodhog wit kambil iso njiblok kambile. Nah sing Kyai Kedungsono njupuk kambile ngetokne kesaktiane mung nelungne wite kambil dadi bisa milih kambile, ora gur sak-sake kambil. Adu kesaktian sing kepindho adu lesung. Lesung kuwi bisa berik mlaku dhewe amarga diadu nganggo kekuatane Kyai loro kuwi mau. Diangkat terus didu utawi ditabrakne sing menang ya Kyai Kedungsono. Terus ana meneh sing dhudhuk garut. Sing Kyai Kedungsono gur dicabut bisa metu garute. Ewadene sing Kyai Kapatihan dhudhuke garut nganggo pacul. Akhire diputusne Kyai Kedungsono sing menang. Mulane desa kuwi diarani Desa Kedungsono. Nek versi liyane. Enek panggonan sing dinggo mertapa utawa ritual. Sisih wetan alas nggegunung. Ana sendhang sing jumlahe sanga. Sendhang iku manggone nek watu platar dadi sendhang sing dudu nek

lemah tapi nek watu. Watu kuwi bolong-bolong kaya gendhong kae, metu sumbere. Nah papan kana mau dinggo ritual nek semisal arep rejekine lancar mesti uwong kuwi bisa nemokake sendhang sing jumlahe sanga. Tapi nek semisal ora ketemu berarti rejekine ora patio lancar. Ngono ndhuk. Dadi lha mboko sendhang kuwi ana nek uwong kuwi ora lancar rejekine ya ora ketemu sendhange. Kuwi okeh ndhuk sing nggoleki sendhang kuwi ndhuk. Tiga rendheng kuwi ana banyune. Banyune ora gemblidhig ngono. Ning ana banyune nek jero sendhang kuwi.”

3. Sejarah Tradhisi Ngrimat Pantun ing Desa Kedungsono

Upacara tradhisi ngrimat pantun inggih menika salah satunggaling tradhisi wonten ing Desa Kedungsono, ingkang katindakaken sadangunipun taneman pantun, wiwit saking nanem dumugi wancinipun panen. Asal-usulipun *tradisi* ngrimat pantun piyambak boten wonten ingkang mangertos mula bukanipun. Boten wonten sumber ingkang *akurat* kangge mangertosi kados pundi wiwitanipun upacara adat menika.

Saking paraga kabudayan menika piyambak ugi boten mangertos sejarah para leluhuripun kala semanten, kados pundi anggenipun miwiti ngawontenaken upacara menika. Seserepan ingkang dipunimpun saking *informan* ugi boten saged nyariosaken kanthi gamblang, pramila panaliti kedah biyantu kanthi nggathuk-
nggathukaken cariyos-cariyos saking *informan* sanesipun. Saking sumber ingkang sampun kaimpun, kagiyatan upacara tradhisi ngrimat pantun menika katindakaken kangge nyenyuwun supados pantun ingkang dipuntanem saged kasil sae. Kajawi menika nglampahi trashisi menika ugi kangge nguri-uri kabudayan, nglajengaken warisan para leluhuripun. Andharan menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 06 ingkang kados mekaten : *“Supaya diparingi hasil panen sing apik.”*

Andharan menika ugi dipunsengkuyung kaliyan CLW 01 ingkang ngandharaken ingkang kados mekaten :

CLW 01 : "...Wong kuwi wis ditindakne karo para leluhur mbah-mbahmu biyen ndhuk. Dadi anak putune ya melu nindakake nalika arep nandur ya wiwitan dhisik, nek wayah pari meteng kae digawekne rujak, lha nek arep panen ngguwaki sega liwet kuwi. Kuwi ditindakake sarana ngopahi Mbok Sri sing wis jaga parine. Dipanen iso cukup dinggo mangan."

Adhedhasar ingkang sampun kaandharaken dening paraga kabudayan sanesipun, dipuncariyosaken bilih kala jaman semanten sakderengipun agami islam mlebet wonten ing tlatah Jawi, tiyang Jawi menika ngrasuk agami Hindhu lan Budha, saha ugi wonten ingkang pitados bilih alam donya menika nggadhahi kekiyatan piyambak. seserepan menika kaimpun saking CLW 02 ingkang ngandharaken kados mekaten:

CLW 02 : "Wong ngrumati pari kuwi ya kudu nindakake ilu-ilu jaman kuno sing katuranake saka mbah-mbah para leluhur jaman dhisik ndhuk. Jaman biyen nalika ngrumat pari kuwi padha nindakake sarat kanggo sing duweni bumi iki. Wong alam donya iki lak ana sing duweni. Lemah sing arep ditanduri pari kuwi ana sing duweni. Mulakno awake dewe nalika arep nendur kudu nembung karo sing duweni bumi. Semana uga nek wayah panen ngaturake panuwun sing duwemi bumi sing wis paring pari kuwi mau."

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih masyarakat wonten ing Desa Kedungsono mliginipun among tani nggadhahi kapitadosan bilih sabin ingkang dipungarap kangge nanem pantun menika wonten ingkang nggadhahi. Pramila sakderengipun ngginakaken sabin kangge nanem among tani kedah amit-amit, nuwun sewu rumiyin. Semanten ugi nalika sampun wancinipun panen, among tanilimrahipun kedah paring bebingah dhateng bumipun (ingkang bahureksa sabin).

Tradhisi ngrimat pantun saged dipundadosaken pepeling dhateng para *generasi* salajengipun ngengingi kawontenanipun Gusti kang Maha Agung saha supados nggatosaken kawontenan alam. Lumantar tradhisi ngrimat pantun, saged katingal sesambetan antawisipun manungsa kaliyan bumi ingkang sampun nyawisaken maneka warni dhaharan kangge nyekapi kabetahan manungsa ing saben dintenipun. Semanten ugi sesambetan antawis manungsa kaliyan Pangeran anggenipun dedonga nyenyuwun dhumateng Gusti Allah lumantar upacara tradhisi.

Anggenipun nglampahi upacara tradhisi menika tamtu wonten ubarampe ingkang dipunginakaken minangka srana anggenipun ndedonga. Miturut cariyos, ubarampe ingkang dipunginakaken minangka tilaran saking ajaran agami Hindu Budha ing jaman rumiyin. Ananging sinaosa mekaten nalika agami Islam mlebet wonten ing tlatah Jawi para wali lajeng nglebetaken ajaran Islam wonten ing budaya lingkung sampun mlampah menika. Kados menapa ingkang dipuncariyosaken saking *informan* wonten ing ing ngandhap menika :

CLW 05: “Nek secara pribadi ya, sebenarnya peradaban adanya suatu wiwitan itu sebelum adanya agama islam di tanah jawa. adanya peradaban hindhu budha. Peradaban Hindhu Budha itu sering menggunakan sesaji-sesaji, tetapi notabannya tetap yang dipuji atau yang disembah itu adalah Yang Maha Kuasa. Cuman istilahnya saja yang berbeda-beda ada yang Sang Hyang Widhi dan lain sebagainya istilahnya. Terus dengan masuknya ajaran agama islam ke tanah jawa itu diwaktu para wali masih dilakukan. Kita memang tidak melihat secara langsung tapi hanya menurut sejarah saja ya, oleh para wali semua itu tidak langsung dihilangkan. Tetap diadakan namun memasukan rohnya kepada syariat agama....”

Kanthen njagi sesambetanipun kaliyan Pangeran saha bumipun, para among tani pitados bilih samangke saged ngasilaken panen pantun ingkang sae.

Awit saking menika tradhisi ngrimat pantun taksih katindakaken dhateng among tani wonten ing Desa Kedungsono.

4. Paraga Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun

Upacara tradhisi ingkang katindakaken boten badhe lumampah menawi boten wonten paraganipun (pelaku). Paraga ingkang asipat umum, ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ngrimat inggih menika para warga masyarakat Desa Kedungsono. Para warga masyarakat ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ngrimat pantun inggih menika among tani.

Among tani inggih kangge mastani tiyang ingkang nggarap sabin lajeng dipuntanemi jinis-jinis taneman ingkang samangke saged nyekapi kabetahan gesang. Wonten ing Desa kedungsono adhedhasar *data* ingkang sampun kaimpun saking Kantor Kelurahan Desa Kedungsono, bilih warga masarakat ingkang padamelanipun tetanen udakara wonten 4, 26 % utawi 204 jiwa. Salajengipun wonten ugi ingkang padamelanipun buruh tani, utawi tiyang ingkang boten gadhah sabin ananging nyewa utawi tumut dados buruh wonten ing sabin tangganipun, tiyang ingkang dados buruh menika wonten 5, 45 % utawi 261 jiwa.

Tradhisi ngrimat pantun katindakaken mawi *individual*, tegesipun antawisipun tani setunggal kaliyan senesipun menika boten nglampahi sesarengan. Saben *prosesi* tradhisi ngrimat pantun menika, among tani nindakaken piyambak-piyambak kanthi nggatosaken dinten nas kulawarganipun piyambak-piyambak.

B. Satuan Lingual ing Tradhisi Ngrimat Pantun

Wonten ing panaliten *konteks* budaya jawa (*perspektif etnolinguistik*) tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo, inggih

menika kangge madosi *latar* kabudayanipun masarakat Desa Kedungsono anggenipun maringi istilah-istilah wonten salebeting tradhisi ngrimat pantun, wiwit nanem dumugi wanci panen pantun. Asiling panaliten menika saged dipunkelompokaken kados ing ngandhap menika :

Tabel 1.
Makna saha Konteks Budaya Minangka Dhasaripun Istilah-Istilah Wonten Tradhisi Ngrimat Pantun ing Desa Kedungsono.

<i>No.</i>	<i>Makna</i>	<i>Konteks Budaya</i>	<i>Indikator</i>
1.	Bapa Kuwasa → Bapa + Kuwasa Bapa = kn: wong atoewa (kang lanang) (Poerwadarminta, 1939:31). Kuwasa = kn. (koewaoas k): 1 ak. Kadoenoengan kakoewatan (karosan, kasekten lsp) kang linoewih (Poerwadarminta, 1939:240-241)	Gagasan/ide	(Data : 05)
2.	Rujakan → rujak + -an Rujak = kn: omben-omben oet. Panganan sing digawe woh-wohan mentah lsp. (Poerwadarminta, 1939: 631)	Aktivitas	(Data : 10)
3.	Parem tahun → parem + tahun Parem = kn: bebakan beras kentjoer lsp dinggo mblojo awak (Poerwadarminta, 1939: 472). Taun = kn: mangsa sing soewene 12 sasi (Poerwadarminta, 1939: 592)	Benda/ Barang	(Data : 15)

Menawi dipuntingali saking *tabel* ing inggil menika, *data-data* ingkang kapanggihaken saged kaperang-perang nut *konteks* kabudayanipun. Lajeng *konteks* budaya minangka dhasar anggenipun paring *istilah-istilah* wonten ing salebeting tradhisi ngrimat pantun menika dipunpendhet adhedhasar wujud kabudayan. Wujud kabudayan menika wonten tigang perangan, inggih menika *ide* utawi *gagasan*, *aktivitas* saha, *barang* utawi *benda*. *Satuan-satuan lingual* ingkang ngandhut

konteks budaya wonten ing salebeting tradhisi pangrimantan pantun ing Desa Kedungsono dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Satuan lingual ingkang kagolong Ide utawi Gagasan*

Wonten 6 (enem) *satuan lingual* ingkang kalebet *ide* utawi *gagasan*, *satuan lingual* menika ngandhut *konteks* budaya salebeting tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. *Satuan lingual* ingkang kalebet *ide* utawi *gagasan* inggih menika *satuan lingual* ingkang kalebet kabudayan, titikanipun inggih menika; saged arupi pamanggih, angen-angen ingkang boten ketingal, mapan wonten ing batos, asipat spiritual saha olahipun penggalih. Kontjaraningrat ngadnharaken bilih wujud kabudayan menika minangka kabudayan *ideal*. Andharanipun kados ing ngandhap menika :

“Kebudayaan ideal saged dipunsebut adat istiadat amargi biasanipun dipunginakaken minangka paugeran ingkang ngatur, ngendalikaken, saha paring arah dhumateng tumindak utawi lampahipun manungsa nalika gesang bebrayan wonten ing masarakat (Koentjaraningrat, 1996: 5).

Ing ngandhap menika andharan saking *satuan lingual* ingkang kalebet *ide* utawi *gagasan* dipunjangkepi kaliyan makna *leksikal* saha makna *kultural*.

Tabel 2.
Satuan lingual ingkang kagolong Ide utawi Gagasan

<i>No</i>	<i>Satuan kebahasan</i>	<i>Makna Kultural</i>	<i>Konteks Budaya</i>	<i>Indikator</i>
1.	Bapa Kuwasa → Bapa + Kuwasa Bapa = kn: wong atoewa (kang lanang) (Poerwadarminta , 1939:31). Kuwasa = kn. (koewaoas k): 1 ak.	Jat ingkang boten ketingal ingkang nguwasani sabin utawi siti ingkang wonten pundi taneman ingkang dipuntanem among tani	Gagasan/ Ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat wonten ing Desa Kedungsono ngengingi Bapa Kuwasa. Miturut kapitadosanipun Bapa Kuasa inggih menika salah satunggaling jat ingkang gadhah panguwasa ing	(Data: 05)

	Kadoenoengan kakoewatan (karosan, kasekten lsp) kang linoewih (Poerwadarminta , 1939:240-241)	menika tuwuh. Bapa kuwasa menika asring disebut nalika among tani ngendikaken mantra saben tradhisi ngrimat pantun.	alam donya menika mliginipun ingkang nggadhahi kadunungan dhateng sabinipun among tani. Wonten ing penggalhipun para among tani jat menika kalebet priyantun kakung.	
2.	Ibu bumi → ibu + bumi Ibu = ki: embok (Poerwadarminta , 1939:167). Bumi = kn: djagat (kb. langit); lemah, palemahan (Poerwadarminta , 1939:53).	Jat ingkang boten ketingal ingkang nggadhahi bumi, inggih menika dipunanggep ibu pertiwi. Ibu Bumi menika asring disebut nalika among tani ngendikaken mantra saben tradhisi ngrimat pantun minangka pasanganipun saking Bapa Kuwasa.	Gagasan/ Ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat wonten ing Desa Kedungsono ngengingi Ibu Bumi. Miturut kapitadosanipun Ibu Bumi inggih menika salah satunggaling jat ingkang nggadhahi bumi pertiwi menika dipunanggep ados ibu pertiwi. Ibu pertiwi wonten ing penggalhipun masarakat sabin saktoyanipun menika gadhahipun ibu pertiwi.	(Data : 06)
3.	Nas = ptj: 1 ora sido sakoe; 2 (Poerwadarminta , 1939: 339)	Nas inggih menika dinten pantangan kangge nindakaken salah sawijining perkawis.	Gagasan/ Ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat ngengi dinten-dinten pantangan kangge nindakaken salh sawijining perkawis, menawi dipunlanggar masarakat pitados bilih bakal wonten bab tartamtu ingkang bebayani. Dinten nas ingkang dipundadosaken gaman dening masarakat inggih menika weton sedanipun salah satunggaling	(Data: 11)

			kulawarganipun ingkang paling caket.	
4.	<p>Dandan Pari</p> <p>Dandan = n. dandos k: tata-tata ngetrap panganggo (sandhangan), matjak (Poerwadarminta, 1939: 64) Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472).</p>	<p>Dandan pari nggadhahi teges bilih pantun sampun tata-tata badhe meteng.</p>	<p>Gagasan/ Ide keningal saking kapitadosanipun masarakat bilih dandan pari mrantdhakaken taneman pantun nembe tata-tata badhe ngad bilih menawi badhe ngandhut bakal wiji. Dipunjumbuhaken kaliyan tiyang gesang menawi badhe nindakaken salah sawijining perkawis kedah tata-tata rumiyin.</p>	(Data : 09)
5.	<p>Cukup ngarep → cukup + ngarep Cukup → cukup + a Cukup = n. tjekap k: sedheng, ora turah (Poerwadarminta , 1939: 642) Ngarep → N- + arep Arep = sisih kang kapernah ing ngdheping barang (wong lsp.) (Poerwadarminta , 1939: 19)</p>	<p>Sageda cekap menawi dipunladekaken kangge kabetahan saben dintenipun.</p>	<p><i>Ide/ gagasan</i> keningal saking angen-angen ingkang dipuntindakaken dening masarakat ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono anggenipun nyekapi kebatahan dhahar saben dintenipun. Gabah hasilipun panen dipungulawenthah kados menapa caranipun supados cekap dipundhahar saha dipunladekaken sanak kaluwarganipun.</p>	(Data : 19)
6.	<p>Turaha buri = turaha + buri Turaha → turah + -a Turah = n. tirah k: ana loewihe, ora koerang</p>	<p>Sasampunipun cekap dipunladekaken wonten ing ngajeng, dipunkajengake n gagabh sageda</p>	<p><i>Ide/ gagasan</i> keningal saking angen-angen masarakat anggenipun nyimpen gabah. Gabah dipunsimpen wonten ing “buri” inggih menika gedhong peteng, papan</p>	(Data : 20)

	(Poerwadarminta, 1939: 616) Buri = n. wingking k : sisih oet. ener sing dioengkoerake(Poerwadarminta, 1939: 54)	tirah ingkang samangke dados simpenan.	paggenan kangge nyimpen gabah ing salebeting dalemipun para among tani. Sampun dados adatipun masarakat bilih nyimpen pantun menika kedah dipuntindakaken kangge jagi-jagi ing tembe wingkingipun.	
--	--	--	--	--

2. *Satuan lingual ingkang kagolong Aktivitas*

Satuan lingual ingkang kalebet *aktivitas (sistem sosial)* lan ngandhut *konteks* budaya wonten salebeting tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono kapanggihaken wonten 10 *satuan lingual*. *Satuan lingual* ingkang kalebet *aktivitas* inggih menika *satuan lingual* ingkang nggambaraken *interaksi sosial* masarakat antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun. Wonten salebeting sesambetan menika, masarakat sampun ngleksanakaken saha ngrembakakaken kabudayan wonten ing Desa Kedungsono.

Koentjaraningrat (1996: 5) ngandharaken bilih titikanipun wujud kabudayan ingkang arupi *aktivitas* sipatipun wujud kabudayan menika *konkret*, kedadosan saben dinten wonten masarakat, saged dipuntingali, saha saged dipun-*dokumentasi*. Ing ngandhap menika andharan saking *satuan lingual* ingkang kalebet *aktivitas* dipunjangkepi kaliyan *makna leksikal* saha *makna kultural*.

Tabel 3.
Satuan Lingual ingkang Kagolong Aktivitas

<i>No.</i>	<i>Satuan Kebahasaan</i>	<i>Makna Kultural</i>	<i>Konteks Budaya</i>	<i>Indikator</i>
1.	Wiwitan → wiwit + -an	➤ Wiwitan inggih	<i>Aktivitas</i> ketingal saking bilih wiwitan menika	(Data : 01)

	<p>Wiwit = kn : 1 kang dhisik dhewe (pepoetjoek), 2 lekas (ngajahi) toemindak (Poerwadarminta, 1939:666).</p>	<p>menika perangan tradhisi wonten ing ngrimat pantun kangge nglekasi tumindak nanem pantun ingkang sepisanan.</p>	<p>salah satunggaling adatipun among tani wonten ing Desa Kedungsono nindakaken wiwit nanem pantun. Wiwitan dipuntindakaken minangka gambaran dedonga rumiyin sakderengipun nindakaken salah satunggaling perkawis.</p>	
2.	<p>Ngguwaki Kembang → ngguwaki + kembang Ngguwaki → N- + guwak Guwak = engg: diboewang (Poerwadarminta, 1939: 157). Kembang = n. Sekar k: bebakaling woh, loemrahe mawa lembaran, soengoet sari, bakal woh, sarta endah warnane (Poerwadarminta, 1939:205).</p>	<p>Ngguwaki kembang inggih menika salah satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakaken nalika badhe panen pantun. Kembang ingkang dipunbucal inggih menika sekar boreh. Ngguwaki kembang dipuntindakaken dening among tani minangka rerangkening <i>prosesi</i> methik pari.</p>	<p>Aktivitas katingal saking kagiyatanipun among tani nalika mbucal sekar boreh wonten ing sabin. Mbucal wonten ing mriki boten ateges dipunsebar ananging dipunselehaken lajeng dipuntilar sakbibaripun dipundongani.</p>	(Data : 02)
3.	<p>Jawab = kn: 1 wangsoelan; 2 panemboeng (Poerwadarminta, 1939: 83)</p>	<p>Jawab wonten ing masarakat Desa Kedungsono saged dipuntegesi matur utawi masrahaken</p>	<p>Aktivitas katingal saking kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening masarakat. Jawab inggih menika salah satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening masarakat Desa</p>	(Data : 08)

		bab menapa ingkang dipunkajengaken kanthi maossaken mantra.	Kedungsono kangge matur utawi masrahaken menapa ingkang dados kekajenganipun. Kekajenganipun menika awujud mantra utawi dedonga nalika badhe nindakaken salah satunggaling perkawis.	
4.	Rujakan → rujak + -an Rujak = kn: omben-omben oet. Panganan sing digawe woh-wohan mentah lsp. (Poerwadarminta, 1939: 631)	Tradhisi rujakan inggih menika tradhisi ingkang dipuntindakaken nalika pantun sampun wancinipun mbledug kanthi damelaken rujak pantun kangge ngrumati Mbok Sri ingkang nembe ngewrat..	<i>Aktivitas</i> , bab menika saged katingal saking kegiatanipun. Nalika pantun sampun mbledug among tani damel rujak ingkang samangke dipunaturaken wonten ing sabin. Rujakan ingkang dipundamel inggih menika saking woh-wohan ingkang isinipun kathah lan seger. Kagiyanan menika dipuntindakaken amargi Mbok Sri dipungambaraken kados menapa dene tiyang ingkang ngewret, supados anggenipun ngewrat katon seger dipundamelaken rujak.	(Data: 10)
5.	Adhem-adheman → Dwilingga tembung adhem + -an Adhem = n. asrep k: anjep, ora panas (Poerwadarminta, 1939: 4)	Adhem-adheman minangka srana kangge mundhi-mundhi para leluhuripun ingkang sampun kapundhut rumiyin marak sowan dhumateng Gusti Allah. Sageda ayam	<i>Aktivitas</i> ketingal saking pepelingipun supados putra wayahipun para leluhur kita tansah kirim donga dhateng para leluhuripun ingkang sampun ngrumiyini sowan marang ngarsanipun Gusti Allah SWT.	(Data: 17)

		tentrem anggenipun manggen wonten ing alam kubur.		
6.	<p>Neseli ga liwet → Neseli + sega +liwet Neseli → N- + sesel + -i Sesel = kn: didjedjeli, dileboni (ditlesepi) apa- apa tmr. bolongan lsp (Poerwadarminta, 1939: 560) Sega = n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang) (Poerwadarminta, 1939: 552) Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)</p>	<p>Neseli ga liwet inggih menika among tani maringaken sekul liwet ing sabin nalika badhe panen. Sekul liwet dipuncawisake n kangge opah Mbok Sri saha Bapa lan Ibu Bumi.</p>	<p><i>Aktivitas</i> ketingal ssaking kagiyatan ingkang dipunindakaken dening among tani. Kagiyatan kesebut ditindakaken kanthi neselaken sekul liwet wonten ing salebeting taneman pantun ing sabin ingkang sampun bledug kanthi dipunrongani ngunjokaken raos syukur.</p>	(Data: 23)
7.	<p>Ngguwaki ga liwet → Ngguwaki + sega +liwet ngguwaki → N- + guwak + -i Guwak = engg: diboewang (Poerwadarminta, 1939: 157). Sega = n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang)</p>	<p>Sekul liwet ingkang sampun diseseli menika lajeng boten dipunbeta wangsul malih ananging dipunilar wonten ing sabin.</p>	<p><i>Aktivitas</i> ketingal ssaking kagiyatan ingkang dipunindakaken dening among tani. Kagiyatan kesebut ditindakaken kanthi neselaken sekul liwet wonten ing salebeting taneman pantun ing sabin ingkang sampun bledug kanthi dipunrongani ngunjokaken raos syukur. Sekul liwet boten dipunbeta wangsul malih</p>	(Data : 24)

	(Poerwadarminta, 1939: 552) Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)		ananging dipuntilar ngoten mawon supados dipundhahar tiyang ingkang kalawau ndherekaken nalika neseli.	
8.	Boyong Mbok Sri → boyong + Simbok + Sri Boyong = kn: alihan enggon (padoenoengan, omah (Poerwadarminta, 1939: 56) Simbok = ptj: embok (Poerwadarminta, 1939: 563) Sri = kw: kanggo seseboetan sing minoeljo (loehoer) (Poerwadarminta, 1939: 582)	Beta wangsul gabah ingkang sampun dipunpanen sakin sabin tumuju dhateng gedhong peteng.	<i>Aktivitas</i> , katingal saking kagiyatanipun among tani, inggih menika nindakaken boyongan gagah saking sabin dipunbeta wonten dalemipun among tani. Salajengipun dipunrimat kanthi cara dipuntapeni ugi dipunmeme lajeng dipunparingaken wonten ing gedhong peteng.	(Data: 25)
9.	Obong-obong → Dwilingga obong + -an Obong = kn. ak: mati njemploeng ing geni (Poerwadarminta, 1939: 449)	Obong- obongan inggih menika bakar menyan nalika badhe dedonga utawi ngucapaken mantra ing salah sawijing upacara tradhisi.	<i>Aktivitas</i> katingal saking kagiyatanipun masarakat nalika badhe nindakaken <i>prosesi</i> ing upacara tradhisi kanthi ngobong menyan. Kebulipun menyan ingkang dipunobong arahipun dhateng dhuwur, dipunpitadosi lelakuning donga ingkang dhateng Gusti Allah SWT.	(Data: 27)
10.	Methik pari → petik + pari	Ngunjaken raos sukur saha matur nuwun	<i>Aktivitas</i> katingal saking kagiyatanipun masarakat nalika badhe nindakaken <i>prosesi</i> panen kanthi	(Data: 18)

	Pethik = kn: ngondhoeh woh (Poerwadarminta, 1939: 314). Pari = Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472).	awit panen pantunipun.	maringi sekul liwet sakubarampenipun wonten ing sabin. Sekul samangke dipuntilar wonten ing sabin supados dipundhahar tiyang sanes ingkang mirsani.	
--	--	---------------------------	---	--

3. Satuan lingual ingkang kagolong Benda/Barang

Wonten sewelas *satuan lingual* kalebet *benda/ barang* ingkang ngandhut *konteks* budaya wonten salebeting tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. *Satuan lingual* ingkang sipatipun *kebendaan* minangka wujud ingkang ketinggal kaliyan *panca indera* minangka hasil saking wujud kabudayan ingkang asalipun adhedhasar pamanggih saha angen-angen. Kados menapa ingkang dipunandharaken dening Kontjaraningrat (1996: 5) bilih wujud kabudayan menika asring dipunsebut kaliyan kabudayan *fisik*. Wujud kabudayan menika minangka sedaya *wujud benda* saking *aktivitas*, tindak-tanduk, asil karya masarakat.

Ing ngandhap menika kaandharaaken *satuan lingual* ingkang kalebet *ide* utawi *gagasan* dipunjangkepi kaliyan *makna leksikal* saha *makna kultural*-ipun.

Tabel 4.
Satuan Lingual ingkang Kagolong Benda/Barang

<i>No.</i>	<i>Satuan kebahasaan</i>	<i>Makna Kultural</i>	<i>Konteks Budaya</i>	<i>Indikator</i>
1.	Pencok bakal → pencok + bakal Pencok = kn: dibatjok dipantjas. Kn: ar.	Paring pepeling bilih wontenipun sedaya ing alam donya menika	Benda/Barang ketinggal saking wujudipun pencok bakal. Pencok bakal inggih menika ron	(Data: 07)

	<p>lelawoehan; bngs. Pilis (mata) (Poerwadarminta, 1939:484). Bakal = k: apa-apa sing arep dianggo dandanan; tjalon, gadhangan dadi (Poerwadarminta, 1939:26).</p>	<p>wonten bibit utawi bakalipun.</p>	<p>pisang ingkang dipundamel thakir. Isisnipun pencok bakal menika sarwa bakal utawi wiji taneman kadosta kacang ijem, kacang tholo, dhele, tigan, empon-empon. Ugi dipunjangkepi kaliyan bumbon komplit kados brambang, bawang, sarem, klapa, saha gendhis jawi.</p>	
2.	<p>Parem tahun → parem + tahun Parem = kn: bebakan beras kentjoer lsp dinggo mblojo awak (Poerwadarminta, 1939: 472). Taun = kn: mangsa sing soewene 12 sasi (Poerwadarminta, 1939: 592)</p>	<p>Parutan kunir ingkang ginanipun kangge opahipun Mbok Sri ingkang bibar nglairaken gabah. Parem tahun samangke saged damel cahyanipun Dewi Sri katon ayu resik kuning kados kuningipun kunir. Kajawi menika saged dipunginakaken kangge bobokan usada nalika badanipun ketaton.</p>	<p>Benda/ Barang ketingal parem ugi dipunginakaken kangge usada dening masarakat Desa kedungsono. Inggang sepisan usada kangge wanita ingkang bibar nglairaken. Masarakat ingkang gesang wonten ing Kedungsono ngginakaken parem utawi bebagan kunir kangge pilis.lajeng sanesipun ugi saged dipunginakaken kangge usada badan nalika ketaton.</p>	<p>(Data : 15)</p>
3.	<p>Gedhong peteng → gedhong + peteng Gedhong = (Poerwadarminta, 1939:) Peteng = kn: ora padhang (Poerwadarminta, 1939: 487)</p>	<p>Papan panggenan ingkang wonten ing dalem ingkang sisih paling wingking, ginanipun kangge nyimpen gabah.</p>	<p>Benda/ Barang katingal saking wonten wujudipun saking leksikon gedhong peteng, papan panggenan ingkang kahananipun peteng kangge nyimpen gabah. Bahan dhaharan minangka barang ingkang aji pramila kedah dipunsimpen</p>	<p>(Data : 21)</p>

			kanthi papan ingkang primpen.	
4.	Gantal Gantal = kn: lintingan soeroeh dinggo sadjen oet. sarat panganten (Poerwadarminta, 1939: 131).	Lintingan suruh ingkang nemu rose, dipuntaleni kaliyan lawe wernipun pethak inggkang mralambangaken kasucen. Kangge ngormati leluhuripun ingkang jaman semanten ngginakaken kinang. Kejawi menika ugi kangge tolak balak dhadhung awuk.	Barang/ Benda ketingal saking wujudipun suruh ingkang dipunlinting nggambaraken kekajengaken bilih nalika dedonga nyuwun marang Gusti Allah menika kedah saged saking krenteging manah saha suci. Wontenipun gantal ancasipun dening Warga masarakat ing Desa Kedungsono kangge mundhi-mundhi dhateng para leluhuripun ingkang jaman semanten ngginakaken kinang. Kejawi menika ugi kangge tolak balak dhadhung awuk.	(data : 13)
5.	Taningan → taning + an Taning = kn: diperang-perang pepoenthukan tmr. sega, kembang lsp. (Poerwadarminta, 1939: 590) Papat = n. sakawan k: wilangan 4 (Poerwadarminta, 1939: 471).	Rujak ingkang dipunbungkus ron pisang ingkang cacahipun sekawan dipunjumbuhaken kaliyan pojokanipun sabin ingkang cacahipun sekawan.	Barang/ Benda ketingal saking wujudipun nggambaraken rujak ingkang dipunbungkus ron pisang ingkang cacahipun sekawan dipunjumbuhaken kaliyan pojokanipun sabin ingkang cacahipun sekawan. Ancasipun wonten taningan sekawan kala wau dipuntujokaken kangge mageri sabin sakubengipun, supados taneman	(Data : 12)

			pantunipun boten saged katerak hama.	
6.	<p>Sekul golong → sekul + golong Sekul = k: sega (Poerwadarminta, 1939: 553) Golong = kn: wis noenggal (koempoel) dadi siji (Poerwadarminta, 1939: 159)</p>	<p>Sekul golong menika wujudipun sekul ingkang dipunkepli, wujudipun bunder pucukpun boten lancip. Saking wontenipun sekul golong menawi nggadhahi nyenyuwunan ingkang tulus lan mantep nyawiji dadi siji.</p>	<p>Barang/ Benda ketingal saking wujudipun sekul ingkang dipunkepli mralambangaken angen-angen penggalhipun masarakat nalika nindakaken dedonga kedah tulus madhep mantep nyawiji dados setunggal. Pangajabipun supados menapa ingkang dipunkajengaken sageda kasembadan.</p>	(Data : 14)
7.	<p>Lintingan katul → lintingan + katul Lintingan → linting + -an Linting = kn: goeloengan dloewang lsp. Sing tjilik (Poerwadarminta, 1939: 275) Katul = (Poerwadarminta, 1939:)</p>	<p>lintingan katul inggih menika katul ingkang dipunjenang lajeng dipunbuntel kanthi dipungulung ngginakaken ron pisang. Salajengipun lintingan katul dipunmasak kanthi dipundang. Dipuncawisaken nalika methik pari supados njagi pari ingkang sampun mbledug dumugi dipunpanen.</p>	<p>Barang/ Benda ketingal saking wujudipun katul ingkang dipunbungkus ron pisang nggambaraken kapitadosanipun masarakat bilih Lintingan katul ingkang dipunginakaken dening para warga minangka srana kangge tolak bala. Para tani menika mageri taneman pantunipun saking sedaya rubeda ingkang awon ingkang mawujud kaliyan boten. Lintingan katul dipunpitadosi saged nyingkiraken sedaya rubeda ingkang</p>	(Data : 18)

			samangke badhe ngrisak.	
8.	<p>Sekul liwet → sekul + liwet Sekul = k: sega (Poerwadarminta, 1939: 553) Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)</p>	<p>Sekul ingkang dipunliwet lajeng dipunemplek wonten ing ron pisang. Sakbibaripun menika lajeng dipungarang wonten ing wingko. Sekul liwet dipuntujokaken dhateng Mbok Sri minangka opahipun sampun njagi taneman pantunipun.</p>	<p>Barang/ Benda ketingal saking wujudipun sekul ingkang dipunemplek mralambangaken kapitadosanipun bilih sekul liwet menika dipunanggep sekul ingkang raosipun eco pramila dipuntujokaken dhumateng priyantun ingkang agung. Sampun adatipun masarakat bibar panen ngliwet pantun enggal (gabah ingkang bibar dipunpanen). Sekul liwet saking pantun enggal menika dipunraos eco. Priyantun ingkang agungipun dening para tani inggih menika Mbok Sri. Dados sekul liwet menika katujokaken dhumateng Mbok Sri.</p>	(Data : 22)
9.	<p>Sekar pari → sekar + pari Sekar = k: kembang (Poerwadarminta, 1939:553). Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi</p>	<p>Sekar pari inggih menika ketan utawi sekul setunggal kepel dipuncampuri kaliyan kelapa ugi gendhis jawi. Ketiganipun dipunremet lajeng dipunwadahaken</p>	<p>Barang/ Benda ketingal saking wujudipun saking sekul ketan ingkang dipuncampur kaliyan gedhis jawi saha klapa nggambaraken kapitadosanipun masarakat wonten ing Kedungsono. Piyambakipun</p>	(Data:04)

	beras (Poerwadarminta, 1939:472).	wonten ing rantang. Sekar pari minangka salah satunggaling ubarampe ingkang dipuncawisaken wonten ing <i>prosesi</i> wiwitan. Miturut kapitadosanipun sekar pari dipuncaosaken kagem Ibu Bumi/ Bapa Kuwasa/ Mbok Sri.	pitados bilih taneman pantun menika wonten jat ingkang njagi saha nggadhahi. Kejawi menika sampun dados perkawis ingkang umum bilih pantun menika wujud jelmaanipun Dewi Sri. Pramila among tani nyawisaken kembang pari minangka wujud pakurmatanipun dhateng jat menika kanthi nggadhahi kekajengan saged njagi tenamenipun.	
10.	Sekar boreh → sekar + boreh Sekar = k: kembang (Poerwadarminta, 1939:553). Boreh = kn. konjoh ki: tjampoeraning atal, kemoening, pandan wangi lsp. Dianggo mblonjo awak (Poerwadarminta, 1939:57).	Sekar boreh inggih menika campuranipun sekar mawar ingkang werninipun abrit saha pethak, lajeng dipunjangkepi kaliyan irisan ron pandhan wangi saha ampo. Sedaya kalawau lajeng dipunbungkus kaliyan ron pisang. Sekar boreh boasanipun dipuncawisaken nalika prosesi wiwitan saha metik pantun.	Barang/ Benda ketingal saking wujudipun nggambaraken kapitadosanipun bilih un masarakat Sekar boreh ingkang werdinipun nggadhahi ancas	(Data : 03)
11.	Manten Manten = engg. ptj: panganten (Poerwadarminta, 1939: 291).	Pantun sakayar ingkang dipunsimpen wonten ing gedhong peteng, ancasiun supados gabahipun awet boten cepet telas.	Barang utawi benda katingal saking wujudipun minangka gambaran saking cariosipun Dewi Nawangwulan saha Jaka Tarub nalika adang namung setunggal uli pantun.	(Data : 26)

			Saengga gabahipun wonten lumbung menika langkung awet.	
--	--	--	--	--

C. Analisis Konteks Budaya Jawa

4. Ide/ Gagasan

a. Bapa Kuwasa

Bapa Kuwasa kadhapuk saking kalih tembung lingga inggih menika ‘Bapa’ saha tembung ‘Kuwasa’. *Satuan lingual* bapa kuwasa kalebet *frasa*. Menawi dipuntingali wonten ing Baoesastra Djawa, ‘bapa’ nggadhahi teges kn: wong atoewa (kang lanang) (Poerwadarminta, 1939:31). Ewadene kuwasa = kn. (koewasa k): 1 ak. Kadoenoengan kakoewatan (karosan, kasekten lsp) kang linoewih (Poerwadarminta, 1939:240-241).

Leksikon ‘Bapa Kuwasa’ kasebut dening among tani nalika maos donga utawi *mantra* rikala nyawisaken ubarampe upacara ngrimat pantun wonten ing sabin. *Makna leksikal* saking *leksikon* Bapa Kuwasa inggih menika tiyang kakung sepuh utawi sesepuh ingkang nggadhahi kalenggahan ingkang inggil. Perkawis menika jumbuh kaliyan *makna kultural* ingkang ngrembaka wonten masarakat ing Desa Kedungsono, inggih menika kapitadosan tumrap tiyang agung (bangsa lelembut) ingkang nggadhahi kalenggahan, manggenipun wonten ing sabin-sabin para among tani.

Bapa kuwasa keleet wonten ing perkawis *pola pikir spiritual* masarakat, ingkang wujudipun *ide* utawi *gagasan* arupi kapitadosan. Masarakat jawi umumipun nggadhahi kapitadosan ngengingi bab-bab ingkang boten ketingal utawi perkawis-perkawis *ghaib*. Kados ingkang dipunandharaken dening Clifford Geert (lumantar Baehaqie, 2013:43) bilih, masarakat jawi menika pitados kaliyan bab

ingkang *ghaib*. Piyambakipun ngandharaken bilih wonten ing kapitadosan masarakat jawi *makhluk ghaib* menika kagolongaken dados gangsal inggih menika memedi, lelembut, tuyul, dhemit, saha dhanyang.

Wonten ing kapitadosanipun masarakat Desa Kedungsono, Bapa Kuwasa kalebet dhanyang, inggih menika *makhluk ghaib* ingkang nengga ing panggenan-panggenan mirunggan, rohipun dipunajeni, dipunanggep leluhur, ingkang ngayomi saha njagi (mbahureksa) sawijining papan. Pramila nalika masrahaken ubarampe wonten ing sabin saking wiwitan, rujakan, dumugi methik pari, Bapa Kuwasa dipunsebut kanthi ancas kangge mundhi-mundhi utawi kangge atur kurmat tumrap para leluhur ingkang ngreksa saha njagi sabinipun.

Kajalaran saking kapitadosan masarakat, bilih Bapa Kuwasa menika leluhur ingkang sampun njagi pantun saking wiwit nanem dumugi purnanipun panen, para kadang tani nyamptakaken ubarampe mawarni-warni. Nalika wiwitan ubarampe katujokaken kangge uluk salam dhateng para leluhur ingkang wonten ing sabin, ewadene menawi badhe ngayahi panen, menika kurmat ubarampenipun langkung sae, langkung jangkep, langkung kathah amargi menika minangka pralambang anggenipun ngaturaken maturnuwun dhateng para leluhur, awit sampun njagi pantunipun para tani saking wiwit mangsa tanem dumugi wanci ngayahi panen. Dados, *leksikon* Bapa kuwasa saged kapendhet saking kapitadosanipun masarakat ngengingi dhanyang ingkang nguwasani sabin.

b. Nas

Satuan lingual nas kadhapak saking tembung lingga nas, menawi dipuntingali saking asal wujudipun, kalebet tembung *monomorfemis*. Nas miturut (Poerwadarminta, 1939: 339) nggadhahi teges ptj: 1 ora sido sakoe. Dipuntingali saking *aspek pemaknaan* makna *leksikal satuan lingaul* nas inggih menika dinten pantangan kangge ninadakaken salah sawijing perkawis. Bab menika sami ugi kaliyan makna *kultural* ingkang ngrembaka wonten ing Desa Kedungsono ngengingi *satuan leksikon* nas, inggih menika dinten ingkang boten dikeparengaken nindakaken salah sawijining perkawis, kalebet nindakaken tardhisi ngrimat pantun.

Nas inggih menika *leksikon* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan kapitadosan masarakat jawi ngengingi petangan dinten. Dinten Nas inggih menika dinten ingkang dados *pantangan* menawi nindakaken salah satunggaling perkawis. Perkawis dinten nas menika tuwuh adhedhasar *makna kultural* ingkang ngrembaka wonten ing masarakat Kedungsono. *Konteks* budaya ingkang kaandhut wonten *satuan kebahasaan* ‘nas’ menika kalebet *ide* utawi *gagasan*. Nas kalebet wujud kabudayan ingkang arupi *ide* amargi wonten sesambetanipun kaliyan penggalih saben-saben tiyang ngengingi kapitadosan.

Kapitadosan minangka salah satunggaling bab ingkang tuwuh saking akal budi lumantar penggalih, dipunginakaken kangge nemtokaken perkawis-perkawis ingkang karaos saged nuwuhaken bathi utawi rugi ing mangsa utawi alam sasampunipun tiyang pejah. Gayutanipun kaliyan kapitadosan masarakat inggih menika nalika badhe nindakaken utawi nglampahi samukawis menika kedah nggatosaken petangan dinten ingkang sae. Masarakat, mliginipun among tani kedah menggalih kanthi temen, boten grusa-grusu anggenipun tumindak, kanthi niat

sedaya menika saged ngasilaken bab ingkang sae, boten malah nuwuhaken perkawis ingkang awon kepara malah nyintrakani.

Bab menika sanget dipungatosaken dening para among tani nalika badhe nindakaken sedaya *prosesi* ngrimat pantun. Kados ingkang dipunwahyakaken dening CLW 01, andharanipun kados mekaten “*Ya dina sing pas, dina sing disenengi. Dina sing cocok tur apik nduk.*” Saking andharan menika saged dipunpendhet andharan bilih kangge nindakaken wiwitan, rujakan, saha methik pari kedah mendhet dinten ingkang pas, sae, saha cocok.

Dinten Nas menika katetepaken saking dinten sedanipun kulawarga ingkang pungkasan. Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 01: “*Dijupuk geblake sak omah sing cedhak wae. Tegese keru dhewe.*” Dados saben kulawarga among tani nemtokaken dinten nas menika mendhet dinten sedanipun anggota kulawarga ingkang caket utawi ingkang pungkasan. Upaminipun sampun dipuntemtokaken dinten Jemuah Wage, pramila among tani boten angsal wiwitan, rujakan, saha methik pari nalika dinten Jemuah Wage amargi dinten Jemuah Wage menika dinten Nas.

Pramila, anggenipun nglampahi *prosesi-prosesi* menika dipuntindakaken kanthi *individual* boten sesarengan, amargi dinten nas saben kulawarga menika beda-beda. Miturut kapitadosan masarakat ing Kedungsono, menawi nindakaken utawi nglampahi samubarang perkawis menika ngepasi dinten nas, ing tembe badhe nuwuhaken perkawis ingkang boten sae. Upaminipun menawi wiwitan boten ngetang dinten namung waton kemawon, lajeng ngepasi dinten nas, pantun menika

samangke tuwuhipun boten kaleresan. Awonipun pantun ugi warni-warni, saged awujud boten lemu, dipunkerek ama, ugi asil panenipun sekedhik. Tuladha sanesipun, menawi tindakan utawi kesahan nalika dinten nas menika ugi saged nuwuhaken perkawis-perkawis awon, wiwit mlampahipun dumugi wonten ing papan kang tumuju, saged nuwuhaken bab-bab ingkang boten dipunkajengaken, kadosta gerah, boten krasan lan sapanunggalanipun.

Pramila saking perkawis menika, saged dipunpendhet nilai budaya bilih tiyang nalika badhe nindakaken samubarang perkawis kedah ngatos-atos ugi kedah tansah eling lan waspada. Sedaya kedah dipunpenggalih kanthi temen, dipunetang-etang kanthi premati, boten usah grusa-grusu, supados menapa ingkang dipunkajengaken saged kasembadan. Kejawi menika ugi saged slamet tuwin raharja ing lampah agesangipun.

c. Ibu Bumi

Satuan leksikon ibu bumi kalebet jinis frasa ingkang kadhapuk saking kalih tembung ibu saha tembung bumi. Menawi dipuntingali saking kamus ibu ngagdhahi teges embok (Poerwadarminta, 1939:167), ewadene bumi inggih menika kn: djagat (kb. langit); lemah, palemahan (Poerwadarminta, 1939:53).

Ibu bumi inggih menika satuan lingual ingkang kawontenanipun sami kaliyan leksikon Bapa Kuwasa ingkang dipunsebut nalika para among tani menika masrahaken ubarampe wonten ing tradhisi wiwitan, rujakan, saha metik pari. Ibu bumi minangka jejangkepanipun Bapa Kuwasa. Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun ibu menika ibunipun njagat utawi siti. Bab menika jumbuh kaliyan makna kultural ingkang ngrembaka wonten ing masarakat Desa Kedungsono inggih

menika ibu Bumi minangka jat ingkang nggadhahi bumi utawi siti sabin ingkang badhe dipundadosaken papan kangge nanem bahan dhaharan dening para tani.

Ibu Bumi dipunanggep dening masarakat mliginipun among tani minangka ibu pertiwinipun palemahan. Ibu Bumi dipinpitadosi minangka Dewi Alam ingkang nguwasani jagat ing alam donya menika. Pertiwi wonten ing basa Sansekerta : pthivi utawi pthivi inggih menika Dewi wonten ing kapitadosanipun Agami Hindu.

Dipunmangertosi bilih kapitadosanipun masarakat ing tanah Jawi sakderengipun agami islam mlebet *sistem* kapitadosnaipun menika Hindu-Budha. Wonten ing ajaran Hindhu dipungatosaken sanget anggenipun ngormati saha mundhi-mundi dhateng alam jagat raya menika. Anggenipun mundhi-mundhi dhateng alam saha jat ingkang ngatur remasuk dhateng masarakat wonten ing padesan mliginipun para tani. Bab menika katingal saking wujudipun para tani ngawontenaken tradhisi ingkang katujokaken kangge ngormati alam.

Kados menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 05 ingkang ngadnharaken kados mekaten :

“Nek secara pribadi ya, sebenarnya peradaban adanya suatu wiwitan itu sebelum adanya agama islam di tanah jawa. adanya peradaban hindhu budha. Peradaban Hindhu Budha itu sering menggunakan sesaji-sesaji,....”

Salajengipun duginipun Agami Islam ingkang dipunsebaraken dening para wali boten lajeng ngicalaken tradhisi ingkang sampun lumampah wonten ing tlatah Jawi. Ananging ajaran-ajaran Agami Islam dipunlebetaken pramila kekalihipun saged lumampah kanthi sesarengan kanthi boten uwal saking syariat Islam. Bab

menika ugi jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening CWL 05 ing ngadnhap menika :

CLW : "...tetapi notabanenya tetap yang dipuji atau yang disembah itu adalah Yang Maha Kuasa. Cuman istilahnya saja yang berbeda-beda ada yang Sang Hyang Widhi dan lain sebagainya istilahnya. Terus dengan masuknya ajaran agama islam ke tanah jawa itu diwaktu para wali masih dilakukan. Kita memang tidak melihat secara langsung tapi hanya menurut sejarah saja ya, oleh para wali semua itu tidak langsung dihilangkan. Tetap diadakan namun memasukan rohnya kepada syariat agama. Nah itu tidak mudah, semacam proses butuh waktu. Nek menurut pemahaman saya itu permintaan itu tidak salah ikrar, tidak salah ucap, tidak salah niat...."

Dening masarakat Kedungsono Ibu Bumi dipunpitadosi sesarengan kaliyan Bapa Kuwasa jat ingkang njagi tanemanipun wonten ing sabin wiwit dipuntanem wonten ing saben dimugi samangke wancinipun panen lajeng dipunboyong dhateng gedhong peteng. Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 01 *ingkang kados mekaten "Ibu bumi karo Bapa Kuasa kuwi sing jaga rino lan wengi."* Awit saking menika Ibu Bumi dipuncawisaken ubarampe saha dipunsebut menawi nalika masrahaken taneman wonten ing sabin.

Adhedhasar saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih satuan lingual Ibu Bumi kalebet konteks budaya ide/ gagasan ingkang sesambetanipun kaliyan kapitadosan. Kapitadosanipun ketingal bilih masarakat pitados ing alam jagat menika wonten ingkang nguwasani saha nggadhahi inggih menika Ibu Bumi. Kawontenanipun Ibu Bumi saha jangkepanipun wonten Bapa Kuwasa maringaken gambaran wonten ing angen-angen masarakat bilih kekalihipun jat ingkang gadhah kadunungan saha kuawasa ingkang sami njangkepi kekiranganipun.

Kita minangka putra wayahipun minangka tiyang enem ingkang badhe nglajengaken penerusipun kedah nggadhahi raos bombong saged ngormati awit para leluhur menika saged paringaken gagasan ingkang menika. Bumi minangka papan panggenan kita menika gesang, papan panggenan kangge pados sandang pangan. Sampun dados kuwajibanipun kita saged ngormati bumi menika.

Saking kapitadosanipun masarakat Kednugsono saged dipuntingali nilai budayanipun warga sesambetanipun kaliyan alam. Alam sampun paring mupangat dhateng gesangipun warga massarakat, pramila piyambakipun mundhi-mundhi kanthi ngrimat alam kanthi saestu. Ibu Bumi sampun kersa njagi tanemanipun para tani pramila para tani gentosan paring upah dhateng piyambakipun. Supados sesambetanipun antawisipun manungsa kaliyan alam menika tansah selaras.

Nilai budaya ingkang saged kapendhet saking satuan Ibu Bumi menika paring pepeling dhumateng kita sedaya supados kersa njagi bumi menika. Siti, taneman, kewan, toya lan sapanunggalanipun menika boten pareng dipunrisak. Nalika dipunrisak Ibu Bumi menika samangke ugi badhe duka. Dukanipun saged awujud wontenipun bencana ingkang samangke manungsa ugi ingkang badhe rugi. Kanthi njagi larasipun alam donya menika, manungsa ugi saged gesang kanthi ayom ayem tentrem cekap kabetahanipun ing alam donya menika.

d. Cukupa ngarep

Satuan lingual ingkang kalebet aktivitasipun para kadang tani inggih menika cukupa ngarep. Satuan lingual cukupa ngarep menika asring dipunngendikakaken nalika badhe nindakaken gabah asilipun para kadang tani. gabah ingkang sampun

dipunbeta saking sabin tumuju wonten ing griyo samangke badhe dipuncakaken dening para kaum wanita. Cukupa ngarep kadhapuk saking kalih tembung inggih menika tembung lingga cukup pikantuk panambang –an saha arep pikantuk ater-ater N-.

Adhedhasar istilah wonten ing kamus Baoesastro Djawi satuan lingual cukup ngarep menika nggadahi makna cekapipun wonten sisih ingkang kapernah wonten ing ngadheping barang utawi tiyang. Makna kultural ing ngrembaka wonten ing Desa Kedungsono cupuka ngarep nggadahi makna saged cekap menawi dipunladekaken wonten ing ngajeng.

Tembung “Ngarep” tegesipun sisihipun papan ing saperangan dalem wonten ing paling ngajeng piyambak. Kejawi menika

“ngajeng” minangka papan ingkang paling ketingal dipunpirsani dening tiyang sanes, papan ingkang asring dipunginakaken kangge pepanggihan kaliyan kulawarganipun menapa dene tiyang sanes. Kejawi menika papan ingkang ngajeng menika papan ingkang asring dipunjamah dening tiyang kangge nindakaken sedaya *aktivitas* saben dintenipun. Satuan lingual cukup ngarep negesaken bilih gabah asilipun panen para among tani sageda dipuncakaken wonten ing ngajeng kanthi cekap. Katerangan menika adhedhasar andharan saking *informan* CLW 02 kados mekaten : “*Sedheng ngarepan kene*” ngarepan menika tiyang ingkang dipunmaksud inggih menika saged dipunladekaken sakulwarganipun kangge nyekapi kabetahan dhahar saben dintenipun. Kejawi menika saged hasilipun panen saking sabin saged dipunladekaken dhateng sanak kadangipun. Kados menapa

ingkang dipunandharaken dening kados menika CLW 06 “*Cukup diladekne saben dinane,...*”.

Satuan lingual cukup ngarep kalebet konteks budaya *ide utawi gagasan*, bab menika katingal saking masarakat anggenipun nggalih cara nindakaken saha ngecakaken kados pundi hasilipun panen saged cekap. Nilai budaya ingkang saged dipunpendhet saking satuan lingual menika nggambaraken sesambetanipun manungs kaliyan tiyang sanesipun.

Sinaosa hasilipun panen menika kangge nyekapi kabetahan sakulawarga ananging taksih ugi nggatosaken sanak kadangipun. Sampun dados adatipun masarakat ingkang gesang wonten ing Kedungsono menawi wonten tangga tepalihipun langkung-langkung taksih kulawarganipun menawi nggadhahi damel menapa dene nembe nandang sisah para among tani skedhik maringaken hasil bumipun kangge mbiyantu.

Saking menapa ingkang dipuntindakakaken dening masarakat Desa Kedungsono maringi gambaran dhateng kita ngengingi tali asih antiwisipun sesaminipun tiyang. Tumindak ingkang sae ingkang saged paring patuladhan kange peparing kangge mbiyantu sanesipun. Sekethik menapa kathah ingkang dipunparingaken saha jinis menapa ingkang dipunparingaken boten dados ukuran kangge *sedekah* kangge tiyang sanes. Malah kepara wonten ugi masarakat ingkang nggadhahi prinsip menapa ingkang piyambakipun dhahar tiyang sanes ugi saged ngraosaken menpa ingkang dipundhahar. Masarakat wonten ing pitados bilih mbagi

rejeki ingkang sampun dipunpikantuki saking Gusti Allah badhe mbeta berkah piyambak wonten gesangipun among tani.

e. Turaha buri

Satuan lingual salajengipun inggih menika turaha buri, kadhapuk saking tembung lingga turah ingkang nggadhahi teges n. tirah k: ana loewihe, ora koerang (Poerwadarminta, 1939: 616). Pikantuk panambang –a mujudaken kekajengan dening tiyang ingkang ngucapaken. Ewadene buri adhedhasara pamanggaihipun Poerwadarminta (1939: 54) nggadhahi teges n. wingking k : sisih oet. ener sing dioengkoerake.

Satuan lingual “turaha buri” menika minangka candhahipun saking satuan lingual “cukup ngarep” ananging nggadahi nilai konteks budaya ingkang beda. Menawi dipuntingali saking makna lesikalipun turaha buri minangka kekajengan wonten tirahipun utawi boten kirangipun papan ingkang sisihipun dipunungkuraken inggih menika wingking.

Satuan lingual menika asring dipunsebut sesarengan kaliyan seatun lingual cukup ngarep dening para kadang tani. Makna kultural ingkang ngrembaka wonten ing tengahing masarakat Desa Kedungsono “turaha buri” minangka kekajengan supados gabahipun saged turah lajeng saged dipunsimpen wonten ing wingking. Kados menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 02 ingkang kados mekaten “... bisa turah dikokne mburi kana.”

Wingking minangka papan ingkang sisihipun dipunungkuraken wonten ing dalem nggadahi *filosofi* piyambak kagem masarakat ing Desa Kedungsono

mliginipun para kadang tani. Wingking inggih menika papan ingkang primpen boten asring kejamah dening tiyang sanes. Papan ingkang ketutup boten ketingal dening tiyang sanes. Ugi papan ingkang boten asring dipunginakaken kangge *aktivitas* ingkang sipatipun umum. Awit saking menika minangka papan kangge nyimpen gabah ingkang turah, turahipun gabah ingkang sampun diladekaken dhateng kulawarganipun saha sanak kadangipun.

Saking menapa ingkang dipunandharaken ing nginggil satuan lingual “turaha buri” saged dipuntingali konteks budayanipun warga masarakat Desa Kedungsono saged kagolong *ide* utawi pangangen-angen ngengingi *aktivitas* ekonomi ingkang **menerapkan** sistem nabung. Para ibu wonten ing dalem kedah prigel kados pundi ngatur anggenipun ngecakaken butuh saben dintenipun, ugi prigel milah milih kabetahan supados saged nggadhahi turahan ingkang samangke saged dipuncelengi.

Andharan menika adhedhasar pamanggihipun saking CLW 06 bilih turahipun gabah menika dipunsimpen kangge celengan wonten ing wingking ing kados mekaten “...*turah disimpen kanggo celengan nek buri ngono Mbak.*” Saking menapa ingkang dipunngendikakaken dening CLW 06 menika wingking boten namung nggadhahi teges papan ingkang dipunungkuraken kangge nyimpen turahan gabah, ananging ugi nggadhahi makna sanes. Makna sanesipun inggih menika wekdal ing tembe burinipun. Dados celengan menika samangke saged dipunginakaken menawi samangke samangsa-mangsa wonten kabetahan ingkang ndadak.

Nilai budaya ingkang saged dipunpendhet saking satuan lingual turaha buri menika bilih kita kedah prigel anggenipun ngecakaken kabatehan saben dintenipun saha saged nggadhahi celengan kangge wekdal salajengipun. Kedadosan wonten ing aalm donya menika boten wonten ingkang mangertosi. Sedaya menika namung kersanipun Gusti Allah pramila manungsa ingkang gesang ing alam donya kedah ngatos-atos mbok menawi samangke wonten kedadosan ingkang ingkang dadakan sampun gadhah celengan.

Menapa malih ing jaman sakmenika majenging jaman ugi damel kahananipun alam menika boten saged dipunkinten-kinten kados jaman rumiyin. Majenging jaman ugi damel alam menika langsung risak dening tumindakipun manungsa ingkang boten nggadhahi tanggung jawab. Menapa malih para tani menawi namung njagakaken jawah kangge nanem pantun, *sistem nabung* kedah dipuntindakaken kanthi temen amargi alam ing samenika boten tamtu kahananipun. Dados panen ingkang saged dipunjagakaken namung ingkang panen sepisan, ingkang kapindo boten saged dipunjagakaken. Pramila kanthi nggadhahi celengan gabah masarakat sampun ayem amargi kabetahanipun dhahar sampun cekap.

4. *Aktivitas*

a. *Wiwitan*

Wiwitan asalipun saking tembung wiwit lajeng pikantuk panambang (-an). Wiwit tegesipun kang dhisik dhewe (pepoetjoek), lekas (ngajahi) toemindak (Poerwadarminta, 1939:666), lajeng pikantuk panambang (-an) menika dadosaken tembung aran. Dipuntingali saking aspek pemaknaanipun satuan lingual wiwitan minangka salah satunggaling tradhisi ingkang dipuntindakaken dening para tani

kangge nglekasi nanem pantun wonten ing sabin. Salajengipun makna kulturalipun inggih menika dipuntindakaken kangge mundhi-mundhi dening Mbok Sri utawi ingkang sering dipunsebut kaliyan Dewi Sri saha Semara Bumi inggih menika *Sang Pemilik Bumi*. Warga Desa mliginipun among tani gadhah kapitadosan bilih siti utawi bumi menika wonten ingkang nggadhahi. Pramila saderengipun nanem pantun menika piyambakipun “njawab” utawi “nembung” rumiyin.

Saking *aspek pemaknaanipun* konteks budaya satuan lingual inggih menika *aktivitas* ketingal saking bilih wiwitan menika salah satunggaling adatipun among tani wonten ing Desa Kedungsono nindakaken wiwit nanem pantun. Wiwitan dipuntindakaken minangka gambaran dedonga rumiyin sakderengipun nindakaken salah satunggaling perkawis. Warga Desa Kedungsono anggenipun nindakaken tradhisi wiwitan boten dipuntindakaken sareng-sareng lajeng dipunpimpim salah setunggal warga ingkang dipunanggep pamengku adat kados upacara slametan utawi upacara-upacara sanesipun. Ananging para among tani wonten Desa Kedungsono menika anggenipun nindakaken tradhisi wiwitan dipunleksanakaken kanthi piyambak-piyambak utawi kanthi *individual*.

Dipuntindakaken kados mekaten amargi saben kulawarga tani utawi *kepala keluarga* gadhah dinten ingkang dipunanggep “nas” piyambak-piyambak. Dinten “nas” inggih menika dinten ingkang dipunanggep boten sae utawi dinten pantangan tumrap setunggal kulawarga menawi badhe nindakaken bab-bab tartamtu. Bab-bab tartamtu ingkang boten dipunpikantukaken nalika dinten “nas” miturut kapitadosan warga masarakat Desa Kedungsono kadosta: boten angsal tindak perantauan, boten angsal nindakaken panen, wiwitan, gadhah damel, lan sapanunggalanipun. Pramila

saking mekaten dinten anggenipun tradhisi wiwitan kedah dinten ingkang dipunanggep sae supados menapa ingkang dipunkajengaken ugi saged sae.

Saderengipun tradhisi wiwitan dipunleksanakaken, among tani menika kedah nyamaptakaken ubarampe ingkang kangge sarat wiwit menika. Ubarampe ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika kados thakir ingkang wosipun brambang, bawang, gendhis jawi, klapa, kunir, kacang tholo, sarem, sekar mlathi, beras, saha lombok. Sanesipun ingkang kedah dipunsamamptaken inggih wonten bung, laos, lumbu, sekar boreh, jarak, saha sekar pantun.

Ubarampe kalawau saperangan saged dipunpadosi wonten kebon utawi ing pategilan, ananging wonten ugi ingkang kedah mundhut wonten ing peken. Kados ubarampe kangge isi thakir kalawau saged dipunpendhet wonten ing pawon. Bung, ron laos, lumbu saged dipunpaanggihi wonten ing kebon utawi siti pategilan warga masarakat Desa Kedungsono. Sekar pantun saged dipundamel piyambak. Bahanipun sekar pantun inggih menika sekul sakpulukan, sarem, bawang putih, bawang merah, jahe, gendhis jawi, saha parutan klapa lajeng dipunremet-remet dipunwadhahi wonten ing rantang. Ewadene sekar boreh menika kedah mundhut wonten ing pasar. Dados wanci enjing saderengipun tradhisi wiwitan dipuntindakaken, sedaya ubarampe kala wau kedah dipunsamaptakaken rumiyin. Menawi sedaya ubarampe sampun samapta lajeng among tani tindak dhateng sabinipun piyambak, ngasta ubarampe utawi sajen kangge nglampahi tradhisi wiwitan menika.

Salajengipun, menawi among tani sampun dugi wonten ing sabin. Ubarampe kalawau dipuntata wonten ing pojokan sabin. Inggang dipuntemtokaken minangka pojokan sabin menika boten wonten paugeran tartamtu sisih pundi ingkang badhe dipunginakaken kangge miwiti nanem pantun menika. Ing wekdal panaliten menika keleresan sabinipun Mbah Minten nindakaken tradhisi wiwitan pantun manggen wonten pojokan sisih wetan ler (*timur laut*).

Dipunpapanaken wonten ing sisih wetan ler amargi biasanipun Mbah Minten saha among tani sakiwa tengenipun anggenipun miwiti nanem pantun saking sisih wetan mandhekipun ngaler. Sisih wetan dipunpilih amargi caket kaliyan margi. Anggenipun nata wit bung, laos, lumbu, saha jarak kalawau dipuntancepaken wonten siti sabin. Lajeng menawi sekar boreh, sekar pantun, saha thakir ingkang wosipun brambang, bawang, gendhis jawi, klapa, kunir, kacang tholo, sarem, sekar mlathi, beras, saha lombok dipunselehne kemawon wonten caketipun. Boten kesupen among tani ugi ngasta pantun ingkang sampun dipundhaud saking pinihan kangge miwiti pantun menika dipuntanem.

Sasampunipun ubarampe sampun tumata lajeng dipuntindakaken upacara tradhisi, inggih menika tradhisi wiwitan. Tradhisi ingkang gamabaraken bilih among tani badhe nindakaken nanem pantun ing sabin mriku. Pramila dipunwiwiti utawi dipunlekasi kanthi “nembung” dhateng bumi utawi siti ingkang dipuntanemi pantun menika saha dhateng Mbok Sri ingkang dipunanggep Dewi Pantun dening masarakat Desa Kedungsono mliginipun para tani. Anggenipun ngayahi tradhisi wiwitan menika Mbah Minten minangka *pelaku* upacara tradhisi, lenggah ndhodhok kaliyan ngucap mantra. Istilah mantra boten radi ngrembaka wonten

masarakat Desa Kedungsono ananging piyambakipun langkung nyebut menika kanthi istilah “jawab”. Anggenipun jawab kados mekaten:

*“Bismiillahirrohmanirrohim,
semara bumi,
ibu bumi bapa kuasa,
aku nitipake wiji pari ning kene,
sageda ijo royo-royo kaya godhong dlingo,
supayane dadi pari.”*

Sabibaripun “njawab” menika kaaturaken lajeng among tani jumeneng. Pantun ingkang dipungegem kalawau lajeng dipuntanem kinten-kinten 10 ceblokan. Saking pantun ingkang dipuntanem menika kalawau sampun nerangaken bilih nanem pantun sampun dipunwiwiti. Salajengipun Mbah Minten kaliyan para buruh tani sesarengan saged miwiti nanem pantun ing sabin menika.

b. Rujakan

Rujakan Rujak = kn: omben-omben oet. Panganan sing digawe woh-wohan mentah lsp (Poerwadarminta, 1939: 631). Satuan lingual rujakan kalebet jinis tembung polimorfemis amargi dipuntingali saking *perwujudanipun* saking tembung lingga pikantuk panambang –an. Makna leksikal saking satuan lingual rujakan inggih menika tradhisi ingkang dipuntindakaken nalika pantun sampun wancinipun mbledug. Salajengipun makan kulturalipun kangge ngormati Mbok Sri ingkan nembe ngewrat.

Tradhisi ngrimat pantun sabibaripun *prosesi* wiwitan dipunlajengaken *prosesi* ingkang angka kalih inggih menika *prosesi* upacara rujakan. Pantun ingkang mbledug menika kinten-kinten umuripun udakara 2 wulan. Pantun ingkang mbledug menika katitik kanthi tuwuhipun bakal gabah wonten ing pucuk-pucuk

damen, saged ugi dipunsebut taneman pantun menika sampun medalaken bakal gabah saking damenipun (*malai*). Pramila saking andharan ing nginggil satuan lingual rujukan konteks budayanipun kalebet *aktivitas*.

Menawi sampun dumugi wanci pantun mbledug, para among tani nganggep bilih Mbok Sri utawi Dewi Sri menika nembe ngawrat. Biasanipun tiyang ngrawat menika ngraosaken menapa ingkang dipunsebut nyidam. Bab mekaten ugi ingkang dipunpenggalih dening among tani tumrap Mbok Sri. Masarakat pitados Mbok Sri nembe ngewrat pantun, dados piyambakipun tamtu ngraosaken nyidam, dados ngersakaken dhaharan ingkang seger-seger. Pramila saking menika, para among tani ngawontenaken tradhisi rujakan, inggih menika damel rujak ingkang dipuncaosaken wonten ing sabin. Ancasipun tradhisi rujakan kalawau minangka raos bingahipun para among tani amargi pantunipun sampun ketingal gabahipun. Pramila dipunsukani rujak kangge nyukani Mbok Sri ingkang nembe nyidam. Kejawi menika masarakat nggadahi ancas supados bakal gabah kalawau saged ngasilaken gabah ingkang lemu saha aos wosipun gabah mentes.

Sakderengipun tradhisi rujakan kalawau dipunlampahi, langkung rumiyin masarakat kedah nyamaptakaken ubarambe woh-wohan ingkang dipunbetahaken damel rujak menika. anggenipun damel rujak boten wonten sabin ananging wonten dalemipun among tani sowang-sowang. Kaleresan *observasi* damel rujak menika wonten ing dalemipun Mbah Minten pramila panaliti ngandharaken ubarampe ingkang dipunsamaptakaken dening Mbah Minten.

Woh-wohan ingkang kedah dipunsamaptaken antawisipun pala kependhem saha pala gumandhul kadosta; laos, benting, mlandhing ingkang taksih enem, tela,

besusu, jambu kluthuk, saha dondong. Sedaya woh-wohan kalawau taksih mentah boten wonten ingkang mateng. Lajeng kangge damel bumbunipun rujak ingkang dipunbetahaken inggih menika lombok rawit, sarem, gendhis jawi, saha kunir. Sedaya umbarampe kangge tradhisi rujakan kalawau saged dipundhut wonten pasar. Malah kepara menawi sampun gadhah taneman piyambak boten perlu mundhut wonten peken. Boten kesupen piranti kangge ndheplok rujak kalawau inggih menika lumpang saking sela ingkang alit saha alu.

Sasampunipun sedaya piranti saha ubarampenipun sampun samapta. Woh-wohan kalawau dipunonceki lajeng dipunkumbah ngangem toya ingkang resik. Sepisan lamtoro ingkang taksih enem dipunpethili lajeng gagangipun kangge ngusap-usap lumpangipun. Lumpangipun dipunusap-usap supados rujakipun samangke asilipun nalika dipundheplok boten mambet lumpang. Salajengipun bumbu rujak ingkang sampun samapta kalawau inggih menika lombok rawit, sarem, gendhis jawi, saha kunir dipundheplok wonten lumpang sela. Menawi bumbunipun sampun lembut lajeng woh-wohan kadosta laos, benting, mlandhing ingkang taksih enem, tela, besusu, jambu kluthuk, saha dondong dipunlebetaken setunggal mboka setunggal sinambi dipundheplok.

Sasampunipun damel rujak sampun rampung, rujak kalawau lajeng dipunbungkus ngangge ron pisang lajeng dipunbekta dhateng sabinipun among tani. Warga masarakat Desa Kedungsono mliginipun among tani anggenipun bungkus rujak kalawau dipundadosaken sekawan. Saben bungkusipun samangke badhe dipuncaosaken wonten ing pojokan-pojokaning sabin. Damelipun sekawan bungkus amargi wujud sawahipun para among tani ing Desa Kedungsono menika

kothak. Pramila kajalaran saking wujud kothak kalawau, pramila sawahipun nggadahi pojokan ingkang cacahipun sekawan.

Anggenipun nyaosaken rujak sami kaliyan nalika wiwitan, boten wonten paugeran tartamtu papan pundi ingkang kedah dipunrumiyini. Biasanipun among tani Desa Kedungsono anggenipun nyaosaken sepindhah ingkang caket kaliyan margi. Sabibaripun dipunlajengaken kanthi runtut, angubengi sabin kanthi setunggal arah kaliyan puteranipun jam. Kados ingkang dipuntindakaken Mbah Minten nalika nindakaken tradhisi rujakan. Inggih sepisan dipuncaosi inggih menika pojokan sabin sisih wetan kidul (*tenggara*). Lajeng mlampah ngilen nyaosaken rujak malih wonten sisih kidul kilen (*barat daya*). Salajengipun mlampah ngaler kangge nyaosi rujak wonten ing sisih kilen ler (*barat laut*). Inggih pungkasan inggih menika nyaosaken rujak wonten sisih ler wetan (*timur laut*).

Among tani ing Desa Kedungsono anggenipun nyaosaken rujak saben pojokan kalawau ugi sinambi “jawab” utawi nyebutaken mantra ingkang kados mekaten :

*“Bismillahirrohmanirrohim
Mbok Sri,
Iki wis wancine nyidham-idhamane.
Wis wancine dandan pari.
Iki lho tak gawekne rujak seger
Supaya seger anggonmu nyidam.”*

Mantra kasebut dipunrapal nalika nyaosaken bungkusane rujak saben ing pojokan sabin, dados anggenipun “jawab” ugi kaping sekawan. Mantra menika minangka wujud anggenipun pasrah, ngaturaken rujak dhateng Mbok Sri saking para among tani.

c. Methik pari

Satuan lingual methik kalebet jinis frasa ingkang kadhapuk saking kalih tembung inggih menika tembuk lingga pethik ingkang pikantuk ater-ater N-(m) saha tembung lingga pari. Tembung Pethik nggadhahi teges ngondhoeh woh (Poerwadarminta, 1939: 314). Ewadene pari dipuntegesi pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472). Makna leksikal saking satuan lingual metik pari inggih menika menika tradhisi ngrimat pantun ingkang pungkasan. Menawi dipuntingali saking makna kultural ingkang ngrembaka wonten ing Kedungsono methik pari dipuntindakaken kanggen ngunjaken raos sukur saha matur nuwun awit panen pantunipun.

Tradhisi methik pari minangka tradhisi ngrimat pantun nalika pantun sampun wancinipun pantun badhe dipunpanen. Primala methik pari konteks budayanipun kalebet wonten ing *aktivitas*. Wujudipun tradhisi methik pari menika nyaosi sekul liwet saubarampenipun, katujokaken dhateng Mbok Sri utawi Dewi Sri. Kapitadosanipun warga masarakat Desa Kedungsono anggenipun nindakaken upacara kalawau minangka wujud raos sukur saha panuwun dhumateng Maha Kawasa amargi sampun dipunparingi panen ingkang arupi pantun ingkang sae. Kejawi menika, among tani ugi pitados bilih asiling panen menika boten uwal saking pambiyantunipun mbok Sri ingkang sampun njagi pantun menika dumugi wanci panen.

Tradhisi methik pari saged dipuntegesi bilih tradhisi menika dipunlampahi kangge hamboyong Mbok Sri saking sabin dhateng dalemipun para among tani. Biasanipun dipuntindakaken sakderengipun among tani panen. Dinten ingkang dipunpilih menika ugi sami kados nalika nindakaken *prosesi* wiwitan, inggih

menika kedah nggatosaken dinten nas saben kulawarga among tani. Umumipun nas menika anggenipan nemtokaken dipunpasaken kaliyan pasaran dinten jawi. Nindakaken tradhisi ingkang mujudaken raos sukur menika kedah nggatosaken dinten ingkang sae supados hajat utawi kekajengan ingkang dipunkajengaken saged kasembadan.

Masyarakat Desa Kedungsono mliginipun among tani nindakaken tradhisi metik pari kalawau boten sareng-sareng kaliyan tani sanesipun. Tradhisi methik pari menika dipunlampahi gumantung wanci panenipun piyambak-piyambak. Dipuntindakaken kados mekaten amargi umur panen pantunipun saben-saben tani menika antawisipun tani setunggal kaliyan sanesipun beda.

Sakderengipun tradhisi wiwitan dipuntindakaken, among tani menika nyamaptakaken rumiyin ubarampe ingkang kangge sarat wiwit menika. Ubarampe ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika sekul liwet, sekul penak, gerih pethek, godhong turi saha godhong bentis, parutan kunir, lintingan katul, lawuhan, tigan, sekar boreh. Beda nalika nindakaken rujakan ingkang woh-wohan ingkang dipunginakaken menika sarwa mentah, wonten *prosesi* methik pari sekul liwet sakubarampenipun menika kedah dipunmasak langkung rumiyin kajawi sekar boreh. Anggenipun masak wonten ingkang dipunliwet, dipungodhog ugi wonten ingkang dipunsangrai.

Sasampunipun sedaya ubarampe menika samapta, enjing saderengipun *prosesi* tradhisi methik pari katindakaken langkung rumiyin among tani ingkang badhe nindakaken methik pari masak rumiyin wonten dalemipun. Dipunwiwiti

kanthi adang sekul sinambi nggodhog ubarampe kados tigan, lintingan katul, ron turi saha bentis. Lajeng damel lawuhan kangge gandhenganipun sekul penak. Lawuhpun menika boten wonten pathokan ingkang wigati gumantung sagadhahipun para among tani. Mbah minten anggenipun damel lawuh kaleresan damel oseng tahu kaliyan bihun. Salajengipun ugi wonten ubarampe ingkang kedah dipungarang wonten ing wingko. Ubarampe ingkang dipungarang wonten wingko kadosta kacang tholo, sekul liwet, saha beras. Beras ingkang dipungangsa menika samangke dipunuleni kaliyan gendhis jawi. Boten kesupen ingkang dados *khas*-ipun inggih menika gerih pethek ingkang dipunginakaken wonten tradhisi methik pari menika. gerih pethek menika anggenipun masak ugi dipungarang wonten ing wingko.

Menawi sedaya ubarampe sampun samapta, salajengipun dipunbekta dhateng sabin. Sedaya ubarampe kalawau dipuntata wonten ing tengah kedhokan sabin. Dipuntata wonten tengah kedhokan sabin amargi supados Mbok Sri (pantun) wonten ing sisih wetan, kidul, ler, saha kilen saged kempal dados setunggal wonten ing tengah lajeng samangke badhe dipunboyong dhateng gedhong peteng. Gedhong peteng ingkang dipunsebutaken dening among tani Desa Kedungsono menika tegesipun lumbung pantun, papan ingkang ginanipun kangge nyimpen gabah.

Tradisi methik pari dipunwiwiti kanthi among tani menika ngaturaken donga utawi mantra ingkang kados mekaten :

*“Bismiillahirrohmanirrohim,
semara bumi,
ibu bumi bapa kuasa,
wis wancine amboyong nyang gedhong peteng,*

*sing ana wetan, kidul, kulon, lor
ayo tututana salakuku.”*

Sabibaripun menika Mbah Minten jumeneng lajeng methiki pari ngagem arit, menawi kala rumiyin ngendikanipun ngagem ani-ani, ananging amargi majenging jaman samenika sampun ngginakaken arit. Pantun ingkang dipunpethik nalika tradhisi menika kathahipun udakara setunggal gegem. Kanthi methik pantun menika ugi menawi sekul liwet sampun diaturaken menika mratandhani bilih panen sampun saged dipunwiwiti. Sekul liwet saubarampenipun kalawau lajeng dipunpendhet dening tiyang sanes kangge dhaharan. Biasanipun anggenipun mendhet menawi among tani ingkang nindakaken tradhisi methik pari menika sampun rampung anggenipun nindakaken *prosesi*. Pantun ingkang setunggal gegem ingkang dipunpetik kalawau boten dicampur nalika panen. Ananging pantun menika dipuntaleni lajeng dipunsimpen wonten gedhong.

d. Adhem-adheman

Menawi dipuntingali saking *aspek perwujudanipun* adhem-adheman kalebet tembung polimorfemis kanthi asalipun tembung lingga adhem. Poerwadarminta (1939: 4) ngadnahraken bilih tembung adhem nggadhahi teges asrep k: anjep, ora. Sata satuan lingual adhem-adheman makna leksikalipun inggih menika salah satunggaling ubarampe wonten tradhisi ngrimatipun pantun ingkang asalipun saking ron turi saha ron bentis. Ron turi saha ron bentis kalawau dipunlinting, dipuntaleni, lajeng dipungodhog.

Salajengipun makna kulturalipun inggih menika salah satunggaling wujud *tindakakan* arupi kirim donga dhateng arwah para leluhuripun ingkang sampun sowan marak Gusti Allah SWT. Satuan lingual adhem-adheman konteks budayabipun kalebet *aktivitas* ketingal saking pepelingipun supados putra wayahipun para leluhur kita tansah kirim donga dhateng para leluhuripun ingkang sampun ngrumiyini sowan marang ngarsanipun Gusti Allah SWT

Masyarakat Jawi mliginipun masyarakat ingkang gesang wonten tlatah Kedungsono nyawisaken adhem-adheman boten namung nalika tradhisi ngrimat pantun kemawon. Adhem-adheman ugi dipuncawisaken wonten ing upacara-upacara tradhisi *daur hidup* ing masyarakat jawi.

Biasanipun wonten upacara tradhisi *daur hidup* adhem-adheman dipuncawisaken kaliyan tumpeng, saengga dipunsebut kaliyan tumpeng adhem-adheman. Ananging wonten ing tradhisi ngrimatipun pantun menika para among tani boten nyawisaken tumpeng namung pecel adhem-adheman kemawon. Wujud adhem-adheman wonten ing salebeting upacara-upacara tradhisi nggadhahi konteks budaya ingkang saged dipundudut. Konteks budaya ingkang kapanggihaken kados ingkang dipunandharaken dening informan CLW 02 ing ngadhap menika :

CLW 02 : “Lha nek godhong turi karo godhong bentis dilinting ditali kae jenenge adhem-adheman. Nah adhem-adheman kuwi nek ngandhakne intine para luhur kaki nini udhek-udhek gantung siwur sing wis sowan pengayunan. Bisa a ayem tentrem olehe manggon ana ing alam kubur nganti dina kiamat. Terus kedawa-dawa Malaikat sing nek njero kubur bisa a pangapura pisowane pengayunan para leluhur kuwi mau. Bisa a temeplok dadi panutane.

Saking andharanipun CLW 02 ing nginggil saged dipunandharaken bilih adhem-adheman minangka srana para leluhur ingkang sampun kapundhut rumiyin marak sowan dhumateng Gusti sageda ayem tentrem anggenipun manggen wonten ing alam kubur. Konteks budaya ingkang kaandhut menika jumbuh kaliyan teges utawi makna gramatikal saking adhem ingkang dipunandharaken ing nginggil, inggih menika asrep, anyep. Dipunkajengaken para leluhur wonten ing alam kubur sageda ngraosaken raos ingkang asrep dumugi ing dinten kiamat.

Raos adhem ayem tentrem wonten ing alam kubur menika tegesipun para leluhur, para luhur, kaki nini, udhek-udhek, gantung siwur, ingkang sampun sowan dhateng ngarsanipun Gusti kang Akarya Jagad menika dipuntebihaken saking siksa wonten alam kubur. Para malaikat ingkang wonten ing kubur sageda paring pangapunten tumrap para leluhur menika. salajengipun menapa ingkang dados amal kasaenanipun ingkang sampun dipuntindakaken wonten ing alam donya sadangunipun gesang sageda dados panutan para keturunanipun.

Saking *leksikon* adhem-adheman, *konteks* budaya ingkang dipunandharaken saged paring patuladhan bilih, minangka putra wayahipun para leluhur kedah tansah emut dhateng para leluhuripun ingkang sampun ngrumiyini sowan marang ngarsanipun Gusti. Tumindak ingkang saged dipunwujudaken inggih menika kanthi kirim donga, nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Kawasa dipuntujokaken kangge para leluhur ingkang sampun seda. Perkawis menika nggadahi ancas supados wonten ing alam kuburipun saged pikantuk papan ingkang sae, dipunpangapura sedaya dosanipun, sarta dipuntampi amal kesaenanipun.

Andharan saking CLW 02 beda kaliyan andharanipun kaliyan CLW 06. Piyambakipun sarujuk ngengingi adhem-adheman minangka srana kangge pepiling dongakaken para leluhur. Ananging piyambakipun nambahi bilih wontenipun adhem-adheman ing pangrimat pantun menika nggadhahi teges kangge nuwuhaken adheming pikir sabibaripun panen. Andharan menika saged dipunmangertosi saking wawan pirembagan ingkang kados ing ngandhap menika :

CLW 06 : “ Kuwi ya bener, ananging perlu tak tambahi andhem-adheman kuwi ben pikirane adhem merga wis panen. Wis rampung anggone ngrumat pari lebar pepanasan.”

Saking wawan pirembagan kaliyan CLW 06 saged dipunmangertosi bilih adhem-adheman ingkang dipuncawisaken menika nggadhahi makna supados penggalhipun para kadang tani saged ayem sabibaripun panen pantun. Saged dipuntingali bilih anggenipun ngrumat pantun saking winih dumugi dados gabah menika boten gampang. Para among tani kedah prihatos ngolah sitinipun piyambak, dipunlajengaken damel pinihan, tandur, matun, ngrabuk supados pantunipun lemu boten gabuk, saged kesingkir saking ama menapa kemawon.

Konteks budaya sanesipun saking adhem-adheman inggih menika supados penggalhipun para tani adhem sasampunipun pepanasan ngrumat sabinipun. Adhem ayem pikiranipun sampun dipunparingi rejeki, dados boten sumelang anggenipun nyekapi kabetahan kulawarganipun.

e. Neseli ga liwet

Satuan lingual neseli ga liwet ingkang dipunmaksud inggih menika neseli sega liwet ingkang dipuntindakaken dening para among tani nalika metik pari. Satuan *ekspresi* menika kadhapuk saking tembung sesel ingkang pikantuk ater-ater

N- saha panambang –i. Tembung sesel miturut pamanggihipun Poerwadarminta (1939: 560) nggadhahi teges kn: didjedjeli, dileboni (ditlesepi) apa-apa tmr. bolongan lan sapanunggalanipun. Salajengipun ga menika wacahan saking tembung sega ingkang nggadhahi teges n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang) (Poerwadarminta, 1939: 552). Ewadene liwet menika nggodhog beras wonten ing kendhil supados dados sekul.

Sejatosipun menika prosesipun sami kaliyan satuan lingual metik pari ananging wonten masarakat ingkang nyebut menika neseli ga liwet amargi sekul liwet menika dipunseselaken wonten ing tengah-tengah taneman pantun wonten ing sabin. Dados makna leksikal saha makna kultural ingkang kaandhut ugi sami kaliyan wonten ing satuan lingual methik pari.

Anggenipun neseli sekul liwet menika gumantung kahanan sitinipun wonten ing sabin. Menawi kathah toyanipun sekul liwet menika namung dipunseselaken wonten ing pnggiripun sabin. Nalika siti sabin (kedhokan sabin) menika sampun garing amargi musimipun sampun ketiga sekul liwet menika dipunseselaken wonten ing taneman pantun ing tengah kedhokan.

Dados satuan lingual metik pari kaliyan neseli sega liwet menika nggadhahi konteks budaya ingkang sami kados menapa ingkang dipunandharaken wonten ing analisis satuan lingual metik pari. Ananging ing satuan menika langsung dipuntekanaken wonten ing istilah neseli, neseli nggambaraken *aktivitas* ingkang dipuntindakaken kanthi neselaken sekul liwet wonten ing taneman pantun.

f. Ngguwaki ga liwet

Satuan lingual neseli ga liwet ingkang dipunmaksud inggih menika neseli sega liwet ingkang dipuntindakaken dening para among tani nalika metik pari. Satuan *ekspresi* menika kadhapuk saking tembung guwak ingkang pikantuk ater-ater N- saha panambang -i. Tembung guwak miturut pamanggihipun Poerwadarminta (1939: 157) nggadhahi teges engg: diboewang. Salajengipun ga menika wacahan saking tembung sega ingkang nggadhahi teges n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang) (Poerwadarminta, 1939: 552). Ewadene liwet menika nggodhog beras wonten ing kendhil supados dados sekul.

Semanten ugi kaliyan satuan lingual ngguwaki ga liwet minangka istilah sanesipun saking metik pari. Metik pari utawi neseli ga liwet menepa dene ngguwaki ga liwet menika minangka satuan lingual ingkang nggadhahi wujud *aktivitas* ingkang sami. Ananging ingkang bedakaken namung *pembentukan* klausanipun. Pramila konteks budaya satuan lingual menika wonten ugi sami. Semanten ugi kaliyan nilai budaya ingkang saged dipunpendhet sampun kaandharaken wonten ing analisis satuan lingual metik pari.

Wonten ing mriki namung ngandharaken dhasaripun metik pari menika iugi dipunsebut kaliyan ngguwaki ga liwet. Ngguwaki ga liwet ingkang dipuntindakaken dening masarakat Kedungsono menika boten ateges sekul liwet menika dipunbucal-bucal wonten ing ing sabin. Sekul liwet sakubarampenipun ingkang sampun dipunbeta wonten ing sabin kangge prosesi metik pari menika ancasipun samangke dipuntilar wonten ing sabin. Boten dipunbeta malih dhateng dalemipun among tani.

Sekul liwet sakubarampenipun samangke dipuntilar wonten ing sabin ancasipun supados dipunpendhet dening tiyang supados dipundhahar. Miturut among tani ing jaman rumiyin menika kathah lare-lare ingkang ndherek among tani nalika nindakaken prosesi metik pari, ananging owah gingsiripun jaman sakmenika sampun arang lare ndherek kangge mendhet sekul liwet sakubarampenipun menika. Inggang mendheti menika namung tiyang-tiyang ingkang ndilalah kaleresan nembe wonten sabin. Menawi wonten kancanipun tani ketingal obong-obong wonten ing sabin, bibaripun samangke sekul liwet sakubarampenipun dipunpendhet.

Wontenipun tembung “dibuwang” wonten angen-angenipun para tani menika sekul menika sampun ikhlas dipunpasrahaken dhumateng Bapa Kuwasa saha Ibu Bumi ingkang samangke kersanipun dipundhahar tiyang sanes. Ikhlasipun para among tani dipungambaraken kados menapa bucal salah satunggaling barang ingkang sampun boten kita ginakaken, tegesipun sampun lega lila boten dipuneling-eling malih saha boten ngajengaken balen saking tiyang sanes.

Kangge mujudaken raos ikhlas ingkang saestu dening tiyang menika sisah. Saperangan tiyang mujudaken raos ikhlas ing hiri pribadhinipun menika wonten ingkang namung ing lathinipun kemawon kanthi ancas namung umuk dhateng tiyang sanes, ugi wonten ingkang ngajengaken balen awit menapa ingkang sampun dipunparingaken tiyang sanes. Pramila among tani ngguwaki ga liwet menika supados dados pepiling supados sekul liwet sakubarampenipun ingkang kangge sedekah kalawau saged maringaken dhateng tiyang sanes kanthi ikhlas lahir batosipun kados menapa dene bucal salah satunggaling barang.

Gambaran budayanipun saking masarakat ing Desa Kedungsono ingkang dipuntindakaken dening para tani menika saged maringi patuladhan dhumateng kita sedaya ngengingi sesambetanipun kaliyan Gusti Allah saha kaliyan tiyang sanes. Menawi dipuntingali wonten ing kahananipun jaman sakmenika, ngrembakanipun tekhnologi tanpa dipunsadari bilih kathah tiyang menika nindakaken salah sawijining perkawis kanthi sengaja dipuntingalaken dhateng tiyang sanes lumantar *media sosial*. Tumindak ingkang kalwau tantu kalebet salah satunggaling tumindak ingkang awon inggih menika umuk. Umukipun tiyang kanthi *upload* wonten ing *media sodial* kanthi ancas supados pikantuk *pujian* saking tiyang sanes.

Bab ingkang mekaten kedah dados pepiling dhateng kita sedaya supados nindakaken menpa kemawon menika kanthi ikhlas ingkang boten namung dipunwujudaken ing lathi saha batosipun kemawon, ananging kedah dipunwujudaken lumantar tumindakipun. Maringi salah sawijining barang utawi nulung sesami menika namung setunggal ancasipun namung dipuntujokaken kangge pados amal kesaenan. Amal kesaenan ingkang dipuntindakaken samangke minangka saged dipundadosaken sangu kangge wangsul malih kangge sangkan paraning dumadi ngarsanipun Gusti Allah.

g. Ngguwaki Kembang

Dipunpanggihi malih satuan lingual ingkang asalipun saking tembung guwak inggih menika ngguwaki kembang. Ngguwaki kembang kadhapuk saking tembung lingga dhapak saha tembung lingga kembang. Satuan *ekspresi* menika kadhapuk saking tembung guwak ingkang pikantuk ater-ater N- saha panambang –

i. Tembung guwak miturut pamanggihipun Poerwadarminta (1939: 157) nggadhahi teges engg: diboewang. Ewadene kembang dipuntegesi n. Sekar k: bebakaling woh, loemrahe mawa lembaran, soengoet sari, bakal woh, sarta endah warnane (Poerwadarminta, 1939:205).

Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun ngguwaki kembang menika mbucal sekar. Selajengipun menawi dipuntingali saking makna kulturalipun ngguwaki kembang menika salah satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening masarakat wonten ing Kedungsono kanthi bucal sekar wonten ing papan tartamtu kanthi ancas dipunginakaken kangge lantaran kirim donga menapa nyawisaken dhateng leluhuripun.

Ngguwaki kembang ingkang dipuntujokaken kangge kirim donga inggih menika nalika masarakat Kedungsono nyekar wonten ing makam. Sekar menika dipunbucal wonten ing kijing menapa dene makamipun kkanthi lantaran kirim donga dhateng arwahipun ingkang sampun seda. Menawi dipuntujokaken dhateng leluhur menika nalika nglampahi upacara-upacara tradhisi salah satunggaling upacara tradhisi ngrimat pantun ingkang dipuntindakaken dening para tani.

Satuan lingual “nguwaki kembang” menika kalebet konteks budaya *aktivitas*, bab menika ketinggal saking menapa ingkang dipunlampahi dening among tani nalika nyawisaken sekar boreh wonten ing sabin nalika nindakaken prosesi wiwitan saha metik pari. Menawi “ngguwaki kembang wonten ing makam menika dipunsebar, beda nalika wonten ing sabin. Sekar boreh boten dipunsebar ananging dipunselehaken lajeng dipuntilar sakbibaripun dipundongani.

Sekar ingkang dipunbucal wonten ing sabin menika dipuntilar amargi sampun dipunparingaken dening leluhuripun inggih menika Mbok Sri saha Bapa Kuwasa Ibu Bumi. Satuan lingual ngguwaki kembang, mratandhakaken bilih sekar ingkang sampun dipunparingaken menika dipuntilar wonten ing sabin boten angsal dipunbeta kondur malih. Bab menika nggambaraken menapa ingkang sampun dipunparingaken tiyang boten angsal dipunsuwun malih.

h. Obong-obong

Data satuan lingual obong-obong dipunpanggihaken wonten tradhisi ngrimat pantun nalika wawan pirembagan ngengingi prosesi metik pantun. Satuan lingual obong-obong kalebet *polimorfemis reduplikasi* saking tembung lingga obong. Obong nggadhahi teges kn. ak: mati njemploeng ing geni (Poerwadarminta, 1939: 449).

Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun obong tegesipun mati kecemplung wonten ing geni. Ananging menawi dipuntingali saking makna kultural ingkang tuwuh wonten ing Desa Kedungsongo, obong-obong inggih menika salah satunggaling tindakan ingkang dipuntindakaken dening masarakat ing Kedungsongo kanthi ngobong menyan kangge nalika badhe dedonga saha kangge matur dhateng leluhuripun.

Seserepan menika saged dipunmangertosi nalika nindakaken wawan pirembagan kaliyan salah satunggaling among tani minangka paraga budaya wonten ing Desa Kedungsongo inggih menika CLW 06 ingkang ngadnharaken kados

mekaten :“ *Ngobong menyan, sarana dedonga Karo Gusti Allah Mbak, ambune sing wangi lak disenengi Gusti Allah, karo bisa nyingkirake bab sing ala-ala.*”

Saking menapa ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil wonten ing tradhisi ngrimat pantun, obong-obong dipuntindakaken dening para tani nalika prosesi metik pantun. Inggih menika menapa menyan. Langkung rumiyin sedaya ubarampe ingkang dipuncawisaken dipuntata wonten ing sabin kanthi pados papan ingkang boten wonten toyanipun. Biasanipun wonten sela-sela pantun amargi menawi pantun sampun samapta kangge panen ing daerah Kedungsono kedhoaknipun sabin dipunkirangi toyanipun (dipunsat). Menapa kemawon ubarampenipun sampun dipunandharaken wonten ing analisis satuan lingual metik pari.

Nalika nindakaken obong-obong para mong tani lenggah kanthi ndhodog ingkang sekeca. Salajengipun menyan dipunobong ngginakaken rek. Menawi menyanipun sampun mempan lajeng ngasilaken kebul para among tani miwiti kanthi matur dedonga nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ugi ngaturaken salam pakurmatan dhateng para leluhuripun wonten ing sabin menika.

Para masarakat ing Kedungsono pitados bilih menyan ingkang dipunobong kala wau ngasilaken kebul. Kebulipun saking menyan **mengarah** ing nginggil. Mralambangaken lakunipun donga ingkang dipunaturaken dhumateng “nginggil” inggih menika Gusti Allah kanthi kekajengan menapa ingkang dipunaturaken saged dipunkabulaken dening Pangeranipun. Kejawi menika salam taklimipun ugi saged

dipuntampi dening para leluhuripun kanthi sarana kebulipun menyan ingkang dipunobong kalawau.

Menyan ingkang dipunobong dening among tani ngasilaken ambet ingkang wangi. Ambetipun menyan ingkang wangi dipunpitadosi kangge saged kangge nyingkiraken roh-roh ingkang awon, ingkang dipunkuwatiraken saged ngeridu lampahing upacara. Saking satuan lingual obong-obong saged dipunmangertosi kawontenan nilai budaya wonten ing Desa Kedungsono ngengingi sesambetan kaliyan Pangeranipun.

Masyarakat mliginipun among tani nggatosaken sanget barang ingkang dipunbilih kangge dipunobong. Boten sembarang barang ingkang dipunobong, ananging piyambakipun milih barang ingkang ambetipun wangi nalika dipunobong. Bab menika dipundhasari bilih menapa ingkang dipunaturaken dhumateng Pangeranipun kedah barang ingkang sae, amargi sampun dipunparingi sedaya *nikmat* gesang ingkang sae. Awit saking menika kados ingkang dipunandharaken ing nginggil obong-obong menika kanthi kebulipun minangka lampahing donga ingkang dipunaturaken, pramila masyarakat milih barang ingkang dipunobong ngasilaken kebul ingkang sae inggih menika anggadhahi ambet ingkang wangi.

Sesambetanipun kaliyan ambet, sampun dados budaya wonten ing pagesanganipun manungsa bilih bab-bab ingkang kalebet sae menika dipungambaraken kaliyan ambet ingkang wangi. Ewadene sedaya bab ingkang sipatipun awon dipungambaraken kaliyan ambet ingkang boten sae ugi kados amis,

bosok, banger, lan sapanunggalanipun. Dedonga nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Allah SWT menika kedah ngadhep kanthi sae ugi mralambangaken tumindak ingkang sae ugi pramila dipunsrnakaken ambet ingkang wangi.

i. Jawab

Satuan lingual ingkang salajengipun inggih menika jawab. Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun jawab menika wangsulan ugi saged dipuntegesi panembung. Makna sejatosipun tembung jawab menika jumbuh kaliyan kawontenan makna kultural wonten ing Desa Kedungsono. Adhedhasar menapa ingkang dipunandharaken dening informan satuan lingual jawab menika ugi nggadahi teges panembung ngengi salah satunggaling perkawis.

Wonten ing tradhisi ngrimat pantun, data satuan lingual jawab dipunpanggihaken nalika wawan pirembagan bab wiwitan, rujakan, saha metik pari. “Jawab” inggih menika minangka *aktivitas* ingkang dipuntindakaken dening salah satunggaling masarakat wonten ing Kedungsono kanthi ancas nyenyuwun salah sawijining perkawis. Para among tani anggenipun nyenyuwun saged dhateng sesaminipun manungsa ingkang ateges nyenyuwun barang gadhahanipun tiyang. Barangipun saged wujud ingkang barang ingkang mati menapa dene gesang. Kejawi menika manungsa ugi saged nyenyuwn dhumateng Pangeranipun inggih menika Gusti Allah, bab mekaten menika saged dipuntegesi dedonga dhumateng Allah SWT.

Sampun dados adatipun masarakat menawi ngersakaken salah satunggaling perkawis menika kedah wonten tembungipun. Sedaya kekajengan menawi wonten

tembungipun kaliyan ingkang nggadhahi, saged jelas maksud saha kersanipun menapa. Menawi sampun jelas ancasipun saha kekajenganipun, tiyang ingkang dipuntembung lajeng saged paring keputusan badhe maringi menapa boten. Pramila wonten satuan lingual jawab wonten satengahing *komunikasi* masarakat ing Desa Kedungsono.

Wonten ing tradhisi pantun “jawab” ingkang dipuntindakan dening among tani inggih menika nalika prosesi wiwitan, rujakan, saha metik pantun. Saben among tani nyawisaken ubarampe wonten ing sabin kangge nindakaken salah satunggaling prosesi ing tradhisi ngrimat pantun, menika kedah dipunjawab menapa kekajengan ingkang dipunkersakaken. Jawab ingkang dipuntindakan dening among tani menika kaaturaken dhumateng Pangeranipun minangka Sangg Panguwasaning alam donya menika saha ingkang paring gesang ing alam donya menika.

Jawabipun among tani nalika nindakaken prosesi ngrimat pantun menika ingkang dipunsuwun sesambetan kaliyan taneman pantunipun. Jawab ingkang dipuntindakaken minangka masrahaken ubarampe minangka sedakah bumi lajeng nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Allah SWT supados menapa ingkang dipuntanem saged tuwuh kanthi sae, boten dipunserang hama menapa kemawon, lajeng samangke saged ngasilaken panen pantun ingkang sae.

Kados menapa ingkang dipunajaraken dening agama menapa kemawon bilih menapa ingkang dipunkajengaken menika kedah nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Pangeranipun. Dados manungsa menika boten pikantuk gumedhe,

gengsi boten kersa nyenyuwun dhumateng Allah SWT. Menawi manungsa menika nggadahi kekajengan lajeng nyenyuwun kanthi matur ingkang jelas menapa panyuwunanipun dhumateng Pangeranipun kanthi temen saha tulus ikhlas, tamtu Allah, insyaAllah samangke badhe dipunjabahi.

j. Boyong Mbok Sri

Satuan lingual kalebet *aktivitas* ingkang pungkasan inggih menika mboyong Mbok Sri. Boyong Mbok Sri kadhapuk saking tembung boyong ingkang nggadahi teges kn: alihan enggon (padoenoengan, omah (Poerwadarminta, 1939: 56). Salejengipun Mbok wacahan saking tembung simbok ingkang tegesipun ptj: embok (Poerwadarminta, 1939: 563). Ewadene tembung Sri kangge seseboetan sing minoeljo (loehoer) (Poerwadarminta, 1939: 582).

Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun boyong menika nggadahhi teges alihan penggenan utawi dalem. Asiling wawan pirembagan saged dipunmangertosi bilih Mbok Sri bilih menika minangka Dewi Panguasaning pangan wonten ing alam donya menika ingkang Njelma dados pantun. Mbok Sri saged ugi dipunwastani Dewi Kesuburan ingkang paring rejeki awujud dhaharan. Saking pangertosan ingkang kados mekaten boyong Mbok Sri menika menawi dipuntingali saking makna kulturalipun inggih menika mindahaken panggenanipun Mbok Sri wonten ing dalemipun para tani.

Menawi dipuntingali saking konteks budanipun, satuan lingual boyong Mbok Sri menika kalebet wonten ing *aktivitas*ipun oara among tani. Bab menika ketinggal saking menapa ingkang dipuntindakaken dening among tani wonten ing

Desa Kedungsono. Para among tani mindahaken pantun ingkang sampun dipunpanen saking sabin dhateng gedhong peteng wonten ing dalemipun.

Kados menapa ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil bilih pantun menika hasil jelmaanipun saking Dewi Sri. Para among tani pitados pantun ingkang dipunhasilaken minangka asilipun Mbok sri ngrewat. Mbok Sri, minangka Dewi Kesuburan ingkang sampun paring rejeki awujud pantun dhateng para tani, awit saking menika para tani kedah ngrimat hasilipun panen kanthi dipunbeta wangsul wonten ing dalem.

Pamilihanipun tembung boyong miturut cariyosipun *informan* nalika wawan pirembagan ing jaman rumiyin menika pantun ingkang dipunpanen wonten ing sabin menika dereng awujud gabah kados ing jaman sakmenika. Anggenipun manen taksih ngginakaken ani-ani dados wujudipun taksih patun. Pantun ingkang dipunpanen lajeng dipuntaleni dados setunggal-setunggal ayar.

Salajengipun pantun menika dipunpikul dening among tani tumuju dhateng dalemipun. Sakderengipun dipunpikul pantun ingkang sampun wujudipun sakayar-sakayar menika lajeng dipuntaleni malih ngagem garan kayu dados setunggal angka. Setunggal angka isinipun pantun wonten enem ayar. Anggenipun mikul pantun gumantung kekiyatan dhiri pribadhinipun among tani piyambak. Wonten ingkang kiwa tengenipun kalih-kalih angka, wonten ingkang tigang-tigang angka.

Menawi sampun dugi dalemipun para among tani, pantun menika lajeng dipunmeme ngantos garing, ingkang salajengipun dipuntutu supados gabah saged

uwal saking daminipun. Ananging beda kaliyan jaman ing sakmenika, majengipun jaman sampun wonten teknologi ingkang sampun majeng. Para among tani anggenipun manen pantun sampun ngginakaken mesin kangge ngrontoki pantun dados gabah. Kantun dipunwadhhahi bagor ingkang salejengipun kantun dipunusung ngangem *truk* menapa mobil *pick up*.

Saking andharan satuan lingual boyong Mbok Sri saged dipunmangertosi konteks budayanipun ngengingi *sistem teknologi* anggenipun beta wangsul pantun saking sabin dhateng dalemipun para tani. Alihanipun panggenan pantun saking sabin ingkang jaman semanten dipunpikul sakmenika sampun majeng ngginakaken *alat transportasi*. Kejawi menika among tani ngormati sanget kawontenaipun Sang Dewi Kesuburan, inggih menika Mbok Sri. Anggenipun mundhi-mundhi dipunwujudaken kanthi saestu ngatos-atos para tani ngrimat pantun wiwit nanem dumugi panenipun.

5. Benda/ Barang

a. Pencok Bakal

Pencok bakal kalebet jinis satuan lingual frasa ingkang kadhapuk saking kalih tembung pencok saha tembung bakal. Pencok miturut Poerwadarminta (1939:484) kn: dibatjok dipantjas. Kn: aran lelawoehan; bangsa Pilis (mata). Salajengipun bakal nggadhahi teges apa-apa sing arep dianggo dandanan; tjalon, gadhangan dadi (Poerwadarminta, 1939:26).

makna leksikal pencok bakal inggih menika salah satunggaling sesaji ingkang wosipun arupi bumbon komplit dipunparingi sekar, bakal wiji, saha tigan

ingkang taksih mentah. Sedaya kalawau dipuncaosaken wadhah ingkang kawastanan thakir. Menawi dipuntingali saking makna kultural satuan lingual pencok bakal ingkang tuwuh wonten ing Desa Kedungsono paring pepeling bilih wontenipun sedaya ing alam donya menika wonten bibit utawi bakalipun.

Adhedhasar makna leksikal saha makna kultural saking satuan lingual pencok bakal konteks budayanipun kalebet benda utawi barang ingkang saged ketinggal saha ugi dipuncepeng. Pencok bakal minangka wujud saking menapa angen-aneagn saking masarakat ngengingi asal usulipun sedaya ingkang gesang ing alam donya wonten bakalipun. Kagem masarakat Jawi mliginipun masarakat ingkang gesang ing Desa Kedungsono pencok bakal sampun asring sanget dipunginakaken wonten ing upacara-upacara tradhisi kadosta upacara panggih pinanganten, kerikan, mitoni, lan sapanunggalanipun.

Pencok bakal minangka ubarampe ingkang kalebet buwangan. Dados wonten upacara-upacara tradhisi ingkang dipuntindakaken sejen menika samangke boten dipunpendhet malih kados sajen jinis dhaharan. Ubarampe pencok bakal biasanipun dipunginakaken wonten upacara-upacara ingkang memba kados wiwitan. Dipunginakaken wonten ing upacara-upacara ingkang mekaten amargi ancasipun kangge nolak bebaya supados menapa ingkang dipunkajengaken samangke saged rancag boten wonten alangan satunggal menapa.

Semanten ugi para among tani ing Desa Kedungsono nalika nindakaken tradhisi wiwitan nanem pantun ugi ngginakaken pencok bakal. Pencok bakal ingkang dipunsamaptakaken inggih menika thakir ingkang wosipun sarem, brambang, bawang, beras, kacang tholo, kunir, jahe, gendhis jawi, irisan klapa.

Wosipun pencok bakal menika sasekedhik-sekhedikipun kedah pitung warna utawi menawi jangkep sanga warna.

Sekar mlathi ingkang kados gambar menika namung kangge jangkep-jangkep kemawon, menawi boten wonten boten dados menapa. Lajeng tumrap warga masarakat Desa Kedungsono kacang tholo menika saged ugi dipungantos kacang ijo, ingkang wigati taksih arupi kacang-kacangan. Boten kesupen wonten pencok bakal menika dipuncaosi tigan. Tigan ingkang dipuncawisaken menika kedah mentah. Sasaged-sagedipun tigan saking ayam kampung, sanes ayam negri.

Pencok bakal nggadhahi pralambang utawi *falsafah* wonten gesangipun tiyang jawi, mliginipun tumrap para warga masarakat Desa Kedungsono. *Falsafah* ingkang kaandhut inggih menika kados andharan ing ngandhap menika :

CLW 04 : “Lha kuwi sing diopahi semara bumi, lemah ndhuk. Dadi lemah niku lak kuat. Lha mbok diluku dipacul dikapakne wae kuat wae. Opahe nggih niku pencok bakal niku jangkep sakisine.”

Adhedhasar andharan saking CLW 04 pencok bakal menika minangka salah satunggaling upah ingkang dpunaturaken kangge Semara Bumi. Awit bumi utawi siti menika nggadhahi sipat ingkang kiyat. Dipunpacula, dipunlukua, dipunolah kados menapa kemawon tetep kiyat dados dipunopahi kanthi pencok bakal kalawau.

Tigan ingkang dipuncaosaken kalawau minangka kangge jampi siti menika. Pramila menawi tigan ingkang dipuncaosaken sae, khasiatipun ugi bakal sae. Miturut cariyosipun bilih tigan ingkang wonten pencok bakal menika dipunpendhet lare-lare lajeng dipunbikak kuninganipun sampun boten wonten. Wos tigan ingkang warni jene wonten ing tigan menika biasanipun kangge jamu kasarasan. Bab

menika ingkang njalari bilih siti utawi semara bumi menika kedah dipunparingi jampi supados panen ingkang dipunasilaken menika ugi sae. Kados andharanipun CLW 04 ing ngandhap menika :

CLW 04 : “Tigan niku lak isine kuning kaliyan putih lha menika kangge opah semara bumi. Mula menika nek endog e isih sae kashiate ugi sae. Hasilipun tanduran menika ugi bakal sae. Kuninganipun sok telas dipunsedhot semara bumi kangge jamu menika.”

Beda kaliyan ingkang dipunngendikakaken dening CLW 06, pencok bakal menika nggadahi werdi minangka pralambang cikal bakal menapa kemawon ingkang gesang ing alam donya menika, pramila wosipun menika sarwa bakal. Bab menapa kemawon ingkang wonten ing alam donya menika kawontenanipun dipunwiwiti kanthi wontenipun bakal utawi wiji. Bakal wiji menika samangke saged tuwuh lajeng gesang, andharanipun kados mekaten :

CLW 06 : “Ya jenenge pencok bakal Mbak, mralambangake bakale bab sing urip ing donya iki dadi asale saka bakal wiji kabeh. Bakal tanduran ya ngono tegese....”

Brambang kaliyan bawang menika mralambangaken bilih manungsa menika asalipun saking warni abrit saha pethak, tegesipun tiyang menika cikal bakalipun saking bapa lan ibu. Abrit minangka rehipun saking ibu, ewadene pethak menika saking manipun bapak. Kekalhipun kalawau lajeng dados bakal utawi *embrio* ingkang mapan wonten ing gua garbanipun sang ibu. Cikal bakalipun manungsa wonten gua garbanipun ibu kagambaraken lumantar tigan wonten ing salebeting pencok bakal menika.

Kulit tigan menika, ingkang asring dipunsebut *cangkang* minangka wadah ingkang ginanipun njagi bakal menika saking maneka warnaning bebaya. Semanten

ugi gwa garbanipun ibu minangka wadhah utawi papan kangge cikal bakal menika gesang dados jabang bayi ingkang sarwa komplit perangan badanipun. Lajeng menawi sampun dumugi ing titi wancinipun, si jabang bayi menika miyos wonten ing alam donya kanthi pangestunipun Gusti Inggang Maha Kuasa.

Cikal bakalipun taneman, dipungambaraken mawi taneman ingkang asalipun saking wiji saha wohipun taneman. Menawi wonten ing *bidang ilmiah*ipun dipunwastani kanthi *generatif* saha *vegetatif*. Cikal bakal taneman ingkang saking wiji-wijian dipunsulhi dening beras saha kacang tholo, ewadene cikal bakal taneman ingkang wujudipun saking wohipun dipunsulhi dening kunir saha jahe.

Dipunpilih beras saha kacang tholo amargi beras menika minangka dhaharan pokok masarakat Desa Kedungsono lajeng kacang tholo menika taneman ingkang asring dipuntanem dening para tani ing mriku sasanipun kacang ijem. Sedaya kalawau minangka bakal utawi wijinipun taneman ingkang samangke bakal tuwuh wonten ing siti mliginipun siti wonten ing Desa Kedungsono. Werni jene utawi kuning saking taneman kuning menika mralambangaken kamakmuran. Pramila saking menika dipunwontenaken tradhisi wiwitan menika minangka srana kangge nyuwun dhateng Gusti Allah ingkang Maha Agung supados asilipun pantun ingkang dipuntanem menika mbekta kamakmuran dhumateng para kulawarganipun para tani.

Salajengipun gula klapa sacuwil ingkang dipunsartakaken kalawau ugi nggadahi pralambang ngenani cikal bakalipun Ibu Pertiwi, inggih menika negari Indonesia ingkang kula panjenengan panggeni menika. Dipunmangertosi bilih

gendera Indonesia menika werninipun abrit kaliyan pethak ingkang asring dipunsebut gula klapa. Mardikaning bumi pertiwi menika kawiwitan kanthi prastawa proklamasi kemerdekaan Republik Indonesia. Nalika prastawa proklamasi, bendera gula klapa dipunumbulaken kangge mratandhani bilih nuswantara menika sampun mardika.

Wernining bendera gula klapa nggadhahi *filosofi* ingkang mirunggan kangge masarakat. Werni abrit mralambangaken wani ewadene pethak nggambaraken kasucen. Tumrap tiyang jawi, bab menika ndadosaken *prinsip* bilih nalika nindakaken gesang wonten ing bebrayan menika kedah wantun dhateng perkawis ingkang sae, ajrih saha nebihi dhateng kanisthan. Bab ingkang dipunanggep leres kedah dipunperjuwangaken saha dipuntindakaken. Ananging menawi bab ingkang sipatipun awon kangge gesang, menika kedah dipunsingkiri. Menawi *prinsip* menika katindakaken kanthi sae, satemah badhe pikantuk gesang ingkang ayom ayem tentrem. Seserepan menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 05 kados ing ngandhap menika :

CLW 05 : “Gula klapa kuwi selalu gathuk ya, dadi simbol sejak jaman dahulu. Gula klapa merah berarti berani putih karena suci. Nek wong Jawa iku wani marang bebener wedhi marang kanisthan. Gula klapa iku berani terhadap yang baik-baik.”

Saking pencok bakal kathah patuladhan ingkang saged dipunpendhet, antawisipun kedah tansah eling bilih wontenipun manungsa menika wonten ingkang nngriptakaken inggih menika Gusti Allah. Pramila kita kedah tansah eling dhumateng ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Kuasa. Tansah temen anggenipun dados umatipun ingkang nggadhahi *iman* saha *taqwa*. Tansah

nggadhahi kawigatosan bilih sedaya ingkang wonten ing alam donya menika sampun wonten ingkang ngatur, pramila anggenipun gesang menika kedah ngatos-atos. Sampun ngantos menapa ingkang kita tindakaken mbeta kacilakan dhumateng dhirinipun piyambak saha tiyang sanes.

Patuladhan utawi nilai budaya ingkang dipunpendhet malih inggih menika “wani marang bebener, wedi marang kanisthan”. Unen-unen menika nggadhahi teges bilih sadangunipun gesang menika ampun ngantos ajrih marang bab ingkang bener. Ingkang kedah dipunajrihi inggih menika bab ingkang asipat awon. Menawi kita sampun mangertosi bilih menika bab ingkang awon sampun ngantos dipuntindakaken, kita kedah nggadhahi raos ingkang ajrih kaliyan prastawa ingkang bakal kedadosan ing tembe mburinipun.

b. Parem tahun

Wonten ing *data* panaliten menika ugi kapanggihaken *leksikon* jampi. *Leksikon* jampi kasebut inggih menika parem tahun. *Leksikon* jampi menika kalebet frasa ingkang kadhapuk saking tembung parem saha tembung tahun. parem nggadhahi teges bebakan beras kencur lan sakpanunggalanipun, dipunginakaken kangge mblonyo perangan badan (Poerwadarminta, 1939: 472). Salajengipun tahun miturut Poerwadarminta (1939: 592) ngemu teges mangsa sing soewene 12 sasi.

Makna leksikal ingkang kapanggihaken saking satua lingual parem tahun inggih menika ing tradhisi upacara ngrimat pantun ing Desa Kedungsono, parem boten saking beras kencur ananging saking bebakan kunir. Ubarampe menika dipuncawisaken nalika badhe nindakaken panen, inggih menika *prosesi* methik

pari. Salajengipun parem tahun makna kultural wonten ing pagesangan saben dintenipun dipunginakaken dening masarakat Kedungsono kagem jampi.

Umumipun parem menika kangge jampi dening para pawestri ingkang bibar babaran saha kangge bebakan nalika sukunipun tiyang menika ketaton kados kesusupen, keseleo, saha nyampar menapa kemawon ingkang ndadosaken tatu. Saking makna leksikal saha makna kulturalipun ingkang tuwuh wonten ng Desa Kedungsono pramila parem tahun menika konteks budayanipun kalebet barang utawi benda.

Wontenipun ubarampe parem ing tradhisi pangrimatnipun pantun ugi nggadhahi ancas utawi *makna filosofi* ingkang wonten sesambetanipun kaliyan masarakat Desa Kedungsono. Bab menika jumbuh kaliyan kaginan parem ing saben dintenipun kaliyan makna budaya ingkang kaandhut wonten salebeting ubarampe tradhisi pangrimatnipun pantun. kados menapa ingkang dipunandharaken dening informan ing ngandhap menika :

CLW 02 : “Parem taun kuwi tegese sarana obate lemintal sing antarane ak kowe ora weruh nek kesampar kesandung kuwi ketaton. Kuwi mau tambane parem taun.”

Adhadhasar wawan pirembagan kaliyan CLW 02 bilih parem ingkang dipuncawisaken wonten ing *prosesi* methik pari inggih menika minangka sarana usada. Usada ingkang saged nyirnakaken bab menapa kemawon, ingkang njalari tatunipun suku para tani. Miturut pamanggihipun saking CLW 02 menawi suku menika nyampar utawi kesandung saged dipunjajari saking bab ingkang boten ketinggal dening paningalan manungsa. Awit saking menika, sedaya kalawau

dipunusadani ngginakaken parem. Caranipun inggih menika kunir ingkang dipunparut menika dipunbobokaken wonten ing suku ingkang ketaton kalawau.

Cara menika dipuntindakaken amargi jaman rumiyin dereng kathah usada-usada ingkang sipatipun *modern* kados jaman menika. Warga masarakat anggenipun ngusadani sedaya sakit namung ngginakaken tetuwuhan ingkang wonten sakiwa tengen papan panggenanipun. Perkawis menika ingkang njalari masarakat damel bebegan kunir kangge ngusadani para tani nalika sukunipun ketaton utawi sakit nalika ngolah sabinipun.

Owah gingsiripun jaman sakmenika sampun kathah wujud usada-usada ingkang langkung ngrembaka kangge suku ingkang ketaton. Malah kepara langkung enggal mantun gerahipun menawi ngginakaken usada ingkang *modern*. Ananging bab menika boten lajeng ngicali kabudayan ingkang sampun lumampah. Saperangan para warga taksih ngginakaen bebegan kunir kangge ngusadani suku ingkang ketaton sinaosa sampun dipunsarengi ngusadani gerahipun kanthi usada-usada ingkang *modern*.

Selajengipun, parem ugi dipunginakaken kangge wanita ingkang bibar nglairaken. Masarakat ingkang gesang wonten ing Kedungsono ngginakaken parem utawi bebagan kunir kangge pilis. Mupangatipun pilis kagem wanita ingkang bibar nglairaken inggih menika supados cahyanipun katon resik, kuning, kados kuningipun werni kunir. Caranipun ngginakaken inggih menika, kunir ingkang dipunparut utawi dipundheplok lajeng dipunbebegaken ing palarapan.

Perkawis mekaten menika ingkang ugi dipundadosaken pralambang, lajeng dipuntindakaken dening para tani dhumateng Mbok Sri. Parem dipuncawisaken wonten ing *prosesi* metik pantun kangge mundhi-mundhi Mbok Sri ingkang bibar babaran ingkang awujud pantun. Bab menika dipunandharaken dening CLW 06 kados ing ngandhap menika :

CLW 06 : “Lha kan Mbok Sri kan wedok Mbak, nek wong wedok kae kan nek dandan ben ketok resik cahyane kuning Mbak. Gek nek lebar meteng kae nek wis lahiran digawekne parem taun utawa pilis nek kanggone uwong supayane ayu. Wong bar lahiran kae lak rupane ora nggenah, urate padha kendhur.”

Adhedhasar andharan saking CLW 06 ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih masarakat Kedungsono pitados bilih Mbok Sri menika wanita ingkang ngewrat pantun. Nalika wancinipun panen dugi, Mbok Sri menika dipunanggep bibar miyosaken pantun. Sampun dados adatipun, kados ingkang dipunandharaken ing nginggil, bilih pawestri ingkang bibar lairan dipundamelaken bebegan kunir kangge pilis.

Panganggepipun masarakat, tiyang ingkang ngrewat lajeng babaran menika praupanipun boten nggenah, uratiun sami kendhor. Dipunparingi bebegan kunir supados cahya praupan nalika bibar lahiran menika katon seger sarta ayu kados nalika taksih perawan. Pramila, nalika *prosesi* methik pari dipuncaosi parem menika supados Mbok Sri katon ayu sarta seger kados mula bukanipun. Bab menika minangka wujudipun para among tani ngunjokaken raos matur nuwun dhateng Mbok Sri, minangka upahipun awit sampun ngasilaken pantun ingkang samangke pantun menika saged kagem dhaharanipun para kadangg tani.

Saking *makna* budaya parem ingkang lumampah wonten ing Desa Kedungsono, saged dipunpendhet dudutan bilih masarakat wigati saged ngengengi *nilai estetika*. Perkawis menika saged ketingal saking anggenipun masarakat ngrumat wanita ingkang bibar babaran supados saged ayu malih. Urat-urat ingkang sampun kendho amargi bibar babaran dipunrumat, dipunusadani ngginakaken *ramuan tradhisional* supados saged pulih malih. Amargi ing gesang bebrayan, wanita menika panci prelu sanget njagi badanipun supados sae menawi dipunsawang dening tiyang sanes mliginipun menawi wonten ngarsanipun garwa.

c. Gedhong peteng

Gedhong peteng kalebet satuan lingual frasa ingkang kadhapak saking tembung lingga gedhong saha tembung lingga peteng. Gedhong miturutipun masarakat ing Kedungsono ngagdhahi teges kamar ingkang dipunsiget. Ewadene peteng miturut Poerwadarminta (1939: 487) ngemu teges boten padhang.

Satuan lingual ingkang konteks budayanipun kagambaraken mawi barang utawi *artefak* ingkang pungkasan inggih menika gedhong peteng. Menawi dipuntingali saking makna leksikalipun gedhong peteng inggih menika papan panggenan ingkang kahanipun boten padhang. Ewadene menawi saking makna kultural adhedhasar kewontenanipun gedhong peteng menika papan wonten salebeting dalem ingkang wonten ing wingking piyambak ingkang ginanipun kangge nyimpen gabah. Andharan menika adhedhasar wawan pirembagan kaliyan *informan* minangka salah satunggaling among tani wonten ing Kedungsono, inggih menika kados mekaten “*Singgetan, kamar sing kanggo nyimpen pari....*”.

Satuan lingual gedhong peteng menika menawi dipuntingali saking konteks budayanipun kalebet wonten ing barang utawi artefak ingkang minangka wujud saking angen-angenipun dening masarakat Kedungsono. Saged dipunmangertosi bilih wontenipun barang ingkang saged dipuntingali saha saged dipuncepeng kaliyan asta menika minangka asilipun ide utawi angen-angen dening masarakat tertamtu.

Semanten ugi gedhong peteng, wontenipun gedhong peteng inggih menika minangka penggalhipun utawi idenipun dening masarakat wonten pundi samangke gabah ingkang sampun dipunpanen saking sabin menawi sampun dugi wonten ing dalem. Pramila para among tani menggalih papan ingkang trep ingkang dipunraos aman kangge nyimpen gabahipun.

Among tani mahyakaken penggalhipun kanthi tumindak damel nyiget damel kamar wonten ing dalemipun ingkang salajengipun wonten wujud saking ingkang dipunangen-angen kalawau dados gedhong utawi kamar samangke minangka papan kangge nyimpen pantun. Boten mandheg dumugi semanten, para tani lajeng menggalih malih kados pundi papan samangke saged aman boten saben tiyang saged mirsani kawontenan gabah ingkang dipunsimpen. Supados kahananipun aman boten saben tiyang mangertosi kahananipun kamar utawi gedhong ingkang kangge nyimpen gabah kalawau para tani damel kahananipun menika boten padhang.

Miturut cariosipun salah satunggaling *informan* bilih ing jaman rumiyin menika bahan dhahar nggadhahi nilai ingkang aji sanget, amargi taksih jaman

larang pangan dipunbandingaken ing jaman sakmenika. Boten semabarang tiyang angsal mlebet saha mendhet gabah ingkang sampun dipunsimpen wonten ing gedhong peteng. Anggenipun ngrimat gabah wonten ing gedhong peteng menika namung pikantuk priyantun putri (ibu-ibu) kemawon, priyantun kakung (Bapak) boten angsal mlebet wonten ing gedhong peteng.

Perkawis menika ingkang dados dhasar saking carios rakyat Dewi Nawang Wulan kaliyan Jaka Tarub. Dewi Nawang Wulan sampun mawanti-wanti dhateng Jaka Tarub supados boten angsal ndherek cawe-cawe nalika piyambakipun adang pantun sakuli saking lumbungipun, ananging nalika Dewi Nawang Wulan tindak dhateng lepen mendhet toya Jaka Tarub mblenjani janjinipun nekad bikak kekepipun. Pramila wiwit kedadosan menika gabah wonten ing lumbung langkung cepet telasipun.

Saking latar budaya ingkang dipungambaraken dening masarakat Kedungsono saged dipuntingali bilih tiyang estri menika langsung dipunpitadosi kangge ngrimat bahan dhaharan wonten salebeting kulawarganipun para among tani. Salajengipun wontenipun gedhong peteng menika saged ningali *sistem teknologi/pengetahuan* kawontenanipun ing Desa Kedungsono. Masarakat ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono menggalih kados pundi saged ngriptakaken papan ingkang aman kangge nyimpen barang ingkang dipunraos aji kangge nyekapi kabetahan gesangipun wonten ing alam donya.

Saking *sistem teknologi* ingkang sampun dipunhasilaken dening masarakat Kedungsono menika saged dados patuladhan nalika badhe ngembangaken *sistem*

teknologi/ pengetahuan kedah dipunpenggalih kanthi saestu. Majengipun jaman tamtu damel sistem tekhnologi ugi langkung majeng saha ngrembaka, ananging ingkang kedah dipungatosaken inggih menika anggenipun menggalih kanthi temen supados menapa ingkang dipunhasilaken samangke boten ngrugikaken tiyang sanes malah kepara saged paring paedahipun kagem masarakat umum.

d. Manten

Satuan lingual manten ing tuwuh wonten ing Desa Kedungsono wonten kalih gambaran. Menawi dipuntingali saking kamus saha gambaran umumipun manten menika panganten, ananging beda kaliyan manten wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. Manten ingkang dipunmaksud ing mriki pantun sakayar (makna leksikalipun). Makna kultural ingkang kaandhut saking satuan lingual gedhong peteng inggih menika pantun sakayar ingkang dipunsimpen wonten ing gedhong peteng, ancasipun supados gabahipun awet boten cepet telas.

Wonten ing jaman rumiyin menika nggenipun methik ngagem ani-ani, beda kaliyan jaman sakmenika ingkang langkung modern ngagem arit lajeng dipunerek ngagem tleser. Pantun ingkang taksih wonten gagange ingkang cacahipun sakayar ingkang samangke badhe dipunsimpen wonten ing gedhong peteng. Bab menika dipuntindakaken dening masarakat kanthi matrapaken menapa ingkang dipuntindakaken dening Dewi Nawang Wulan. Bab menika ingkang dados makna kultural saking satuan lingual manten ingkang ngrembaka wonten ing Kedungsono.

Andharan menika adhedhasar menapa ingkang dipunandharaken dening salah satunggaling tani (CLW 06) wonten ing Kedungsono kados ing ngandhap menika :

*“Ing jaman dhisik diceritakne ana salah sawijing wong lanang sing jeneng Jaka Tarub. Deweke saba menyang alas, nalika ing tengah alas ngerteni sumbering cahya banjur ditutui sumbere ana ing lali. Jaka tarub kaget jebul cahya sing padhang kuwi mau widodari saka kayangan sing cacache pitu mudun menyang bumi adus ana ing kali. Jaka tarub banjur nyolong salah sawijining klambine widodari didhelikake. Nalika widora sing jumlahe pitu kuwi mau rampung adus arep padha bali menyang kayangan, ana salah siji widodari sing nangis ora bisa bali. Dheweke ora bisa bali amarga klambine karo slendange ilang. Widdari sing kelangan klambi kuwi mau jenenge Nawangwulan. Dewi Nawangwulan ngucapake sapa sing wenenehi dheweke klambi yen lanang arep didadekne bojo nek wadon arep didakne sedulur. Jaka Tarub ngrungokake apa sing dadi ucape Dewi nawangwulan kuwi mau. Dheweke banjur menehi klambi sakanane kanggo Dewi Nawangwulan kanggo ngganti slendhang sing wis didhelekake. Bajure saklorone bebojoan kanthi rukun ugi diparingi putra dening Pangeran. Jaka Tarub karo Dewi nawangwulan urip sarwa kacukuoan. Lha Jaka Tarub kuwi duweni rasa curiga gabah sing ana ing lumbung kok ora kelong-kelong kamangka saben dina wis dimasak. Ngasi ing salh sawijining dina Dewi Nawangwulan menyang kali kanggo umbah-umbah. Dewi Nawangmulang mawanti-wanti marang Jaka Tarub, dheweke ora oleh buka kekep sing nalika lagi adang sega. Ananging Jaka Tarub blenjani janjine, saking penasarane dheweke nekad buka kekep sing lagi dinggo adang sega. Jaka tarub kaget jebule sing ana ing kukusan kuwi amung **sakayar pari. Kuwi sing dadekake gabah ana ing lumbung awet ora entek-entek.** Dewi nawangwulan sing kaget banjur langsung nesu marang Jaka Tarub. Bubar kedadean kuwi Dewi Nawangwulan ngrasakake rekoso, rekasane saben arep adang beras kudu nutu gabah luwih dhisik. Suwene suwene gabah sing ana lumbung tansaya entek amarga saben dina Ditutuni Dewi Nawangwulan. Dewi Nawangwulan ngonangi slendhange sing didelekne Jaka Tarub ning tumbukan pari ing lumbuh banjur nggresulo. Dheweke sadar saksuwene iki jebule Jaka Tarub sing dhelikake slendhange, sing gawe Dewi Nawangwulan ora bisa bali menyang kayangan. Amarga slendhange wis ketemu Dewi Nawangwulan pamit menyang Jaka Tarub arep bali menyang kayangan, lan meling supaya njaga lan ngrumati anake. Nek dheweke kangen karo Dewi Nawangwulan cukup kanthi delok bulan **purnama.**”*

Saking menapa ingkang dipunandharaken dening informan ing nginggil konteks budayanipun satuan lingual manten minangka jinis folklor. Cariyos rakyat

ingkang ngrembaka ndadosaken seserepan dhateng among tani, saking seserepan ingkang dipunmangertosi lajeng dipunpenggalih saha dipunengen-engen saengga saged damel pola kabudayan damel “manten” ingkang dipunsimpen wonten ing gedhong peteng. Ancasipun para tani damel manten menika supados gabah wonten ing gedhong peteng saged awet boten gampil telas.

Saged dipunwastani manten amargi dipundhasari saking cariyosipun Dewi Nawang Wulan minangka widodari khayangan ingkang dados manten kaliyan Jaka Tarub ingkang minangka kagolong manungsa. Kanthi kekiyatan ingkang dipungadhahi dening Dewi Nawang Wulan anggeipun adang beras namung gabah setunggal uli tanpa dipuntutu. Andharan saking CLW 06 ing nginggil ugi dipunsengkuyung kaliyan CLW 01 kados ing ngandhap menika :

CLW 01 : “Kae jenenge manten. Disimpen ana gedhong peteng utawa lumbung supaya parine awet. Kaya gambaraning Dewi Nawangwulan karo Jaka Tarub kae. Nek ngliwet lak mung sakuli. Kari-kari malah pas Dewi Nawang Wulan adang kekepe dibuka. Ya ra sida awet, kekuatane Dewi Nawang Wulan ilang. Banjur kuwi nek arep adhang beras dadak nutu dhisik.”

Saking seserepan menika dipunmangertosi ngengingi kalepatanipun Jaka Tarub ingkang dipuntindakaken dadosaken rekaosipun Dewi Nawang Wulan nalika adang sekul. Ananging saking menika ugi ndadosaken kepanggihipun slendang gadhahanipun Dewi Nawang Wulan, ingkang salajengipun Dewi Nawang Wulan saged kondur dhateng Kayangan ninggalaken palakrami ingkang sampun dipunbangun kaliyan Jaka Tarub.

Para tani wonten ing Desa Kedungsono anggenipun nyimpen “manten” menika wonten ingkang dipungantung ugi wonten ingkang namung dipunselehaken

wonten ing tumpukan karung ingkang isinipun gabah. Saking kedandosan menapa ingkang dipunalami dening Jaka Tarun kaliyan Dewi Nawang Wulan, para among tani pitados bilih “manten” menika saged damel awetipun gabah wonten ing gedhong peteng. Salajengipun tiyang kakung boten dipunpitados kangge ngolah gabah wonten ing gedhong peteng.

e. Lintingan Katul

Lintingan katul kadhapuk saking kalih tembung lingga inggih menika ‘linting’ saha ‘katul’. ‘Linting’ menika awujud *leksem*, inggih menika tembung ingkang boten saged madeg piyambak, saged nggadhahi teges menawi dipunsukani wuwuhan. Wonten ing *leksikon* ‘linting’ menika kawuwuhan panambang –an, pramila saged nggadhahi teges minangka katrangan kahananing wujud barang. Lintingan miturut Poerwadarminta (1939:), nggadhahi teges lintingan kertas lan sapanunggalanipun. Salajengipun, Katul inggih menika tembung ingkang saged madeg piyambak, kalebet jinis tembung aran. Katul miturut warga ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono inggih menika tembung aran kangge mastani dhedhak utawi kulit gabah sabibaripun *proses* nggiling pantun.

Menawi dipuntingali saking *makna leksikal*, *satuan lingual* lintingan katul inggih menika kulit saking gabah ingkang dipunselep, menawi kala rumiyin dipuntutu lajeng dipunlinting ngagem ron pisang, dipunmasak kanthi dipundang. Ewadene *makna kultural*-ipun minangka tolak bala kagem para tani supados taneman pantunipun saged sae, tebih saking sedaya ama tuwin rubeda.

Lintingan katul minangka salah satunggaling ubarampe ingkang dipundamel saking kulit gabah menika dipundamel bubur, lajeng dipunlinting ngagem ron pisang nembe dipundang. Wonten ing kapitadosan masarakat Kedungsono, jenang katul minangka salah satunggaling ubarampe ingkang dipunsamptakaken wonten ing upacara ngrimat pantun saha upacara panggih panganten. Wonten ing pawiwahan manten jenang katul minangka pralambang kangge tolak balak saking sedaya pepalang ingkang saged ngreridu lampahipun upacara pawiwahan.

Dipuncariyosaken dening salah setunggal *informan* inggih menika CLW 04, masarakat ugi nganggep bilih bangsanipun lelembut kados thuyul menika langkung ramen kaliyan jenang katul. Dados menawi wonten pahargyan utawi pawiwahan, tamunipun wonten ingkang ngingu thuyul, thuyul ingkang ndherek menika boten siyos mendhet artanipun kulawarga ingkang gadhah prelu amargi thuyul menika dipunlimpekaken mawi dolanan jenang katul ingkang sampun dipunsamptakaken kados andharan saking CLW 04:

CLW 04 : “Katul niku lah nggih bangsa tuyul menika seneng. Wong kula ngalami nyarati nggenipun tiyang perlu niku dikandhani kalih Pak Tugiyo. Nek kira-kira dhayoh okeh sing nggawa tuyul kon ngusahake lintingan katul karo godhong sembukan. Iki mengko mandheg rebutan, ndelok kalihan rayahan, ning ampun nganti kira-kira geduk diranggeh. Dados tuyulipun boten gelem mlebu ngomah. Sega liwet menika lak sekul dilinting....”

Anggenipun nyawisaken dipunkiten-kinten, supados saged dipunranggeh dening thuyul amargi samangke bakal dipunrayah dening para Thuyul, dados Thuyul-thuyul menika boten siyos mlebet dalemipun tiyang ingkang mengku gati. Lintingan katul wonten ing tradhisi ngrimat pantun sami kaliyan kapitadosanipun

masarakat ing pawiwahan, inggih menika minangka tolak balak. Pamanggih menika dipunsengkuyung dening katrangan saking CLW 02 saha CLW 06 ing ngandhap menika:

CLW 02 : “Tegese ngundurne panca baya kiblat papat sing sedaya ala-ala bisa sumingkir.”

CLW 06 : “Kangge nolaki hama sakrandhahane.”

Lintingan katul menika dados pralambang kangge ngunduraken pancabaya kiblat papat, tegesipun para tani menika mageri taneman pantun saking sedaya rubeda ingkang awon, ingkang mawujud kaliyan ingkang boten. Ing pangajeng sedaya kalawau sageda sumingkir satemah taneman pantunipun saged tuwuh kanthi sae dumugi wancinipun panen.

Konteks budaya lintingan katul ingkang kaandhut ing upacara ngrimat pantun saged dipunpendhet nilai *religi*-nipun ngengingi bab kapitadosan masarakat Jawi. Mirutut kapitadosan masarakat jawi, pancabaya menika wujudipun arupi goda saking lebetipun dhiri pribadhi. Para tani menawi ngersakaken taneman pantun ingkang sae ugi kedah saged ngempet utawi *mengendalikan dhiri* saking hawa nepsu ingkang tuwuh saking dhiri pribadhi manungsa.

Kiblat papat minangka salah satunggaling dhasar *filosofi* masarakat Jawi saged dipuntrepaken wonten ing maneka warna perkawis. Wonten ing bab menika kiblat papat digayutaken kaliyan *elemen* dhasar manungsa, inggih menika wontenipun cipta, rasa, karsa, karya. Nenandur menawi sampun dipunlandhesi kanthi sekawan *elemen* menika saged ndadosaken taneman pantun tuwuh kanthi sae.

f. Sekul Golong

Sekul golong inggih menika salah satunggaling *leksikon* ingkang arupi dhaharan wonten ing tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono. Sekul golong asalipun saking kalih tembung inggih menika ‘sega’ kaliyan ‘golong’. Purwadarminta (1939:553) ngandharaken bilih sega inggih menika beras ingkang sampun mateng, saged kanthi cara dipunliwet menapa dene dipundang. Ewadene golong inggih menika ateges sampun kumpul dados setunggal, nyawiji, wujudipun glundhungan sega ingkang ageng (Poerwadarminta, 1939: 159).

Makna leksikal sekul golong nggadhahi teges sekul ingkang dipungolong-golong, limrahipun dipunginakaken minangka ubarampe kangge cecawis slametan. Masarakat jawi nalika nindakaken upacara tradhisi utawi slametan ubarampenipun tamtu wonten sekul golongipun. Saking sekul golong *makna kultural* ingkang kaandhut inggih menika, masarakat menawi nggadhahi panyuwunan kedah ingkang tulus lan mantep, nyawiji rukun kaliyan tiyang sanes.

Wonten ing tradhisi ngrimat pantun, sekul golong dipuncawisaken kaliyan tigan, lajeng dipuntambahi lelawuhan sawontenipun. Miturut adat ingkang sampun lumampah, lelawuhan menika boten gumathok utawi boten wonten paugeranipun ingkang ngedahaken rupanipun utawi jinisipun lawuh menika. Lawuh menika dipunpendhetaken kemawon saking masakan ingkang dipuncawisaken kangge dhaharan kulawarga kados adat saben dintenipun.

Istilah-ipun dening masarakat “dipuntempelne” sekedhik kagem Mbok Sri, supados Mbok Sri ugi ngraosaken masakan para ibu-ibu tani ingkang dipundhahar

ing saben dintenipun. Kaleresan, nalika panaliten menika katindakaken Mbah Minten (salah satunggal *pelaku* kabudayan) nembe masak oseng-oseng bihun kaliyan sambel bawang. Pramila kangge njangkepi sekul golong menika dipunpendhetaken oseng-oseng menika saha sambel bawang ingkang dipunbungkus ron pisang.

Makna leksikal saking *leksikon* sekul golong jumbuh kaliyan *makna kultural* ingkang tuwuh wonten ing pagesangan warga masarakat Kedungsono. Bab menika dipunandharaken saking CLW 04 kados ing ngandhap menika :

CLW 04 : “Nggih golong gilik, tujuane sing manteng, tulus, ora menggak menggok. Mandhep mantep nyawiji. Neseli sega liwet menika kangge wilujengan pas ajeng panen. Menika biasanipun kathah bocah-bocah sing dhedhepi jaman riyin nika”

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan *makna kultural* ingkang tuwuh wonten ing pagesangan masarakat Desa Kedungsono bilih, masarakat nggadhahi panyuwunan ingkang tulus lan mantep kanthi nyawiji dadi siji. Miturut pamanggih saking CLW 04, sampun dados adatipun bilih among tani nalika badhe nindakaken tradhisi perangan *ngguwaki sega liwet* kathah lare-lare alit ingkang tumut wonten ing sakubengipun tiyang ingkang nembe nglampahi upacara menika. Sedaya lare kala wau nyawiji kempal dados setunggal, sareng-sareng ndhahar sekul saubarampenipun kalawau.

Kempalipun para lare menika ugi sesarengan ndherek nyekseni anggenipun among tani sami ndedonga. *Satuan lingual* sekul golong kalebet *konteks budaya barang/benda* ingkang gambaraken *ide* utawi angen-angenipun masarakat ngengingi kapitadosan. Bab menika katingal saking *prosesi* nalika ndedonga

dhumateng ngarsanipun Allah SWT. Kados ingkang dipunandharaken dening CLW

05 ing ngandhap menika :

CLW 05 : “Dalam hal bancaan utawa slametan kita mengumpulkan banyak orang. Agar semua orang itu satu tujuan golong gilik dadi penyuwunanw menyang Gusti Allah, panyengkuyungane sing duweni hajat. Dadi didoakan bareng-bareng sing mengku hajat.”

Adhedhasar wawan pirembagan kaliyan CLW 05 ing nginggil, saged dipuntingali bilih, sampun dados adatipun tiyang jawi nalika ngawontenaken bancakan utawi selamatan menika ugi ngempalaken tiyang kathah. Sedaya kalawau katindakaken kanthi ancas supados sedaya saged kempal dados setunggal “golong gilig” nyenyuwun dhumateng Allah SWT. Tiyang ingkang dipunkempalaken kalawau sami nyengkuyung ingkang nggadhahi hajat, sesarengan sami ndedonga kangge ingkang mengku hajat.

Saking katrangan ingkang sampun kaandharaken dening *narasumber* kalawau, saged dipuntingali bilih masarakat wonten ing Desa Kedungsono nggadhahi nilai gotong royong ingkang dipunsimbulaken lumantar sekul golong. Sekul golong ingkang nggadhahi teges sekul ingkang sampun kumpul dados setunggal ugi jumbuh kaliyan *nilai* budaya ingkang dipunlampahi dening masarakat gayutanipun kaliyan sesami.

Gotong royong ingkang katindakaken saged katingal saking masarakat ingkang sami kempal dados setunggal ndherek ndedonga sesarengan ingkang gadhah hajat. Semanten ugi lare-lare ingkang sami kempal nalika para tani nyawisaken sekul golong saubarampenipun ugi ndherek nyengkuyung para tani,

tumut nyekseni anggenipun ndedonga ngucapaken raos ukur dhumateng Pangeran ingkang sampun paring rejeki.

Sabibaripun dipundongani, lajeng sekul golong kalawau dipundumaken dhumateng para lare-lare. Saking gotong royong ingkang tansah dipuntindakaken saged nuwuhaken budaya tulung-tinulung ing antawisipun masyarakat. Among tani mujudaken raos syukur menika kanthi dundum saperangan rejekipun kaliyan lare-lare ingkang kempal wonten ing sabin. Sampun dados kuwajibanipun bilih manungsa ingkang gesang wonten ing alam donya menika kedah saged tulung tinulung tumrap sesami. Wonten ing pundi kemawon tiyang gesang, tamtu boten saged gesang piyambakan. Pramila, sipat gotong royong kedah kita lestantunaken wonten ing pagesangan, langkung-langkung gayutanipun ing bebrayan wonten masarakat.

g. Sega Liwet

Sekul liwet kadhapuk saking kalih tembung inggih menika ‘sekul’ kaliyan ‘liwet’. Miturut pamanggihipun Poerwadarminta (1939: 553) sekul menika sega. Ewadene liwet minangka *leksem* ingkang gadhahi teges menawi sampun dipuntambahi atar-ater anuswara N- (ng-) ingkang nerangaken salah satunggaling jinis tembung kriya inggih menika, nggodhog beras wonten ing kendhil supados dados sekul (Poerwadarminta, 1939: 276).

Makna leksikal swkul liwet ingkang saged dipuntingali wonten ing tradhisi ngrimat pantun inggih menika arupi sekul ingkang dipundang lajeng dipunbungkus ron pisang lajeng dipungarang wonten ing wingko. Sekul liwet nggadhahi *makna*

kultural ingkang ancasipun inggih menika dipuntujokaken dhateng Mbok Sri minangka opah utawi bebingah amargi sampun njagi taneman pantunipun saking wiwit tanem dumugi puranipun panen.

Makna leksikal saha *makna kultural* saking *satuan lingual* sega liwet, *konteks budayanipun* kalebet wonten ing *Barang/ Benda* ingkang dipunwujudaken minangka srana pakurmatan. Sekul liwet menika dipunanggep sekul ingkang raosipun eca, pramila trep menawi dipuntujokaken dhumateng priyantun ingkang ageng kalenggahanipun. Sampun dados adatipun masarakat sasampunipun bibar panen menika lajeng ngliwet pantun enggal (gabah ingkang bibar dipunpanen). Priyantun ingkang kaanggep ageng kalenggahanipun wonten ing sabin dening para tani miturut kapitadosanipun inggih menika Mbok Sri. Dados sekul liwet menika kadamel lajeng katujokaken dhumateng Mbok Sri.

Sekul liwet minangka dhaharan menika sampun dados dhaharan tiyang pribumi kawit rumiyin. Menawi dipuntingali saking wadhahipun kangge masak, caranipun masak sekul liwet menika taksih kanthi cara tradhisional. Ananging amargi owah gingsiripun jaman, kendhil utawi katel sampun boten dipunginakaken kangge piranti ngliwet amargi dipunanggep kedangon saha boten *praktis*. Kendhil samenika dipungantos kaliyan *rice cooker*, kanthi ngginakaken *rice cooker* kangge masak langkung *praktis*.

Sekul liwet nggadhahi *filosofi* ingkang wigati kangge masarakat Jawi. Sekul liwet dipunsamptakaken wonten ing upacara-upacara tradhisi salah satunggaling wonten ing tradhisi ngrimat pantun menika. Raosipun sekul ingkang eca

ndadosaken sekul menika dados dhaharan karemenan para priyayi agung. Semanten ugi wontenipun sekul liwet ing tradhisi ngrimat pantun menika, malah kepara dados nama salah satunggaling prosesipun “ngguwaki sekul liwet”.

Sekul liwet dipundamel saha dipuncawisaken ancasipun inggih menika kangge ngrumati saha kangge atur bebingah dhateng Dewi Sri. Sekul liwet ingkang dipundamel menika saking beras utawi gabah asiling panen saking sabin, pramila kanthi linambaran wujud raos syukur amargi panen ingkang sae, dipundamel sekul liwet ingkang dipunaturaken dhumateng Bapa Ibu Bumi. Bapa Ibu Bumi miturut kapitadosanipun para among tani wonten ing Desa Kedungsono inggih menika zat ingkang nggadhahi saha nguwasani bumi pertiwi mliginipun siti palemahan.

Sekul liwet kalawau sasampunipun dipundongani lajeng dipundumaken dhumateng lare-lare ingkang wonten ing mriku. Pramila saged dipunpendhet dudutan bilih wujudipun raos sukur para among tani nalika damel sekul liwet menika dipunwujudaken supados tiyang sanes menika saged ngraosaken ugi menapa ingkang dipundhahar para tani, wonten mriki inggih arupi sekul liwet menika.

h. Sekar Boreh

Lingual sekar boreh kalebet *frasa* ingkang kadhapuk saking kalih tembung inggih menika ‘sekar’ saha ‘boreh’. Sekar inggih menika kembang (Poerwadarminta, 1939:553), ewadene boreh = kn. konjoh ki: tjampoeraning atal, kemoening, pandan wangi lsp. Dianggo mblonjo awak (Poerwadarminta, 1939:57).

Makna leksikal sekar boreh ingkang dipunginakaken dados ubarampe utawi sesaji nalika upacara tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono arupi campuran

sekar mawar abrit saha pethak dipunjangkepi sekar kenanga, irisan ron pandhan wangi saha dipunparingi ampo. Ampo ingggih menika lempung ingkang dipungarang. Biasanipun sekar menika kabungkus ngginakaken ron pisang. Wonten tradhisi ngrimat pantun ingkang dipunlampahi dening para tani ing Desa Kedungsono, sekar boreh dipuncaosaken wonten ing *prosesi* wiwitan saha nalika *prosesi* metik pantun.

Sampun dados perangan ingkang umum bilih sekar dados salah satunggaling ubarampe ingkang wajib dipuncawisaken wonten upacara-upacara tradhisi ing nuswantara, mliginipun tiyang jawi. Tumrap masarakat, sekar menika nggadhahi makna utawi *filosofi* ingkang mirunggan wonten ing pagesangan. Jinisipun sekar ingkang dipuncawisaken wonten ing upacara tradhisi kathah jinisipun, gumantung upacara menapa ingkang badhe dipuntindakaken. Wonten ing mriki, *makna kultural*-ipun sekar boreh inggih kangge njagi taneman pantun.

Saking andharan menika saged dipuntingali bilih *satuan lingual* sekar boreh kalebet *konteks budaya* barang/ *benda* ingkang ketingal. Masarakat Desa Kedungsono, mliginipun para among tani nyaosi sekar boreh wonten ing upacara ngrimat pantun menika amargi sekar nggadhahi *nilai* ingkang saged dipunjumbuhaken wonten ing pagesangan saben dintenipun. Sekar boreh nggadhahi werdi kangge masarakat Desa Kedungsono, ingkang sepisan minangka sarana kangge bebingah Mbok Sri, ingkang sampun njagi pantunipun. Inggih kangge ngormati Mbok Dewi Pertimah (Siti Fatimah). Ugi wonten ingkang pitados bilih sekar boreh ingkang ambetipun wangi menika saged nyinkiraken sedaya bab ingkang badhe ngrisak pantun.

Adhedhasar pamanggihipun CLW 01, bilih sekar boreh menika minangka salah satunggaling bebingah kangge Mbok Sri supados saged njagi pantunipun.

Andharanipun kados mekaten :

CLW 01 : “Nek kembang pari ya kuwi mau nggo ngopahi Mbok Sri ben jaga tandure.

Saking pamanggihipun CLW 01 saged dipunpendhet dudutan bilih sekar boreh ingkang dipuncaosaken kalawau minangka bebingah utawi opah ingkang dipunaturaken kangge Mbok Sri. Bebingah kala wau dipuncaosaken supados Mbok Sri kersa njagi taneman pantun ingkang dipuntanem dening para tani saking sedaya bebaya ingkang samangke badhe ngganggu utawi ngrisak taneman pantunipun.

Werdinipun, sekar boreh ingkang kadamel menika minangka pralambang supados anggenipun njagi tanemanipun para among tani menika saged lumintu, saking wiwit nanem dumugi dhawah wekdal panen. Pamanggih menika ugi dipunsengkuyung dening CLW 04. Ananging bedanipun, menawi CLW 01 ngandharaken bilih ingkang njagi pantun menika Mbok Sri, dene CLW 04 ngandharaken perkawis sanes, inggih menika wontenipun “menthek berek” ugi ama ingkang ngganggu taneman pantun, ama menika ajrih kaliyan ambetipun sekar boreh. Kados ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika :

CLW 04 : “Ya iku sebangsane menthek berek, lelembut Mbak. Nek wong ngarani ngingu thuyul menika lak diarani enthek-enthek niku. Kembang boreh niku intine dingge ngopahi enthek-enthek, wedi karo wangine kodrat pandan. Supayane wedi ora ngangu.”

Saking andharanipun CLW 04, ‘menthek berek’ inggih menika bangsanipun lelembut ingkang badhe ngrubeda taneman pantun. Menthek berek menika ajrih kaliyan gandhipun ron pandan ingkang wonten ing sekar boreh. Adhedhasar

pamanggih menika, ing jaman rumiya amargi wonten tiyang ingkang ngingu thuyul, para tani nyukani sekar boreh menika amargi thuyul kalawau boten wantun ganggu pantun amargi ajrih kaliyan ambet wangi saking ron pandan ingkang dipuncawisaken dening para tani ing salebeting sekar boreh menika.

Saking kalih andharan menika, wontenipun sekar boreh wonten ing ubarampe ngrimat pantun ing Desa kedungsono menika ancasipun kangge njagi taneman pantun. Sadangunipun taneman menika tuwuh gesang wonten ing sabin wiwit nanem dumugi wancinipun panen tamtu bakal wonten ingkang ganggu. Inggih badhe ganggu taneman pantun menika saged awujud ama ugi sajed awujud menthek berek utawi sebangsanipun lelembut. Prekawis menika ingkang njalari para tani sanget ngupiya kepripon caranipun, supados saged ngawekani supados pantun saged tuwuh kanthi sae dumugi wancinipun panen, salah satunggalipun inggih menika kanthi nyawisi sekar boreh minangka ubarampe.

Filosofi sanesipun, sekar boreh menika minangka pakurmatan dhumateng salah satunggaling tiyang ingkang dipunanggep saged maringi patuladhan ingkang sae wonten gesangipun para masarakat ing Desa Kedungsono. Piyambakipun inggih menika Siti Fatimah utawi asring ugi kasebat Dewi Pertimah minangka putranipun Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Seserepan bab menika adhedhasar saking pamanggihipun CLW 02 saha CLW 05 ing ngandhap menika :

CLW 02 : “... Lha nek kembang kuwi sing dikeki Mbok Dewi Pertimah sing manggon ana ing Mekah Medinah. Awit dicaosi merdi kuwi kon setiti ngati-ati olehe nggunakake apa wae saben dina salawase urip rina lan wengi.”

CLW 05 : “ ... Nah disimbolkan kembang wangi kuwi mau. Wangi disini tegese hal sing apik-apik. Ora mungkin kita nek dedonga njaluke hal

barang sing ala. Nah nek wong ngujudne wonten sekar sapelik kakaturaken Mbok dewi Pertimah ingkang sumare wonten ing Mekah Madinah ngono kae ta Mbak.

CLW 05 : “Lha sebenarnya itu. Mbok Siti Pertimah iku maksude sing kembang wangi iki tegese apa sing dicontohne Siti Fatimah Putrine Rosululloh SAW. Sing dicontohke barang sing apik-apik sing saiki dimakamne ana ing Mekah. Artinya putrine Rosululloh SAW yang selalu memberikan contoh perbuatan yang baik-baik. Nah kuwi pantes kanggo patuladhan utawi contoh. Mula kuwi mau diibaratke karo Mbok Dewi Siti Pertimah.

Masyarakat Desa Kedungsono boten saged ngucapaken Siti Fatimah kanthi sae, amargi basa arab tumrap saperangan masarakat Kedungsono ing jaman rumiyin dipunraosaken angel dipunsinaoni. Pramila Siti Fatimah wonten ing masarakat Kedungsono dipunsebut kaliyan Dewi Pertimah. Ambetipun sekar ingkang wangi kasimbulaken kanthi wanginipun sekar minangka simbul saking Siti Fatimah ingkang nggadhahi watak ingkang sae. Sampun samya mangertosi bilih Siti Fatimah menika salah satunggaling putri saking Kanjeng Nabi Muhammad SAW ingkang praupanipun sulistya saha nggadhahi kapribaden ingkang sae. Malah kepara Siti Fatimah dipungambaraken minangka widadari saking suwarga ingkang wujudipun manungsa.

Saking mapinten-pinten watak saenipun Siti Fatimah, salah satunggaling patuladhan ingkang dipunpendhet inggih menika piyambakipun minangka kenya ingkang tansah ngabekti marang kulawarga, ugi panjenenganipun saged prihatos dhumateng kahanan. Pramila saking menika para among tani nggambaraken kanthi sekar boreh menika supados para wanita saged nuladhani menapa ingkang dipuntindakaken dening Siti Fatimah. Sampun dados adat bilih wanita menika ingkang kajibah ngurusi perangan “wingking”, tegesipun ingkang ngecakaken

kabetahan kulawarga inggih menika para wanita. Ewadene tiyang kakung menika jejibahanipun nyambut damel pados sandhang pangan. Ewadene namung ngecakaken, nanging wanita prayoganipun kedah setiti saha ngati-ati anggenipun ngginakaken arta kangge nyekapi kabetahan.

i. Taningan Papat

Taningan papat kalebet jinis satuan lingual frasa ingkang kadhapuk saking tembung lingga taning saha tembung lingga papat. Taning nggadhahi teges diperang-perang pepoenthukan tmr. sega, kembang lsp. (Poerwadarminta, 1939: 590), pikantuk panambang –an dadosaken maknanipun salah sawijining barang. Salajengipun papat nggadhahi teges sakawan k: wilangan 4 (Poerwadarminta, 1939: 471).

Satuan lingual taningan papat inggih menika rujak ingkang dipundamel dening among tani nalika badhe nindakaken tradhisi rujakan. Rujak dipunperang-perang ingkang dados sekawan lajeng dipunbungkus ngagem ron pisang. Makna leksikal saking satuan lingual taningan papat jumbuh kaliyan menapa kawontenanipun. Rujak menika dipuntaning dados sekawan amargi njumbuhaken kaliyan pojokanipun sabin para tani ingkang cacahipun sekawan.

Taningan papat ingkang wujudipun rujak dipuntel dados sekawan menika miturut kapitadosanipun warga masarakat ing Desa Kedungsono mliginipun para among tani minangka pager sakubengipun sabin. Kados menapa ingkang dipunandharaken dening CLW 04 ingkang kados mekaten : “*Inggih ngoten. Pajupat kuwi kanggo mageri hama-hama sing arep nerak pari.*”

Pager ingkang samangke ancasipun kangge nyingkiraken hama-hama ingkang badhe ngrisak pantun. Bab menika ingkang dados makna kultural ingkang ngrembaka wonten ing masarakat Desa Kedungsono. Kajawi menika cacahipun sekawan minangka angen-angenipun masarakat jawi ngengingi *filosofi* kiblat papat lima pancer Kados menapa ingkang dipunandharaken dening *informan* CLW 02 ingkang kados mekaten: “*Tegese ngundurne panca baya kiblat papat sing sedaya ala-ala bisa sumingkir.*”

Adhedhasar pamanggihipun masarakat saged dipuntingali bilih satuan lingual taningan papat menika ngandhut konteks budaya ingkang kalebet Benda/Barang. Bab menika menika ketinggal saking wujudipun rujak ingkang dipuntaning dados sekawan minangka angen-angen wonten penggalhipun masarakat ngengingi cacahipun taningan sekawan dipunjumbuhaken kaliyan *filosofi* tiyang jawi inggih menika kiblat papat lima pancer.

Wonten ing salebeting Serat Wulang Reh Karyanipun Sri Pakubuwana IV dipunsebutaken bilih sedulur papat ingkang dados kiblat papat tanpa gadhah badan lahiripun. Manungsa kadang saged njagi sesambetan ingkang laras saha *serasi* kaliyan sedulur sekawan kalawau inggih menika (i) Kakang kawah, ingkang medalipun saking gua garba ibu sakderengipun si jabang bayi. Panggenanipun wonten ing sisih wetan kanthi werni pethak; (ii) Adi ari-ari, ingkang medal saking gua garbanipun ibu sakbibaripun si jabang bayi medal. Papanipun wonten sisih kilen kanthi werna kuning; (iii) Getih (reh), ingkang medalipun saking gua garbanipun ibu sesarengan kaliyan si jabang bayi. Panggenanipun wonten sisih kidul kanthi werni abrit; (iv) Puser, ingkang dipunkethok sakbibaripun si jabang

bayi lahiran. Panggenanipun wonten ing sisih ler kanthi werni cemeng. Lajeng lima pancer ingkang minangka badan lahiripun ingkang papanipun wonten ing tengah.

Endraswara (2003: 41-420) ngandharaken bilih kadang papat lima pancer ugi dipunwujudaken wonten ing cariyos ringgit inggih menika miyosipun Dasamuka, Kumbakarna, Sarpakenaka, saha Wibisana. Paraga ringgit menika minangka gambaranipun *kosmologi jawi* ngengingi sekawan jinis nepsu kaods *amarah, aluamah, sufiah, saha mutmainnah*.

Dipunmangertosi bilih wonten ing Serat Wulangreh karyanipun Sri pakubuwana IV ngandharaken bilih lawwamah menika papanipun wonten ing padaran lajeng dipunmiyosaken lumantar lathi. Menawi dipungambaraken manah ingkang nyorotaken werni cemeng. Nepsu ingkang dipunraosaken unggih menika luwe, ngelak, saha ngantuk.

Amarah papanipun wonten ing peru ingkang medalipun lumantar talingan. Menawi dipunibarataken kados manah ingkang nyiritaken werni abrit. Nepsu ingkang dipunraosaken inggih menika angkara murka. Salajengipun inggih menika *sufiyah* inggih menika ingkang nuwuhaken nepsu *birahi* kadosta kangen, bingah, remen, trisna. Sufiah papanipun wonten ing limpa lajeng miyos lumantar paningalan. Ingkang pungkasan inggih menika Muthmainah inggih menika nepsu ingkang nuwuhaken raos kaluhuranipun budi. Papanipun wonten ing balung miyos lumantar grana. Muthmainah dipungambaraken kados manah ingkang pethak (suci).

Adhedhasar andharan menika saged dipuntingali nilai budaya Jawi saking masarakat Desa Kedungsono ingkang kaandhut saking satuan lingual taningan papat inggih menika sesambetanipun kaliyan kosmologi jawi. Manungsa minangka mikrokosmos nyadhahri bilih gesang wonten alam donya menika boten saged uwal saking alam (makro kosmos). Alam ingkang ing mriki sabinipun para tani lajeng dirinipun pribadhi piyambakipun among tani (mikrokosmos). Antawisipun mikro kosmos kaliyan makro kosmos menika nggadhahi sesambetan ingkang dipunsebut kosmologi jawi. Kekalihipun boten saged dipunpisahaken, piyambakipun pitados bilih alam menika wonten ing batos saking dirinipun piyambak.

D. Winatesing Panaliten

Wonten ing panaliten menika, panaliti ngadhepi kawinatesan ingkang saged mangribawani kahanan saking panaliten ingkang dipuntindakaken. Menapa kemawon winatesing panaliten kaandharaken wonten ing ngandhap menika :

1. Boten wontenipun sumber ingkang mangertos kanthi pesthi sejarah utawi wiwitanipun tradhisi ngrimat pantun ing Desa Kedungsono menika katindakaken.
2. Saben paraga budaya ubarampe ingkang dipunginakaken boten jangkep utawi sampun ewah, amargi sampun dipunmangribawani majenging jaman.

Saking winatesing panaliten menika dipunkajengaken ing panaliten sakngajengipun saged dipuntliti faktor-faktor ewahipun lampahipun tradhisi ngrimat pantun. Semanten ugi saged dipuntliti kanthi dipungabungaken kaliyan *disiplin ilmu* sanesipun saupados mangertosi faktor-faktor ngengingi kawontenan tradhisi ngrimat pantun.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha wawan pirembaran babagan *konteks budaya* ingkang kaandhut saking *satuan lingual* salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono, Kabupaten Sukoharjo, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Kapanggihaken *satuan lingual* ingkang cacahipun wonten 27. *Satuan-satuan lingual* ingkang kapanggihaken saged dipuntingali *konteks* kabudayanipun kaperang arupi *ide/ gagasan* utawi angen-angenipun masarakat, *aktivitas* utawi tumindak masarakat ingkang dipunlampahi dening among tani salebeting ngrimat pantunipun, saha wujud barang-barang ingkang wonten minangka asilipun pangangen-angen masarakat Desa Kedungsono.
2. *Konteks budaya* ingkang ketingal saking *ide/ gagasan* masarakat Desa Kedungsono wonten 11 *satuan lingual*. Ewadene *konteks budaya* ingkang ketingal saking tumindak (*tingkah laku*) masarakat kapanggihaken wonten 12 *satuan lingual*. Salajengipun wonten 3 *satuan lingual* minangka gambaran *konteks* kabudayan masarakat Desa Kedungsono menawi dipuntingali saking barang ingkang mawujud. Ingkang pungkasan kapanggihaken ugi setunggal *satuan lingual* inggih menika wontenipun satuan ekspresi saking cariyos rakyat (*folklor*).
3. Nilai budaya ingkang saged dipun pendhet menawi dipuntingali saking *ide* utawi angen-angenipun masarakat Desa Kedungsono *konteks* kabudayan

ingkang ketingal inggih menika babagan *sistem religi*-nipun, inggih menika perangan kapitadosan. Kapitadosan ingkang ketingal saking *satuan lingual* salebeting tradhisi ngrimat pantun inggih menika (a) manembah dhumateng ngarsanipun Gusti Pangeran minangka *zat* ingkang paring pagesangan wonten ing alam donya menika. (b) kapitadosan dhateng para leluhur (nenek moyang) ingkang sampun langkung rumiyin tindak marak sowan dhumateng Pangeran. (c) kapitadosan ngengingi wontenipun Mbok Sri minangka *Dewi Kesuburan*, (4) kapitadosan ngengingi wontenipun panguwasa bumi (sabin) ingkang dipunginakaken kangge nanem pantun dening para among tani.

Satuan lingual ingkang kapanggihaken nedahaken menapa ingkang dipuntindakaken dening masarakat ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono menika minangka symbol utawi gambaran kabudayan, ing antawisipun kangge tolak bala, sedekah bumi minangka upah awit menapa ingkang dipunpikantuk dening among tani, tumindak-tumindak ingkang dipunlampahi anggenipun ngecakaken asiling panen supados cepak dipundhahar saben dintenipun saha saged dipunsimpen, saha tumindak-tumindak ingkang nggambaraken cara anggenipun manembah dhumateng ngarsanipun Allah SWT. Ingkang pungkasan inggih menika *satuan lingual* ingkang kagolong wujudipun barang minangka asilipun angen-angen para tani, inggih menika damel papan panggenan kangge nyimpen pantun.

B. Implikasi

Adhedhasar asil panaliten menika saged dipunmangertosi bilih lantaran *satuan lingual* salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono

saged kapendhet gambaran kabudayan saking salah satunggaling masarakat tartamtu. Wujudipun kabudayan menika minangka warisanipun para leluhur dhateng turunanipun ingkang ngadhahi *filosofi-filosofi* wonten ing pagesangan masarakat. *Konteks* kabudayan ingkang kaandhut wonten *satuan lingual* menika nggadhahi *nilai-nilai* budaya ingkang saged dipundadosaken pepeling kangge manungsa anggenipun nglampahi gesang wonten ing alam donya.

Asiling panaliten menika ngandharaken *konteks* kabudayan saking *satuan lingual* ingkang dipunandharaken dening among tani ing Desa Kedungsono nalika nindakaken tradhisi ngrimat pantun. Bab menika wigati dipuntliti amargi wonten *nilai-nilai* kabudayan ingkang kaandhut ngengingi larasipun gegayutanipun manungsa kaliyan Allah saha alam. *Nilai-nilai* budaya ingkang kaandhut saged dipungayutaken kaliyan *pendidikan moral* dhateng para generasi sakmenika. Upaminipun saged biyantu nalika mucal bab *pendidikan moral* ngengingi kados pundi tumindak ingkang sae anggenipun njagi larasipun gegayutan antawis manungsa kaliyan alam. Kados menapa ingkang dipunandharaken Garrard lumantar Herminingrum .S., et.al. (2020: 721-722) *Garrard's concept of the traditional approach, which "is meant to sustain moral claims about intrinsic value of the natural world, which will in turn affect our attitudes and behavior towards nature"*. Salajengipun wonten *nilai-nilai pendidikan spiritual* ngengingi cara anggenipun manambah dhumateng ngarsanipun Allah SWT.

C. Pramayogi

Upacara tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono minangka salah satunggaling warisan kabudayan ingkang luhur, bab menika saged

dipuntingali saking *nilai-nilai* kabudayan ingkang katingal saking *satuan-satuan lingual* masarakat Desa Kedungsono. Pramila saged dipun-*inventarisasi* wonten ing Dinas Kebudayaan Kabupaten Sukoharjo. Salajengipun dhumateng para kadang muda kedah tansah nglestantunaken warisan para leluhuripun. Panaliten menika ngrembag gayutan antawis basa kaliyan budaya. Panaliten menika dipuntindakaken kangge ndhudhah *konteks* kabudayan wonten ing *satuan ekspresi* salebeting tradhisi ngrimat pantun wonten ing Desa Kedungsono. Saking *nilai-nilai* kabudayan ingkang katingal menika saged dipunpendhet minangka patuladhan kangge among tani ing jaman sakmenika supados langkung njagi alamipun, supados bahan pangan wonten ing nagera menika saged nyekapi. Salajengipun dipunkajengaken samangke wonten panaliten malih, mliginipun bab *satuan ekspresi* kaliyan kabudayan saking upacara tradhisi ingkang dipuntindakaken dening masarakat Desa Kedungsono. Dipunkajengaken *konteks* kabudayan ingkang dereng katingal, saged dipuntuwuhaken supados saged dipunmangertosi dening masarakat umum.

KAPUSTAKAN

- Abdullah, W. (2014). *Etnolinguistik (Teori Metode Aplikasinya)*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Abdullah, W. (2016). *Javanese Language and Culture in the Expression of Kebo Bule in Surakarta: An Ethnolinguistic Study*. *Jurnal Komunitas*, 8(2), 286-294. doi:DOI: <http://dx.doi.org/10.15294/komunitas.v8i2.7195> Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Abdullah, W. (2016). *Ethnolinguistic Study of Local Wisdom in Ex-Residency of Surakarta*. *Humaniora*, 28(3), 279-289.
- Agustin, A. B. (2019). *Javanese Muslim Local Culture And Tradition In Islamic Perspective*. *Sunan Kalijaga International Journal on Islamic Educational Research (SKIJIER)*, 3(1), 15-24. <http://ejournal.uin-suka.ac.id/tarbiyah/index.php/SKIJIER/article/view/2784/1707>
- Alwasilah, A.C. 2008. *Filsafat Bahasa dan Pendidikan*. Bandung: Sekolah Pascasarjana UPI dan Remaja Rosdakarya.
- Ariyono, Suyono .A., Siregar .A. (1985). *Kamus Antropologi*. Jakarta: Akademika Pressindo.
- Asmito. (1988). *Sejarah Kebudayaan Indonesia*. Jakarta: DEPDIKBUD.
- Baehaqie, I. (2014). *Jenang Mancawarna sebagai Simbol Multikulturalisme Masyarakat Jawa*. *Jurnal Komunitas*, 6(1), 180-188.
- Baehaqie, I. (2017). *Makna Semiotis Nama-Nama Makanan Dalam Sesaji Selamatan Tingkebandi Dukuh Pelem, Kabupaten Wonogiri*. *LITERA*, 16(2).
- Chaer, A. (2012). *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, A. (2013). *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*: Rineka Cipta.
- Chafidhi . U., Rais .A. W., Purnanto .D. (2019). *Verbal and Non-Verbal Expression in Javanese Language of the Coastal Community in Banjar Kemuning Village, Sidoarjo*. *International Journal of Multicultur and Multireligious Understanding*, 6(6), 185-194.
- Dako, R. T., Suhandono, Watle .A. M., (2017). *Philosophical Values in Traditional Procession of 'Motolobalango' in Gorontalo Society*. *Journal of Arts and Humanities*. 6(4), 14-26.
- Darwis, R. (2017). *Tradisi Ngaruwat Bumi dalam Kehidupan Masyarakat (Studi Deskriptif Kampung Cihideung Girang Desa Sukakerti Kecamatan Cisolak Kabupaten Subang)*. *Religious: Jurnal Studi Agama-agama dan Lintas Budaya*, 2(1), 75-83. Retrived From

https://journal.uinsgd.ac.id/index.php/Religious/article/download/2361/pdf_23

- Duranti, A. (2003). *Linguistic Anthropology*. Cambridge: University Press.
- Eisenberg .N., Reykowski .J., Staub .E. (2016). *Social and Moral Values*. Routledge: London.
- Endraswara, S. (2006). *Folklor Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Endraswara, S. (2009). *Metodologi penelitian Folklor (Konsep, Teori, dan Aplikasi)*. Jakarta: Buku Kita.
- Farida, Umi. (2017). *Istilah peralatan Hidup Tradisional Masyarakat di daerah Temanggung*. Balai Bahaa Ajwa tengah. Kemendikbud. Semarang.
- Foley, W. A. (2001). *Anthropological Linguistics*. Oxford: Blackwell.
- Griyanti, H. E, Sunardi., Wardo. (2018). *Digging the Traces of Islam in Baritan Tradition*. International Journal of Multicultural and Multireligious Understanding. 5(3), 52-59.
- Haryanti, D., Wahyudi .A. (2007). *Ungkapan Etnis petani Jawa di Desa Japanan Kecamatan Cawas, Kabupaten Klaten: Kajian Etnolinguistik dalam Kajian Linguistik dan Sastra*, 19(1). Yogyakarta: FIB Universitas Gadjah Mada.
- Herdiansyah, H. (2013). *Wawancara, observasi, dan Focus Groups*. Depok: PT. Rajagrafindo Persada.
- Herimanto, Winarno. (2011). *Ilmu Sosial dan Budaya Dasar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Herusatoto, B. (2001). *Simbolisme Dalam Budaya*. Yogyakarta: Hanindita.
- Honigmann. (1959). *The World of Man*. New York: Harper & Row.
- Hymes, D. (1964). *Language in Culture and Society A Reader in Linguistics and Anthropology*. New York: Harper and Row.
- Keeler .W. (2017). *Javanese Shadow Plays, Javanese Selves*. Princeton University Press: New Jersey.
- Kluckhohn, C. (1952). *Universal Categories of Culture in Anthropology Today*. Chicago IL: Chicago Press.
- Koentjaraningrat. (1980). *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat. (1996). *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.

- Koentjaraningrat. (1992). *Beberapa Pokok Antropologi sosial*. Jakarta: Dian Rakyat.
- Kurnia, E. D., Ferdianto .S.A. (2018). *Parikan in Ludruk's Kidungan An Ethnolinguistics Study*. *Advances in Social Science, Education, and Humanities Research*, 16(6).
- Mahardika, S. (2015). *Aspek Sosial Budaya dalam Folklor Makam Ki Ageng Balak dan Fungsinya Bagi Masyarakat Desa Mertan Kecamatan Bendosari Kabupaten Sukoharjo : Tinjauan Resepsi Sastra Danimplementasinya Sebagai Bahan Ajar Sastra Indonesia di SMA*. Artikel Publikasi Skripsi 1. Surakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, IKIP UMS.
- Moleong, L. J. (2012). *Metode Penelitian Kualitatif*. Edisi Revisi. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nirmala, D. 2015. *Javanes Cultural Word in Local Newspapers in Central Java as a Language Maintenance Model*. *Humaniora*, 27(3), 293-304. <https://jurnal.ugm.ac.id/jurnal-humaniora/article/view/10589/7978>
- Padmosoekotjo, S. (1981). *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Peursen .V. (1976). *Strategi Kebudayaan*. Jakarta: Kanisus.
- Poerwadarminta, W. J. S. (1939). *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Puspitasari, A. H., Nurhaeni .D.A., Muktiyo .W., (2019). *Conformity of Javanese Cultural Values in Early Marriage : Case Study of Farmer Family Communication*. *International Journal of Multicultural and Multireligious Understanding*. 6(2), 1-7.
- Putra, A. (1997). “*Etnolinguistik: Beberapa Bentuk Kajian*”. Makalah dalam Temu Ilmiah Bahasa dan Sastra di Yogyakarta 26-27 Maret 1997.
- Soekanto .S. (1990). *Sosiologi suatu pengantar* edisi ke-4. Jakarta: Rajawali Press.
- Suparyanto .P. (2019). *Bhimas's Mystical Quest (As a Model of Javanese Spiritual Growth)*. Lit Verlag GmbH & Co. KG Wien: Zurich.
- Suyanto. (1990). *Pandangan Hidup Jawa*. Semarang: Dahana Prize.
- Suyanto, B. 2005. *Metode Penelitian Sosial*. Jakarta: Kencana Prenanda Media Group.
- Sztompka .P. (2007). *Sosiologi Perubahan Sosial*. Jakarta: Prenada Media Grup.

- Wiryomartono .B. (2016). *Javanese Culture and the Meanings of Locality (studies on the arts, urbanism, polity, and society)*. Lexington Books: London.
- Wood .J. W., (2020). *The Biodemography of Subsistence Farming*. Cambridge University Press: Cambridge.
- Wulansari, D. (2016). *Bahasa Pantun dalam Makna dan Budaya Masyarakat Melayu: Sebuah Kajian Etnolinguistik*. Jurnal Society, VI(I). <https://society.fisip.ubb.ac.id/index.php/society/article/view/31>
- Zakiah .Q. Y., Rusdiana .A. (2014). *Pendidikan Nilai (Kajian Teori dan Praktik di Sekolah)*. Bandung: Pustaka Setia.

LAMPIRAN

Cathetan Lapangan *Observasi I*

Dinten/ Tanggal : Senin, 24 Juli 2019
Wekdal : 08.00 – 10.00 WIB
Papan : Kelurahan Desa Kedungsono
Topik : Kahanan Geografis
Asiling Observasi :



Desa Kedungsono inggih menika salah satunggaling desa utawi kelurahan ingkang mapan wonten ing Kecamatan Bulu, Kabupaten Sukoharjo, Provinsi Jawa Tengah. Wiyaripun Desa Kedungsono menika udakara 443.044 Ha. Desa Kedungsono kaperang dados; 78.104 Ha minangka sawah tadhah udan, 142.5 Ha pekarangan, 112.05 tegalan, 103.70 Ha awujud siti nagari, saha 6. 69 Ha kaginakaken minangka fasilitas umum, makam, saha margi. Data statis watesipun Desa Kedungsono inggih menika; Sisih wetan watesipun kaliyan Desa Kepatihan

saha Desa Pule, Sisih kidul watesipun inggih menika Desa Gunungan Kecamatan Manyaran, Sisih kilen watesipun kaliyan Desa Gentan Kecamatan Bulu, ewadene sisih ler tapel watesipun inggih menika kaliyan Desa Tiyan. Warga Kedungsono gunggungipun sedaya wonten 4790 jiwa, 2414 jaler saha 2376 estri, menawi kaetang kanthi jumlah Kepala Keluarga kaperang dados 1743 Kepala Keluarga.

b. Asal Usulipun Kedungsono

Asal usulipun nama Desa Kedungsono dipunandharaken dening CLW 04 kados ing ngandhap menika :

Wektu kuwi nek Kedungsono kuwi ana kedhung. Kedhung kuwi dinggo adu kasekten gelut antarane Kyai Kedungsono karo Kyai Patih. Nah loro-lorone padha sektine. Diadhu kanggo ngopek kambil. Sing Kyai Patih kuwi mung ndhodhog wit kambil iso njiblok kambile. Nah sing Kyai Kedungsono njupuk kambile ngetokne kesaktiane mung nelungne wite kambil dadi bisa milih kambile, ora gur sak-sake kambil. Adu kesaktian sing kepindho adu lesung. Lesung kuwi bisa berik mlaku dhewe amarga diadu nganggo kekuatane Kyai loro kuwi mau. Diangkat terus didu utawi ditabrakne sing menang ya Kyai Kedungsono. Terus ana meneh sing dhudhuk garut. Sing Kyai Kedungsono gur dicabut bisa metu garute. Ewadene sing Kyai Kepatihan dhudhuke garut nganggo pacul. Akhire diputusne Kyai Kedungsono sing menang. Mulane desa kuwi diarani Desa Kedungsono. Nek versi liyane. Enek panggonan sing dinggo mertapa utawa ritual. Sisih wetan alas nggegunung. Ana sendhang sing jumlahe sanga. Sendhang iku manggone nek watu platar dadi sendhang sing dudu nek lemah tapi nek watu. Watu kuwi bolong-bolong kaya gendhong kae, metu sumbere. Nah papan kana mau dinggo ritual nek semisal arep

rejekine lancar mesti uwong kuwi bisa nemokake sendhang sing jumlahe sanga. Tapi nek semisal ora ketemu berarti rejekine ora patio lancar. Ngonu ndhuk. Dadi lha mboko sendhang kuwi ana nek uwong kuwi ora lancar rejekine ya ora ketemu sendhange. Kuwi okeh ndhuk sing nggoleki sendhang kuwi ndhuk. Tiga rendheng kuwi ana banyune. Banyune ora gemblidhig ngono. Ning ana banyune nek jero sendhang kuwi.”

c. Sejarah Tradhisi Ngrimat Pantun ing Desa Kedungsono

Upacara tradhisi ngrimat pantun inggih menika salah satunggaling tradhisi wonten ing Desa Kedungsono ingkang katindakaken saklaminipun taneman pantun tuwuh wonten ing sabin, wiwit saking nanem dumugi wancinipun panen. Asal-usulipun *tradisi* ngrimat pantun piyambak boten wonten ingkang mangertos kasunyatanipun. Boten wonten sumber ingkang *akurat* kangge mangertosi kados pundi wiwitan asal-usulipun upacara adat menika katindakaken.

Saking paraga budaya piyambak menika ugi boten mangertos sejarahipun para leluhuripun kala semanten kados pundi wiwit ngawontenaken adicara menika. Saking sumber ingkang kaimpun, kagiyatan upacara tradhisi ngrimat pantun katindakaken kangge nyenyuwun supados pantun ingkang dipuntanem saged kasil sae saha nglajengaken warisan para leluhuripun.

Adhedhedhasar menapa ingkang kaandharaken dening paraga budaya menika dipuncariyosaken bilih kala jaman semanten sakderengipun agami islam mlebet wonten ing tlatah Jawi, tiyang Jawi menika ngrasuk agami Hindhu Budha saha wonten ingkang pitados bilih alam donya menika nggadhahi kekiyatan.

Masyarakat wonten ing Desa Kedungsono mliginipun among tani nggadhahi kapitadosan bilih sabin ingkang dipungarap kangge nanem pantun menika wonten ingkang nggadhahi saha paring dhaharan. Pramila sakderengipun ngginakaken sabin kangge nanem among tani kedah nyuwun sewu rumiyin. Semanten ugi nalika sampun wancinipun panen, among tani sampun sakmesthinipun paring opah dhateng buminipun.

Tradhisi ngrimat pantun saged dadosaken pepiling dhateng para *generasi* salajengipun ngengingi kawontenanipun Allah SWT saha alam. Lumantar tradhisi ngrimat pantun, saged katingal sesambetan sae antawisipun manungsa kaliyan bumi ingkang dipunanggep sampun nyawisaken dhaharan kangge nyekapi kabetahan saben dintenipun. Semanten ugi sesambetan manungsa kaliyan Pangeranipun, anggenipun dedonga nyenyuwun dhumateng Gusti Allah ingkang dipunwujudaken lumantar upacara tradhisi.

Lampahing upacara tradhisi wonten ubarampe ingkang dipunginakaken minangka srana anggenipun dedonga. Miturut cariyosipun ubarampe ingkang dipunginakaken minangka tilaran saking ajaran agami Hindu Budha ing jaman rumiyin. Salajengipun nalika agami Islam mlebet wonten ing tlatah Jawi para wali lajeng nglebetaken pituduh ajaran Islam kaliyan budaya lokal ingkang sampun mlampah wonten pagesanganipun masarakat. Kanthi jagi sesambetanipun kaliyan Pangeran saha buminipun, para among tani pitados bilih samangke badhe ngasilaken panen pantun ingkang sae. Awit saking menika tradhisi ngrimat pantun taksih katindakaken dhateng among tani wonten ing Desa Kedungsono.

d. Paraga Upacara Tradhisi Ngrimat Pantun

Upacara *tradisi* ingkang katindakaken boten badhe lumampah menawi boten wonten paraganipun (pelaku). Paraga ingkang asipat umum, ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ngrimat inggih menika para warga masyarakat Desa Kedungsono. Para warga masyarakat ingkang ngawontenaken upacara tradhisi ngrimat pantun inggih menika among tani.

Among tani inggih menika salah satunggaling tiyang ingkang nggarap sabin lajeng dipuntanemi jinis-jinis taneman ingkang samangke saged nyekapi kabetahan gesang. Wonten ing Desa kedungsono adhedhasar *data* ingkang kaimpun saking Kantor Kelurahan Desa Kedungsono bilih warga masarakat ingkang padamelanipun tetanen udakara wonten 4, 26 % utawi 204 jiwa. Salajengipun wonten ugi ingkang padamelanipun buruh tani, utawi tiyang ingkang boten gadhah sabin ananging nyewa utawi tumut dados buruh wonten ing sabin tangganipun, tiyang ingkang dados buruh menika wonten 5, 45 % utawi 261 jiwa.

Tradhisi ngrimat pantun katindakaken mawi *individual*, tegesipun antawisipun tani setunggal kaliyan senesipun menika boten sesarengan. Saben prosesi tradhisi ngrimat pantun among tani nindakaken piyambak-piyambak kanthi nggatosaken dinten nas kulawarganipun piyambak-piyambak.

Cathetan Lapangan Observasi II

Dinten/ Tanggal : Sabtu, 05 Januari 2019
Wekdal : 05.30 – 06.30 WIB
Papan : Dalemipun Mbah Minten saha Sabin
Topik : Wiwitan
Asiling Panaliten :

Wiwitan asalipun saking tembung wiwit lajeng pikantuk panambang (-an). Wiwit tegesipun inggih menika dipunlekasi, lajeng pikantuk panambang (-an) menika dadosaken tembung aran. Tradhisi wiwitan inggih menika salah satunggaling tradhisi ingkang dipuntindakaken dening para tani anggenipun nglekasi nanem pantun wonten ing sabin. Tradhisi menika dipuntindakaken kangge mundhi-mundhi dening Mbok Sri utawi ingkang sering dipunsebut kaliyan Dewi Sri saha Semara Bumi inggih menika *Sang Pemilik Bumi*. Warga Desa mliginipun among tani gadhah pitados bilih siti utawi bumi menika wonten ingkang gadhahi. Pramila sakderengipun namon pantun menika piyambakipun “njawab” utawi “nembung” rumiyin.

Warga Desa Kedungsno anggenipun nindakaken tradhisi wiwitan boten dipuntindakaken sareng-sareng lajeng dipunpimpim salah setunggal warga ingkang dipunanggep pamengku adat. Ananging para among tani wonten Desa Kedungsono menika anggenipun nindakaken tradhisi wiwitan gumantung pribadhinipun piyambak-piyambak utawi kanthi *individual*.

Dipuntindakaken kados mekaten amargi saben dalem utawi *kepala keluarga* gadhah dinten ingkang dipunanggep “nass” piyambak-piyambak. Dinten “nass” inggih menika dinten ingkang dipunanggep boten sae utawi pantangan setunggal kulawarga kangge nindakaken bab-bab tartamtu. Bab-bab tartamtu ingkang boten dipunpikantukaken nalika dinten “nass” miturut kapitadosan warga masarakat Desa Kedungsono kadosta: boten angsal tindak perantauan, boten angsal nindakaken panen, wiwitan, gadhah damel, lan sapanunggalanipun. Pramila saking mekaten

dinten anggenipun tradhisi wiwitan kedah dinten ingkang dipunanggep sae. Supados menapa ingkang dipunkajengaken ugi saged sae.

Sakderengipun tradhisi wiwitan dipuntindakaken, among tani menika nyamaptakaken rumiyin ubarampe ingkang kangge sarat wiwit menika. Ubarampe ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika kados thakir ingkang wosipun brambang, bawang, gendhis jawi, klapa, kunir, kacang tholo, sarem, sekar mlathi, beras, saha lombok. Sanesipun ingkang kedah dipunsamamptaken inggih wonten bung, laos, lumbu, sekar boreh, jarak, saha sekar pantun.

Ubarampe kalawau saperangan saged dipunpadosi wonten kebon kemawon ananging wonten ugi ingkang kedah dipunpundhut wonten ing peken. Kados wosing thakir kalawau saged dipunpendhet wonten ing bumbon pawon. Bung, ron laos, lumbu saged dipunpaanggihi wonten ing kebon utawi tegalanipun warga masarakat Desa Kedungsono. Sekar pantun saged dipundamel piyambak. Bahanipun sekar pantun inggih menika sekul sakpulukan, sarem, gendhis jawi, saha parutan klapa lajeng dipunremet-remet dipunwadhahi wonten ing rantang. Ewadene sekar borek menika kedah mundhut wonten ing pasar. Dados enjing menika sakderengipun tradhisi wiwitan dipuntindakaken sedaya ubarampe kalawau kedah dipunsamaptakaken rumiyin. Menawi sedaya ubarampe sampun samapta lajeng among tani tindak dhateng sabinipun piyambak ngasta ubarampe utawi sajen kangge miwiti tradhisi wiwitan menika.

Saklajengipun menawi among tani sampun rawuh wonten ing sabin. Ubarampe kalawau dipuntata wonten ing pojokan. Inkang dados titik pojokan menika boten wonten paugeran tartamtu ingkang baku sisih pundi anggenipun among tani miwiti nanem pantun menika. ing ngenjing menika keleresan sabinipun Mbah Minten menika nindaken tradhisi wiwitan pantun papan ingkang dipunagem inggih menika pojokan sisih wetan ler (*timur laut*).

Dipunpapanaken wonten ing sisih mriki amargi biasanipun Mbah Minten saha kanca-kancanipun anggenipun miwiti nanem pantun saking sisih wetan mandhekipun ngaler. Sisih wetan dipunpilih amargi caket kaliyan margi.

Anggenipun nata wit bung, laos, lumbu, saha jarak kalawau dipuntancepaken wonten siti sabin. Lajeng menawi sekar boreh, sekar pantun, saha thakir ingkang wosipun brambang, bawang, gendhis jawi, klapa, kunir, kacang tholo, sareng, sekar mlathi, beras, saha lombok dipunselehne kemawon wonten caketipun. Boten kesupen among tani ugi ngasta pantun ingkang sampun dipundhaud saking pinihan kangge miwiti pantun menika dipuntanem.

Saksampunipun ubarampe sampun tumata lajeng dipuntindakan upacara tradhisi, inggih menika tradhisi wiwitan. Tradhisi ingkang gamabaraken bilih among tani badhe nindakaken nanem pantun ing sabin mriku. Pramili dipunwiwiti utawi dipunlekasi kanthi “nembung” dhateng bumi utawi siti ingkang dipuntanemi pantun menika saha dhateng Mbok Sri ingkang dipunanggep Dewi Pantun dening masarakat Desa Kedungsono mliginipun para tani. Anggenipun ngadani tradhisi wiwit menika Mbah Minten minangka pelaku tradhisi lenggah ndodog kaliyan matur mawi mantra. Istilah mantra boten radi ngrembaka wonten masarakat Desa Kedungsono ananging piyambakipun langkung nyebut menika kanthi *istilah* “jawab”. Anggenipun jawab kados mekaten:

*“Bismiillahirrohmanirrohim,
semara bumi,
ibu bumi bapa kuasa,
aku nitipake wiji pari ning kene,
sageda ijo royo-royo kaya godhong dlingo,
supayane dadi pari.”*

Sakbubaripun jawab menika kaaturaken lajeng among tani lajeng jumeneng. Pantun ingkang dipungegem kalawau lajeng dipuntanem udakara 10 ceblokan. Saking pantun ingkang dipuntanem menika kalawau sampun nerangaken bilih nanem pantun sampun dipunwiwiti. Salajengipun Mbah Minten kaliyan para buruh tani sesarengan saged nanem pantun ing sabin menika dumugi rampung.

Cathetan Lapangan Observasi III

Dinten/ Tanggal : Minggu, 03 Maret 2019
Wekdal : 13.00 – 13.30 WIB
Papan : Dalemipun Mbah Minten saha Sabin
Topik : Rujakan
Asiling Panaliten :

Tradhisi ngrimat pantun sakbibaipun prosesi wiwitan lajeng prosesi ingkang angka kalih inggih menika dipunadani tradhisi rujakan. Tradhisi rujakan inggih menika tradhisi ingkang dipuntindakaken nalika pantun sampun wancinipun mbledug. Patun ingkang mbledug menika kinten-kinten umuripun udakara 2 wulan. Pantun ingkang mbledug menika dipuntitiki kanthi wontenipun bakal gabah wonten ing damen, saged ugi dipunsebut taneman pantun menika sampun medalaken bakal gabah saking damenipun (*malai*).

Menawi wancinipun pantun sampun mbledug para among tani nganggep bilih Mbok Sri utawi Dewi Sri menika nembe ngawrat. Biasanipun tiyang ngrawat menika ngraosaken menapa ingkang dipunsebut nyidam. Bab mekaten ugi ingkang dipunpenggalih dening among tani dening Mbok Sri. Mbok Sri nembe ngewrat pantun, dados piyambakipun tamtu ngraosaken nyidam dados ngersakaken dhaharan ingkang seger-seger. Awit saking mekaten para among tani ngawontenaken tradhisi rujakan, inggih menika damel rujak ingkang dipuncaosaken wonten ing sabin. Ancasipun tradhisi rujakan kalawau minangka raos bingahipun para among tani amargi pantunipun sampun ketingal gabahipun dhumateng Mbok Sri. Pramila dipunsukani rujak supados Mbok Sri saged seger anggenipun ngewrat gabah menika. Supados bakal gabah kalawau saged ngasilaken gabah ingkang lemu saha aos wosipun gabah mentes.

Sakderengipun tradhisi rujakan kalawau dipunadani, lakung ruminiyin kedah nyamaptakaken ubarambe woh-wohan ingkang dipunbetahaken damel rujak menika. anggenipun damel rujak boten wonten sabin ananging wonten dalemipun

among tani. Kaleresan *observasi* damel rujak menika wonten ing dalemipun Mbah Minten. Woh-wohan ingkang kedah dipunsamaptaken wonten pala kependhem saha pala gumandhul inggih menika kadosta : laos, benting, mlandhing ingkang taksih enem, tela, besusu, jambu kluthuk, saha dondong. Sedaya woh-wohan kalawau taksih mentah boten wonten ingkang mateng. Lajeng kangge damel bumbunipun rujak ingkang dipunbetahaken inggih menika lombok rawit, sarem, gendhis jawi, saha kunir. Sedaya umbarampe kangge tradhisi rujakan kalawau saged dipundhut wonten pasar. Malah kepara menawi sampun gadhah taneman piyambak boten perlu mundhut wonten peken. Boten kesupen piranti kangge ndheplok rujak kalawau inggih menika lumpang sela ingkang alit saha alu.

Sasampunipun sedaya piranti saha ubarapenipun sampun samapta. Woh-wohan kalawau dipunonceki lajeng dipunkumbah ngangem toya ingkang resik. Sepisan lamtoro ingkang taksih enem dipunpethili lajeng gagangipun kangge ngusap-usap lumpangipun. Lumpangipun dipunusap-usap supados rujakipun samangke hasilipun nalika dipundheplok boten mambu lumpang saengga ngasilaken rujak ingkang seger. Salajengipun bumbu rujak ingkang sampun samapta kalawau inggih menika lombok rawit, sarem, gendhis jawi, saha kunir dipundheplok wonten lumpang selo. Menawi bumbunipun sampun lembut lajeng woh-wohan kadosta laos, benting, mlandhing ingkang taksih enem, tela, besusu, jambu kluthuk, saha dondong dipunlebetaken setunggal mboka setunggal sinambi dipundheplok.



Sasampunipun damel rujak sampun rampung, rujak kalawau lajeng dipunbungkus ngagem ron pisang lajeng dipunasta dhateng sabinnipun among tani. Warga masarakat Desa Kedungsono mliginipun among tani anggenipun bungkus rujak kalawa dipundadosaken sekawan. Saben bungkusipun samangke badhe dipuncaosaken wonten ing pojokan-pojokaning sabin. Damelipun sekawan bungkus amargi wujud kedhokan sawahipun para among tani ing Desa Kedungsono kothak. Pramila saking wujud kothak kalawau nggadhahi pookan ingkang cacahipun sekawan.



Saben nyaosaken rujak sami kaliyan nalika wiwitan, boten wonten paugeran tartamtu papan pundi ingkang kedah dipunrumiyini. Biasanipun among tani Desa Kedungsono anggenipun nyaosaken sepindhah ingkang caket kaliyan margi. Sabibaripun dipunlajengaken kanthi runtut muter setunggal arah kaliyan puteranipun jam. Kados ingkang dipuntindakaken Mbah Minten nalika nindakaken tradhisi rujakan. Inggang sepisan dipuncaosi inggih menika pojokan sabin sisih wetan kidul (*tenggara*). Lajeng mlampah ngilen nyaosaken rujak malih wonten sisih kidul kilen (*barat daya*). Salajengipun mlampah ngaler kangge nyaosi rujak wonten ing sisih kilen ler (*barat laut*). Inggang pungkasan ingih menika nyaosaken rujak wonten sisih ler wetan (*timur laut*).

Among tani ing Desa Kedungsono anggenipun nyaosaken rujak saben pojokan kalawau ugi sinambi “jawab” utawi nyebutaken mantra ingkang kados mekaten :

*“Bismillahirrohmanirrohim
Mbok Sri,
Iki wis wancine nyidham-idhamane.
Wis wancine dandan pari.
Iki lho tak gawekne rujak seger
Supaya seger anggonmu nyidam.”*

Mantra kasebut dipunngendikaken nalika nyaosaken wonten saben pojokan sabin, dados anggenipun “jawab” ugi kaping sekawan. Mantra menika wujud anggenipun pasrah ngaturaken rujak dhateng Mbok Sri saking among tani.

Cathetan Lapangan Observasi IV

Dinten/ Tanggal : Sabtu, 06 April 2019
Wekdal : 05.00 – 06.30 WIB
Papan : Dalemipun Mbah Minten saha Sabin
Topik : Metik Pari
Asiling Panaliten :

Tradhisi ngrimat pantun ingkang pungkasan inggih menika metik pari. Tradhisi metik pari inggih menika tradhisi ngrimat pantun nalika pantun sampun wancinipun pantun badhe dipunpanen. Wujudipun tradhisi metik pari menika nyaosi sekul liwet sakubarampenipun katujokaken dhateng Tuhan Mbok Sri utawi Dewi Sri. Kapitadosanipun warga masarakat Desa Kedungsono nindakaken upacara kalawau minangka wujud raos sukur saha panuwun dhumateng Maha Kuasa bilih sampun dipunparingi hasil panen ingkang arupi pantun. Kejawi menika among tani ugi pitados bilih hasiling panen menika boten uwal saking **campur tangan** saking mbok Sri ingkang sampun jagi pantun menika dumugi wanci panen.

Tradhisi metik pari saged dipuntegesi bilih tradhisi menika dipunadani kangge amboyong Mbok Sri saking sabin dhateng dalemipun para among tani. Diasanipun dipuntindakaken sakderengipun among tani panen. Dinten ingkang dipunpilih menika ugi sami nalika nindakaken prosesi wiwitan inggih menika kedah nggatosaken dintes nass saben among tani. Biyasanipun nassipun menika anggenipan nemtokaken dipunpasaken kaliyan pasaran dinten jawi. Nindakaken tradhisi ingkang mujudaken raos sukur menika kedah nggatosaken dinten ingkang sae supados hajat utawi kekajengan ingkang dipunkajengaken saged kasembadan.

Para warga Desa Kedungsono mliginipun among tani nindakaken tradhisi meti pari kalawau boten sareng-sareng kaliyan tani sanesipun. Tradhisi metik pari menika dipunadani gumantung wanci panenipun piyambak-piyambak.

Dipuntindakaken kados mekaten amargi umur pantun menika antawisipun tani setunggal kaliyan sanesipun beda.

Sakderengipun tradhisi wiwitan dipuntindakaken, among tani menika nyamaptakaken rumiyin ubarampe ingkang kangge sarat wiwit menika. Ubarampe ingkang kedah dipunsamaptakaken inggih menika sekul liwet, sekul penak, gerih pethek, godhong turi saha godhong bentis, parutan kunir, lintingan katul, lawuhan, tigan, sekar boreh. Beda kaliyan nindakken rujakan bilih woh-wohan ingkang dipunginakaken menika sarwa mentah, wonten prosesi metik pari sekul liwet sakubarampenipun menika kedah dipunmasak langkung rumiyin kajawi sekar boreh. Anggenipun masak wonten ingkang dipunliwet, dipungodhog ugi wonten ingkang dipunsangrai.

Sasampunipun sedaya ubarampe menika sampun samapta lajeng enjing, sakderengipun prosesi tradhisi metik pari katindakaken. Langukung rumiyin Mbah Minten minangka among tani ingkang badhe nindakaken metik pari masak rumiyin wonten dalemipun. Dipunwiwiti kanthi adang sekul sinambi nggodhog ubarampe kados tigan, lintingan katul, ron turi saha bentis. Lajeng damel lawuhan kangge gandhenganipun sekul penak. Lawuhanipun menika boten wonten pathokan ingkang wigati gumantung sakgadhahipun para among tani. Mbah minten anggenipun damel lawuhan kaleresan damel oseng tahu kaliyan bihun. Salajengipun ugi wonten ubarampe ingkang kedah dipungarang kados dipungarang wonten wingko. Ubarampoe ingkang dipungarang wonten wingka kadosta kacang tholo, sekul liwet, saha beras. Beras ingkang dipunsangrai menika samangke badhe dipunuleni kaliyan gendhis jawi. Boten kesupen ingkang dados khasipun gerih pethek ingkang dipunginakaken wonten tradhisi metik pari menika. gerih pethek menika anggenipun masak ugi dipungarang wonten ing wingko.

Menawi sedaya ubarampe sampun samapta saha mateng salajengipun dipunbeta dhateng sabin. Sedaya ubarampe kalawau dipuntata wonten ing tengah kedhokan sabin. Dipuntata wonten tengah kedhokan sabin amargi supados mbok sri (pantun) wonten ing sisih wetan, kidul, ler, saha kilen saged kempal dados setunggal wonten ing tengah lajeng samangke badhe dipunboyong dhateng

gedhong peteng. Gedhong peteng ingkang dipunsebutaken dening among tani Desa Kedungsono menika ateges lumbung pantun inggih menika papan peteng ingkang ginanipun kangge nyimpen gabah.

Tradisi metik pari dipunwiwiti kanthi among tani menika ngaturaken donga utawi mantra ingkang kados mekaten :

*“Bismiillahirrohmanirrohim,
semara bumi,
ibu bumi bapa kuasa,
wis wancine amboyong nyang gedhong peteng,
sing ana wetan, kidul, kulon, lor
ayo tututana salakuku.”*

Sakbibaripun menika Mbah Minten jumeneng lajeng methiki pari ngagem arit, menawi kala rumiyin ngendikanipun ngagem ani-ani ananging majenging jaman sampun ngginaen arit. Pantun ingkang dipunpethik nalika tradhisi menika katindakken udakara setunggal gegem. Kanthi metik menika Mbah Minten sampun sah bilih sekul liwet sampun diaturaken saha mrantdhani bilih panen sampun katindakaken. Sekul liwet sakubarampenipun kalawau lajeng dipunpendhet dening tiyang sanes kangge dhaharan. Biasanipun anggenipun mendhet menawi among tani ingkang nindakaken tradhisi metik pari menika sampun rampung anggenipun nindakaken prosesi. Pantun igkang setunggal gegem ingkang dipunpetik kalwau boten dicampur nalika panen. Ananging pantun menika dipuntaleni lajeng dipunsimpen wonten gedhong.

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 01

Informan : Mbah Wiji
Yuswa : 70 tahun
Pakaryan : Tani
Dinten/Tanggal : Minggu, 28 November 2019
Papan : Dalemipun Mbah Wiji

Meirika : “Sugeng sonten Mbah, badhe nyuwun wekdalipun sekedhap. Badhe nyuwun pirsababagan wiwitan kalih metik pari mbah.”

Mbah Wiji : “Ya ndhuk, kene. Penakne kene.”

Meirika : “Miturut panjenengan wiwitan menika menapa nggih?”

Mbah Wiji : “Wiwitan ki ya ngguwaki kembang sakdurunge tandur kuwi ndhuk. Nek arep arep tandur kae ta sakdurunge tandur luwih dhisik wiwit karo nyebloki pirang luwang ngono. Jawab nek pojokan sawah ngono kae karo ngguwaki kembang.”

Meirika : “Pirantinipun menapa kemawon Mbah?”

Mbah Wiji : “Godhong pulutan nek enek ndhuk, nek ra enek ya ra sah nganggo ora apa-apa, wit jarak, bung, kunir, kembang boreh apa kembang boreh, kembang pari.”

Meirika : “Kembang pari menika menapa Mbah?”

Mbah Wiji : “Nek jaman biyen kembang pari kuwi ketan ndhuk, nek saiki ak ya gur sega sakcukupe wae, udakara sakepel tak campuri kambil karo gula jawa diremet karo uyah diwadhahi rengkot. Jaman biyen arep nek arep nyang sawah nggawa rengkot. Saiki enek plastik ya gur tak wenehne rantang wae ndhuk.”

- Meirika : “Kembang parine menika srananipun kangge menapa Mbah ?”
- Mbah Wiji : “Ya digawa nek wiwit kuwi, digawa menyang sawah.”
- Meirika : “Katujokaken kangge sinten Mbah?”
- Mbah Wiji : “Opahe kanggo Mbok Sri ndhuk. Dadi Mbok Sri kuwi diopahi awujud kembang pari sakubarampe kuwi mau. Lha diwenahi godhong lumbu utawa temu utawa kunir karo laos supayane tanduran kuwi mengko lemu tur aos.”
- Meirika : “Srana utawi maknanipun menapa Mbah ?”
- Mbah Wiji : “Nek kembang pari ya kuwi mau nggo ngopahi Mbok Sri ben jaga tandure. Lha terus mengko nek pari wis pating krentheng mlenthus-mlenthus kae digawekne rujak.”
- Meirika : “Bahanipun rujak menapa mawon Mbah ?”
- Mbah Wiji : “Godhong laos, temu lawak apa temu giring, bentis, ya yen enek babal, blimbing, nek enek. Nek ra enek ya uwis. Sak anane wae ndhuk.”
- Meirika : “Anggenipun jawab utawi donganipun kados pundi Mbah ?”
- Mbah Wiji : “Jawab pas wiwitane ngene ndhuk. Bismillahirrohmanirrohim, semara bumi. Bapa kuasa Ibu bumi. Aku nitipake wiji pari. Sagedo ijo royo-royo kaya godhong dalingo.”
- Meirika : “Menika kok kagambaraken kados godhong dalingo Mbah?”
- Mbah Wiji : “Lha iya no, godhong dlingo kan ijo. Ben godhong parine ijo kaya ijone godhong dlingo ngono ndhuk. Gek kuwi nek pas jawab Ibu bumi Bapa Kuasa kuwi aja lali disebut nduk. Kuwi sing paling penting. Mboko arep omeh pari kuwi ya aja lali disebut. Ibu bumi karo Bapa Kuasa kuwi sing jaga rino lan wengi. Tak opahi jaganen rino lan wengi supaya ora ana alangan apa-apa.”

- Meirika : “Menawi badhe ngguwaki sega liwet menika dipuntindakken nalika menapa Mbah?”
- Mbah Wiji : “Ya pas parine wanci arep panen, arep dipethik ngono kae. Nek wis kuning-kuning kae.”
- Meirika : “Menika kok dipunsebut ngguwaki sekul liwet menapa sekulipun dipunguwak Mbah?”
- Mbah Wiji : “Ya ora ndhuk. Masak segane diguwak-guwak eman-eman malah kuwalat mengko. Tegese segane di wenehne tengah kedhokan sawah diselehne ben dijupuk uwong.”
- Meirika : “Oalah, lajeng ubarampenipun menika menapa kemawon Mbah nalika badhe metik pari.”
- Mbah Wiji : “nek ngguwaki sega liwet kuwi ya nggunake lintingan katul, sega liwete. Kuwi sega biasa kuwi dilinting wenehne godhong dilinting tumpangne wingko. Godhong bentes, godhong turi dilinting yoan nganggo godhong gedhang. Terus gereh pethek, sabel gepeng. Gawe sambel gepeng kuwi kacang digoreng sangrai wenehi lombok karo uyah bawang diulek wis dadi sambel gepeng. Ya ngono kuwi ndhuk ngrenek nek arep ngguwaki sega liwet. Mulakno kudu diantantani sakdurunge golek menyang pasar nek ora duwe.”
- Meirika : “Kedah ngagem gereh pethek Mbah?”
- Mbah Wiji : “Iya ndhuk. Nek golek ora ketemu ya diganti gerih layur ya ora apa-apa. Ning yen iso ya gereh pethek kuwi mau.”
- Meirika : “Maknanipun gereh pethek menika menapa nggih Mbah ?”
- Mbah Wiji : “Ya embuh wong iku ilu-ilu jaman kuno, jaman mbah buyutmu isih. Soke sing dijawab kuwi seneng gereh pethek. Wong kuwi wis ditindakne karo para leluhur mbah-mbahmu biyen ndhuk. Dadi anak putune ya melu nindakake nalika arep nandur ya wiwitan dhisik, nek

wayah pari meteng kae digawekne rujak, lha nek arep panen ngguwaki sega liwet kuwi. Kuwi ditindakake sarana ngopahi Mbok Sri sing wis jaga parine. Dipanen iso cukup dinggo mangan.”

Meirika : “Lajeng menawi rujakan menika maknanipun kangge menapa Mbah ?”

Mbah Wiji : “Lha nek rujakan kuwi diibaratne Mbok Sri lagi nyidam pari kuwi, lagi meteng ndhuk. Kaya manungsa kae nek meteng lak pengene sing seger-seger. Mulakno digawekne rujak ben seger anggone nyidam. Anggone dandan pari supaya isine pari aos. Bumbune lak diwenehi kunir. Kunir e kuwi supaya kanggo dandan cahyane supaya katon seger.”

Meirika : “Menapa maknanipun ngguwaki sekul liwet menika?”

Mbah Wiji : “Kuwi dinggo sedekah bumi nduk, wis diwenehi panen. Dinggo opahe Bapa Kuasa Ibu Bumi sing wis paring panen pari karo jagani parine.”

Meirika : “Lajeng, menawi badhe nindakaken sedaya kalawau dintenipun kados pundi?”

Mbah Wiji : “Ya dipasne dina nass e saben omah ndhuk. Gumantung sapa sing arep nindakake ngono ndhuk.”

Meirika : “Dinten nass menika ingkang kados pundi nggih Mbah?”

Mbah Wiji : “ Ya dina sing pas, dina sing disenengi. Dina sing cocok tur apik nduk. Dijupuk geblake sak omah sing cedhak wae. Tegese keru dhewe.”

Meirika : “Lajeng Mbah, pantun sakayar ingkang wonten lumbung menika menapa Mbah?”

Mbah Wiji : “Kae jenenge manten. Disimpen ana gedhong peteng utawa lumbung supaya parine awet. Kaya gambaraning Dewi

Nawangwulan karo Jaka Tarub kae. Nek ngliwet lak mung sakuli. Kari-kari malah pas Dewi Nawang Wulan adang kekepe dibuka. Ya ra sida awet, kekuatane Dewi Nawang Wulan ilang. Banjur kuwi nek arep adhang beras dadak nutu dhisik.”

Meirika :“Inggih menawi mekaten matur nuwun nggih Mbah bab seserapnipun.”

Mbah Wiji : “Iya ndhuk padha-padha. Muga wae migunani ya ndhuk.”

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 02

Infroman : Mbah Pamin
Yuswa : 80 tahun
Pakaryan : Tani
Dinten/Tanggal : Jumat, 23 Agustus 2019
Papan : Dalemipun Mbah Pamin

Meirika : “Inggih nyuwun pangapunten Mbah sakderengipun, kula badhe matur ingkang sepisan badhe sowan. Inggih kaping kalih kula badhe nyuwun pirsane ngengingi tradhisi-tradhisi ingkang dipuntindakaken saklaminipun ngrimat pantun.”

Mbah Pamin : “Ya kene takterangne ndhuk. Supaya awakmu tambah seserapne.”

Meirika : “Inggih Mbah.”

Mbah Pamin : “Wong ngrumati pari kuwi ya kudu nindakake ilu-ilu jaman kuno sing katuranake saka mbah-mbah para leluhur jaman dhisik ndhuk. Jaman biyen nalika ngrumat pari kuwi padha nindakake sarat kanggo sing duweni bumi iki. Wong alam donya iki lak ana sing duweni. Lemah sing arep ditanduri pari kuwi ana sing duweni. Mulakno awake dewe nalika arep nendur kudu nembung karo sing duweni bumi. Semana uga nek wayah panen ngaturake panuwun sing duwemi bumi sing wis paring pari kuwi mau.”

Meirika : “Dados tradhisi pangrimatanipun pantun menika wonten kalih Mbah?”

Mbah Pamin : “Ora ndhuk, cacahé ana telu yaiku wiwitan, rujakan, ngguwaki sega liwet utawi metik pari”

Meirika : “Ketiganipun anggenipun nindakaken nalika kapan Mbah ?”

- Mbah Pamin : “Nek wiwitan ditindakake nalika arep lekas tandur kae ndhuk. Rujakan ditindakake nalika pari wis byah wis mlencuti kae. Lha nek ngguwaki sega liwet kuwi pas metik pari nduk arep panen kae.”
- Meirika : “Pantun ingkang mlencuti menika ingkang kados pundi nggih Mbah ?”
- Mbah Pamin : “Pari meteng kuwi lho ndhuk, sing parine ws ketok ning njero godhonge kae lho.”
- Meirika : “Ooo nggih Mbah. Mbah nyuwun pangapunten menewi wiwitan menika ubarampenipun menapa kemawon?”
- Mbah Pamin : “Temu, tales, godhong jarak, bung, nek biyen jenenge tales dhempel kepepete ra enek lumbu kuwi ya kenek. Thakir, pencok bakal jenenge. Nah intine godhong jarak kuwi njaluk tandure mrajak, temu ya ben lemu, bung kuwi bisa a gedhe wite sak bung-bung. Intine wong jawa ki kuwi ndhuk. Lha nek pas ngguwaki sega liwet kuwi kaya sega biasa ning di emplek terus digarang nek wingko. Adune lintingan katul, sambel gepeng, gerih pethek, urap adhem-adheman, parem taun, sega golong gilik.”
- Meirika : “Sambel gepeng menika damelipun kados pundi Mbah?”
- Mbah Pamin : “Kacang digoreng wingko terus diulek karo bawang uyah karo gula jawa.”
- Meirika : “Menika sambel gepeng tegesipun menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “
- Meirika : “Menawi lintingan katul menika srananipun menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “Tegese ngundurane panca baya kiblat papat sing sedaya ala-ala bisa sumingkir.”
- Meirika : “Ngagem sekar boten Mbah ?”

- Mbah Pamin : “Nganggo kembang boreh sing ditempel kae?”
- Meirika : “Sanesipun menapa malih Mbah?”
- Mbah Pamin : “Nah, nek wiwit nagnggo thakir jenenge pencok bakal sing isine bumbon komplit ana beras, kacang ijo, kunir, brambang, bawang, uyah, lombok, gula jawa, klapa, endog. Lha ana suruh dilinthing taline lawe putih isine gambir, enjet, lan bako.”
- Meirika : “Menika namanipun menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “Gantal. Suruh dilinting kuwi mau jenenge gantal. Nek wong desa ora duwe lawe putih ya ndudut kantong gandum, ora ngelengne tuku. Nah iki mau diwenehne nggon kembang mau. Terus ana kunir. Kunir sing diparut kuwi jenenge parem taun.”
- Meirika : “Menika srana utawi tegesipun menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “Parem taun kuwi tegese sarana obate lemintal sing antarane ak kowe ora weruh nek kesampar kesandung kuwi ketaton. Kuwi mau tambane parem taun.”
- Meirika : “Menawi rujakan menika Simbah anggenipun nindakaken kados pundi?”
- Mbah Pamin : “Rujakan ki nek pari arep bledug sembrobot jenenge. Kuwi pari lagi meteng. Cara uwong kuwi nyidam. Nah wayah kuwi dikirim rujak. Sing dikirim kuwi semara bumi utawa Mbok Sri. Suapayane pari sing sembrobot kuwi mau gek bledug metu parine. Kaya wong nyidam kae lak nek nyidam kepingin mangan woh-wohan sing seger supayane awake rasane seger ngono ndhuk. ”
- Meirika : “Lajeng pirantinipun kangge ngrujak menika menapa kemawon Mbah?”

- Mbah Pamin : “Ya usume woh-wohan apa wae kenek ndhuk. Sing penting yen iso malah ana bentis e, timun e, mlandhinge, pohong mentah, gedhang kluthuk. Yen ana diwenehi malah luwih apik nduk.”
- Meirika : “Kengeng menapa Mbah kok kedah wonten ingkang mekaten?”
- Mbah Pamin : “Lak woh-wohan kuwi okeh isine ndhuk. Supayane pari sing dibobot mengko ngetokake pari sing isine mentes-mentes kaya woh-wohan sing dirujak kuwi mau.”
- Meirika : “Anggenipun nyaosaken rujakan menika wonten pundi kemawon Mbah?”
- Mbah Pamin : “Dipincuki dadi papat diselehne pojokan papat nek sawah.”
- Meirika : “Kedah sekawan menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “Iya kuwi ngemu teges pajupat. Limang pancer petang kiblata. Lha nek arep mulung, nyulik gampangane neseli sega liwet. Ya kuwi sing disebut ak titip tanem tuwuh wektu dino iki tak boyong gedhong slayur.”
- Meirika : “Gedhong peteng kaliyan gedhong slayur menika bedanipun menapa Mbah?”
- Mbah Pamin : “Padha wae. Lha nek jawabe pas wiwitan kae. Bismilahirrohmanirrohim cikal bakal sawah ngendi (nek kulon Malangan ya kulon Malangan disebut) aku titip tanem tuwuh njaluk lemu metu aos. Nek enek sedya ala-ala kiblata papat balekna. Kuwi sing dikon kuwi semara bumi sing dikon. Aja nganti ngama olehku titip tanem tuwuh. Mulakna diwenehi laos, supayane aos kuwi mau.”
- Meirika : “Neseli sega liwet menika ancasipun kangge menapa Mbah ?”
- Mbah Pamin : “wayahi neseli sega liwet kuwi tujuane nebus sega liwet anggone titip tanem tuwuh ana ing lepat panasane. Jawabe ngono, dinane apa pas awakmu wiwit disebut. Tak boyong ning gedhong peteng njaluk

ayem tentrem anak-anak beranakan ning gedhong peteng. Tak ladekne sri keprabiku cukupa ngarep turaha buri.”

Meirika : “Cukupa ngarep turaha buri tegesipun menapa nggih Mbah ?”

Mbah Pamin : “Sedheng ngarepan kene cukup, bisa turah dikokne mburi kana.”

Meirika : “Wonten obong-obongipun menapa boten Mbah?”

Mbah Pamin : “Iya nganggo nalika wiwit mau pasang saji, gegodhongan, kembang mau pas njawab ya karo obong-obongan. Sing dijawab semara bumi. Titip tanem tuwuh njaluk apik.”

Meirika : “Menawi neseli sekul liwet kala wau kedah ngagem gereh pethek Mbah?”

Mbah Pamin : “Iya kudu no. Gereh pethek, endhog mateng, sambel gepeng. Kuwi mau karmane Mbok Sri kuwi gereh pethek karo sambel gepeng kuwi. Lha diwenehi sega salawuhe kuwi yen ana bocah nyedhak supaya njupuk ben dipangan karo lawuhe kuwi. Segane kaya gilik kae diwenehi lawuh pecel apa jangan tahu tempe bakmi goreng ya kenek.”

Meirika : “Menawi ron turi kaliyan ron bentis menika intine kangge menapa Mbah ?”

Mbah Pamin : “Lha nek godhong turi karo godhong bentis dilinting ditali kae jenenge adhem-adheman. Nah adhem-adheman kuwi nek ngandhakne intine para luhur kaki nini udhek-udhek gantung siwur sing wis sowan pengayunan. Bisa a ayem tentrem olehe manggon ana ing alam kubur nganti dina kiamat. Terus kedawa-dawa Malaikat sing nek njero kubur bisa a pangapura pisowane pengayunan para leluhur kuwi mau. Bisa a temeplok dadi panutane. Lha nek kembang kuwi sing dikeki Mbok Dewi Pertimah sing manggon ana ing Mekah Medinah. Awit dicaosi merdi kuwi kon

setiti ngati-ati olehe nggunakake apa wae saben dina salawase urip rina lan wengi.”

Meirika : “Gantalan kala wau talinipun kedah putih Mbah?”

Mbah Pamin : “Kudu putih. Wis ra ketang paribasane amung ndudut kanthong gandum kudu lawe putih.”

Meirika : “Menika mralambangaken menapa Mbah ?”

Mbah Pamin : “Lha ya suci kuwi engke.”

Meirika : “Menawi irisan pandan campuranipun sekar menika tegesipun menapa Mbah?”

Mbah Pamin : “Iya, suapayane wangi. Jaman biyen kuwi nek enek wong neseli sega liwet kae wis okeh cah cilik-cilik sing mara arep golek sega liwet kuwi. Segane dijupuk banjur dipangan. Nek ketok ana kebul-kebul nek sawah wis ribut mlayu nyang sawah.”

Meirika : “Menawi asal-usulipun nami Kedungsono menika Mbah Pamin mangertos menapa boten?”

Mbah Pamin : “Diarani kedungsono kuwi pancen nek kene iki dhisik okeh eram kedhung. Nek sejarah perise kepiye aku ora patio mudheng.”

Meirika : “Menawi gantal kalawau dipuntegesi menapa Mbah ?”

Mbah Pamin : “Gantal kuwi paribasane wong wedok kuwi ngginakake kinang. Intine nyajeni wong wedok sing kulina nginang jaman aku durung enek kowe durung enek.”

Meirika : “Inggih Mbah.”

Mbah Pamin : “Apa meneh? Wis cukup apa durung?”

Meirika : “Sampun Mbah, kula kinten cekap semanten. Matur nuwun nggih Mbah.”

Mbah Pamin : “Iya padha-padha ndhuk. Muga wae murakabi anggonmu sekolah.”

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 03

Informan : Mardi

Yuswa : 65 tahun

Pakaryan : Tani

Dinten/Tanggal : Minggu, 23 Agustus 2019

Papan : Dalemipun Mbah Mardi

Meirika : “Inggih nyuwun pangapuntèn Mbah sakderengipun, kula badhe matur ingkang sepisan badhe sowan. Inggih kaping kalih kula badhe nyuwun pirsani ngengingi tradhisi-tradhisi ingkang dipuntindakaken saklaminipun ngrimat pantun.”

Mbah Mardi : “Ya kene reneo, ning anggonku nerangake ya gur sakngertiku wae ya.”

Meirika : “Inggih Mbah. Wiwitan menika menapa Mbah?”

Mbah Mardi : “Wiwitan ki ya awal wekasane tandur.”

Meirika : “Inggih Mbah. Rujakan menika menapa Mbah?”

Mbah Mardi : “Kene tak critakne kabeh sing ana sangkut paute bab nenandur ning sawah. Mlandhing enom, pohong, neke enek pelem ya pelem. Nek kaya uwong kan wong nyidam. Supayane sehat nah nek pari supayane lemu aos okeh isisne. Supayane lemu subur ngono kae. Gereh pethek kuwi ceritane dinggo nyingkirne werdi bethara kala sing ala-ala ben nyingkrih. Nek gereh pethek kae lak epek-epek ngono ta. Lah kuwi nggo nyingkrihne apa-apa kaya wereng, pemyakit ngono kuwi. Nek kacang ngono kuwi supayane semulur semlonggor ben lohor-lohor dawa okeh isisne.

Meirika : “Wiwitan menika ancasipun kagem menapa nggih Mbah ?”

Mbah Mardi : “Wiwit kuwi sing jelas njaluk rahayu selamet. Anane thakir sing diarani pencok bakal. Thakir kuwi ngemu teges tataging pikir. Wong jawa kudu duweni pikiran ingkang tatag utawa kuat ngadhepi apa wae. Pencok bakal kae lak isine ana beras, kacang, dhuwit, brambang, bawang, kunir kenek temu ya kenek, uyah. Nggambarake manungsa kuwi ana cikal bakale”

Meirika : “Uyah menika kagem menapa Mbah?”

Meirika : “Kok ndadak diparingi dhuwit menika kangge menapa Mbah?”

Mbah Mardi : “Ya nek kurang ben golek dhewe apa butuhe.”

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 04

Infoman : Mbah Sahid
Yuswa : 81 tahun
Pakaryan : Tani/ Dhalang
Dinten/Tanggal : Minggu, 23 Agustus 2019
Papan : Dalemipun Mbah Sahid

Meirika : “Inggih nyuwun pangapuntèn Mbah sakderengipun, kula badhe matur ingkang sepisan badhe sowan. Inkang kaping kalih kula badhe nyuwun pirsá ngengingi tradhisi-tradhisi ingkang dipuntindakaken saklaminipun ngrimat pantun.”

Mbah Sahid : “Lha arep nggo apa ta ndhuk?”

Meirika : “Kangge damel tesis Mbah?”

Mbah Sahid : “Ya arep takon apa?”

Meirika : “Menika le Mbah, kok wonten pangrimatanipun pantun nalika wiwitan wonten tales, temu lan sapanunggale. Lajeng kok wonten rujakan kaliyan metik pari. Wonten gerih pethek menika? badhe nyuwun pirsá werdi-werdinipun menapa kemawon?”

Mbah Sahid : “Tales niku isine supayane mentes sok diwenehi godhong temu supayane lemu. “

Meirika : “Sekar boreh menika menapa nggih Mbah?”

Mbah Sahid : “Sekar boreh menika sing dicaosi sedaya menthek borek antup bumi sakadhahane. Untuk mengatasi hama-hama.”

Meirika : “Kunir menika tegesipun menapa mbah?”

Mbah Sahid : “Kunir iku nyuburne. Kunir kuwi sakluwang sakisine.”

- Meirika : “Lajeng menawi wit jarak menika werdinipun menapa?”
- Mbah Sahid : “Jarak kangge nyingkrine menapa kemawon saged. Nyingkirne sengkala. Kangge wong kidul jarak ina menika minder. Kan sok ama menika balanipun wong kidul.”
- Meirika : “Tiyang kidul menika sinten nggih Mbah?”
- Mbah Sahid : “Nyai Roro Kidul.”
- Meirika : “Werdinipun bung menapa Mbah?”
- Mbah Sahid : “Bung kuwi lak gedhe mulakna tandure supaya gedhe.”
- Meirika : “Menawi pencok bakal utawi thakir kala wau werdinipun kados pundi Mbah?”
- Mbah Sahid : “Lha kuwi sing diopahi semara bumi, lemah ndhuk. Dadi lemah niku lak kuat. Lha mbok diluku dipacul dikapakne wae kuat wae. Opahe nggih niku pencok bakal niku jangkep sakisine.”
- Meirika : “Isinipun menapa kemawon Mbah?”
- Mbah Sahid : “Endog, gantal sakisine ditali lawe putih, kunir, lombok, kambil sakcuwil, gula jawa sakcuwil, uyah, brambang, bawang, dhuwit receh, beras, kacang. Dados werdinipun menika kangge ngupahi Bapa Kuasa Ibu bumi. Dhuwit kuwi lak raja apa wae. Rejeki sing menangan dhewe.”
- Meirika : “Pethakipun tali gantal menika kala wau mralambangaken menapa Mbah?”
- Mbah Sahid : “Niku wau tali wenang mralambangaken suci.”
- Meirika : “Menawi gantal piyambak kalawau mralambangaken menapa Mbah?”

- Mbah Sahid : “Sadak sirih, Sadak menika jamane jaka tingkir gamane dinggo balang dhadhung awuk. Dhadhung awuk kuwi dibandhem nganggo sadak sirih kuwi mati.”
- Meirika : “Tigan wonten thakir menika kangge menapa Mbah?”
- Mbah Sahid : “Tigan niku lak isine kuning kaliyan putih lha menika kangge opah semara bumi. Mula menika nek endog e isih sae kashiate ugi sae. Hasilipun tanduran menika ugi bakal sae. Kuninganipun sok telas dipunsedhot semara bumi kangge jamu menika.”
- Meirika : “Menawi rujakan menika dipuntidakaken nalika menapa ?”
- Mbah Sahid : “Rujake digawekne pojokan papat. Rujake ditindakake pas parine meteng.”
- Meirika : “Kedah sekawan pojokan Mbah?”
- Mbah Sahid : “Inggih ngoten. Pajupat kuwi kanggo mageri hama-hama sing arep nerak pari. Jawabe menika namung gampang Bapa Bumi Ibu Bumi Bumi Suci Bapa Adam Ibu Hawa semara bumi ing lemah mriki (wilayah mriki).”
- Meirika : “Rujakan menika isinipun menapa ?”
- Mbah Sahid : “woh-wohan ndhuk, sakanane usume apa. Yen isa paling penting bentis, krai, gedhang kluthuk, mlandhing enom (kepek), pohong mentah.
- Meirika : “Dados woh-wohan ingkang wonten isen-isene mekaten mbah?”
- Mbah Sahid : “Lha inggih, kan wonten isine. Supados mentes. Isisne supados boten gabuk. Sageda isine aos. Rujakan diwenehi patang pojokan. Lha kuliahe nggon apa ndhuk? Kok nyinauni kaya gene?”
- Meirika : “Basa jawi Mbak. Mbok Sri menika sinten nggih Mbah?”

Mbah Sahid : “Bathara Sadana kaliyan Dewi Sri sing nguwasani pari utawi rejeki. Panguwasane peparing rejeki.”

Meirika : “Gedhong peteng menika menapa mbah?”

Mbah Sahid : “Singgetan, kamar sing kanggo nyimpen pari. Jaman rumiyin lak pari ditumpuk. Dirumat menyang gedhong jlambrah sing ngrumat ibu-ibu. Bapake we ora kenek. Ora sembarang uwong bisa mlebu. Kagambarake kaya dewi nawang wulan karo jaka tarub. Jaka tarub ora oleh mlebu. Ananging ngeyel nalika dewi Nawang Wulan ngangsu banyu menyang kali malah diindhaki kukusane. Dewi Nawang wulan kuwi anggone adang namung sak uli. Amarga ngeyel diungkapi kekepe ora sido dadi sega. Makane parine kelong-kelong lendhange kamangerten. Dewi Nawang wulan kuwi widodari sing pada lelomban ana ong sendhang. Slendhange dicolong karo jaka tarub.”

Meirika : “Menawi neseli sekul liwet. Wosipun menapa mawon?”

Mbah Sahid : “Krowotan komplit, panggang tumpeng, lintingan katul, gereh pethek, sega segolong, pecel adhem-adheman, sekar boreh, parem taun, endog, lawuhan.”

Meirika : “Gerhipun kedah pethek Mbah?”

Mbah Sahid : “Sebangsane tuyul-tuyul iku senengane gerih pethek Mbak. Sebangsane enthek-enthek.

Meirika : “Enthek-enthek menika menapa Mbah?”

Mbah Sahid : “Ya iku sebangsane menthek berek, lembut Mbak. Nek wong ngarani ngingu thuyul menika lak diarani enthek-enthek niku. Kembang boreh niku intine dingge ngopahi enthek-enthek, wedi karo wangine kodrat pandan. Supayane wedi ora nganggu.”

Meirika : “Menawi lintingan katul menika intine kangge menapa Mbah?”

Mbah Sahid : “Katul niku lah nggih bangsa tuyul menika senneg. Wong kula ngalami nyarati nggenipun tiyang perlu niku dikandhani kalih Pak Tugiyu. Nek kira-kira dhayoh okeh sing nggawa tuyul kon ngusahake lintingan katul karo godhong sembuk. Iki mengko mandheg rebutan, ndelog kalihan rayahan, ning ampun nganti kira-kira geduk diranggeh. Dados tuyulipun boten gelem mlebu ngomah. Sega liwet menika lak sekul dilinting. Nek endhog niku tunggale kalih golong.”

Meirika : “Sekul golong menika werdinipun wonten boten Mbah?”

Mbah Sahid : “Nggih golong gilik, tujuane sing manteng, tulus, ora menggak menggak. Mandhep mantep nyawiji. Neseli sega liwet menika kangge wilujengan pas ajeng panen. Menika biasanipun kathah bocah-bocah sing dhedhepi jaman riyin nika.”

Meirika : “Dados methik pari menika sedhekah nggih Mbah?”

Mbah Sahid : “Sedhekah bumi. Sedhekah kaliyan semara bumi. Untuk penguasa bumi.”

Meirika : “Lajeng Mbah, wonten sambel gepeng?”

Mbah Sahid : “Inggih sambel gepeng menika lak kacang abang disangrai lajeng didheplok.”

Meirika : “Werdinipun sambel gepeng menika menapa Mbah?”

Mbah Sahid : “Nggih niku nek enten penyakit-penyakit dianu sambel gepeng menika. Supados penyakite melu gepeng ngoten. Dados nek tiyang menika padhane wonten ingkang kesleo, wis bobokana nganggo sambel gepeng. Dados kenging kangge ngusadani sedaya penyakit sing temeba mriku. Kangge tolak balak.”

Meirika : “Bedanipun tigan nalika wiwit kaliyan methik menika menapa Mbah?”

Mbah Sahid : “Lha nek wiwit lak taksih bakal lha nek sampun methik menika lak wis wayahe dipangan ndhuk? Lha niku jennege kaliyan ngopahi bumine. Kajenga namung sethithik-setithik menika rasa syukur sampun diparingi panen.”

Meirika : “Menawi sejarahipun Kedungsono kados pundi Mbah?”

Mbah Sahid : “ Wektu kuwi nek kedungsono kuwi ana kedhung. Kedhung kuwi dinggo adu kasekten gelut antarane Kyai Kedungsono karo Kyai Patih. Nah loro-loro padha sektine. Diadhu kanggo ngopek kambil. Sing Kyai Patih kuwi mung ndhodhog wit kambil iso njiblok kambile. Nah sing Kyai Kedungsono njupuk kambile ngetokne kesaktiane mung nelungne wite kambil dadi bisa milih kambile, ora gur sak-sake kambil. Adu kesaktian sing kepindho adu lesung. Lesung kuwi bisa berik mlaku dhewe amarga diadu nganggo kekuatane Kyai loro kuwi mau. Diangkat terus didu utawi ditabrakne sing menang ya Kyai Kedungsono. Terus ana meneh sing dhudhuk garut. Sing Kyai Kedungsono gur dicabut bisa metu garute. Ewadene sing Kyai Kepatihan dhudhuke garut nganggo pacul. Akhire diputusne Kyai Kedungsono sing menang. Mulane desa kuwi diarani Desa Kedungsono. Nek versi liyane. Enek panggonan sing dinggo mertapa utawa ritual. Sisih wetan alas nggegunung. Ana sendhang sing jumlahe sanga. Sendhang iku manggone nek watu platar dadi sendhang sing dudu nek lemah tapi nek watu. Watu kuwi bolong-bolong kaya gendhong kae, metu sumbere. Nah papan kana mau dinggo ritual nek semisal arep rejekine lancar mesti uwong kuwi bisa nemokake sendhang sing jumlahe sanga. Tapi nek semisal ora ketemu berarti rejekine ora patio lancar. Ngono ndhuk. Dadi lha mboko sendhang kuwi ana nek uwong kuwi ora lancar rejekine ya ora ketemu sendhange. Kuwi okeh ndhuk sing nggoleki sendhang kuwi ndhuk. Tiga rendheng kuwi ana banyune. Banyune ora gemblihdig ngono. Ning ana banyune nek jero sendhang kuwi.”

Meirika : “Menawi Kyai Kedungsono kaliyan Kyai Patih menika sinten nggih Pak?”

Mbah Sahid : “Niku leluhur para sesepuh Kedungsono karo Kyai Patih jenenge. Nah sing menang Kayi Kedungsono. Mulakna jenenge Desa Kedungsono.”

Meirika : “Inggih Mbah.”

Mbah Sahid : “Wis cukup apa durung ndhuk?”

Meirika : “Sampun Mbah. Matur nuwun nggih Mbah?”

Mbah Sahid : “Ya mugi-mugi kasembadan apa sing dikarepake ya ndhuk.”

Meirika : “Inggih Mbah. Aamiin. Matur nuwun kula nyuwun pamit rumiyin.”

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 05

Informan : Suratno

Yuswa : tahun

Pakaryan : Wiraswasta

Dinten/Tanggal : Minggu, 23 Agustus 2019

Papan : Dalemipun Bp. Suratno

Meirika : “Inggih nyuwun pangapunten

Suratno : “Ngguwaki sega liwet sing kepiye ndhuk sing dimaksud? Nalika panen dhisik kae?”

Meirika : “Menawi dipunwiwiti kaliyan sejarahipun kedungsono, Bapik pirsane menapa boten?”

Suratno : “Nek dari segi asal-usule nama kedungsonone ak ora paham ndhuk. Ananging dari segi sisilsilah susunan kepemerintahan saya tahu. Nek dari segi pemerintahan dulu itu sini termasuk wewengkon Surakarta Hadiningrat, termasuk wewengkon kasunanan, wilayah kasunanan. Terus nek wonogiri kuwi Mangkunegaran. Nek ndak salah tahun 1949 kirane misah dari Kraton akhire berdirilah Kabupaten Sukoharjo. Sebelum Kabupaten Sukoharjo itu berdiri kene iki jenenge kademangan, demang itu nek saiki kepala desa. Semenjak pisah dari kasunanan terjadi peralihan dari kedemangan menjadi kelurahan. Dadi pada masa penjajahan masih ikut wilayah kraton, setelah merdeka kene menjadi tatanan struktur berubah berubah menjadi desa, kecamatan, kabupaten. Nah maka dari itu Sukoharjo dipisah dari Kasunanan menjadi Kabupaten Sukoharjo. Terus setelah menjadi Kabupaten Sukoharjo tadi istilah demang beralih menjadi kepala desa. Ngoten niku ceritane mbak.”

- Meirika : “Lajeng menawi miturut pamanggihipun Bapak menika, tradhisi wiwitan menika kados pundi?”
- Suratno : “Nek secara pribadhi ya, sebenarnya peradaban adanya suatu wiwitan itu sebelum adanya agama islam di tanah jawa. adanya peradaban hindhu budha. Peradaban Hindhu Budha itu sering menggunakan sesaji-sesaji, tetapi notabanenya tetap yang dipuji atau yang disembah itu adalah Yang Maha Kuasa. Cuman istilahnya saja yang berbeda-beda ada yang Sang Hyang Widhi dan lain sebagainya istilahnya. Terus dengan masuknya ajaran agama islam ke tanah jawa itu diwaktu para wali masih dilakukan. Kita memang tidak melihat secara langsung tapi hanya menurut sejarah saja ya, oleh para wali semua itu tidak langsung dihilangkan. Tetap diadakan namun memasukan rohnya kepada syariat agama. Nah itu tidak mudah, semacam proses butuh waktu. Nek menurut pemahaman saya itu permintaan itu tidak salah ikrar, tidak salah ucap, tidak salah niat. Apapun bentuknya itu semua ada maknanya kok. Simbol-simbol itu ada maknanya kok. Dan semua sesaji itu adalah simbol. Kaya sega uduk, ingkung, sega golong.”
- Meirika : “Nah, wonten prosesi metik pari menika lak wonten sekul golong Pak? Sekul golong menika tegesipun menapa?”
- Suratno : “Dalam hal bancaan utawa slametan kita mengumpulkan banyak orang. Agar semua orang itu satu tujuan golong gilik dadi penyuwunanw menyang Gusti Allah, panyengkuyungane sing duweni hajat. Dadi didoakan bareng-bareng sing mengku hajat.”
- Meirika : “Menawi sekar boreh menapa tegesipun pak?”
- Suratno : “Nah nek kembang secara umume, biasane nek nggon slametan kae lak kembang kuwi diwenenhne nggon tengah-tengah pisang sing setangkep ta Mbak. Pisang e dijupuk pisang raja. Cara gambarane pisang kan setangkep, nah gambarane kaya nek awake dewe

nyenyuwun donga ngono kae lak kaya menengadahkan tangan ketika berdoa. Sing dimintai pas dedonga Sang Raja yaitu Gusti Allah. Lha sing diminta iku bab sing apik-apik. Nah disimbolkan kembang wangi kuwi mau. Wangi disini tegese hal sing apik-apik. Ora mungkin kita nek dedonga njaluke hal barang sing ala. Nah nek wong ngujudne wonten sekar sapelik kakaturaken Mbok dewi Pertimah ingkang sumare wonten ing Mekah Madinah ngono kae ta Mbak.

Meirika : “Lha inggih Pak. Mbok Dewi Pertimah menika sinten nggih? Ngemu teges menapa?”

Suratno : “lha sebenarnya itu. Mbok Siti Pertimah iku maksude sing kembang wangi iki tegese apa sing dicontohne Siti Fatimah Putrine Rosululloh SAW. Sing dicontohke barang sing apik-apik sing saiki dimakamne ana ing Mekah. Artinya putrine Rosululloh SAW yang selalu memberikan contoh perbuatan yang baik-baik. Nah kuwi pantas kanggo patuladhan utawi contoh. Mula kuwi mau diibaratke karo Mbok Dewi Siti Pertimah.”

Meirika : “Inggih Pak. Lajeng pak menawi takir ingkang istilahipun pencok bakal ingkang wosipun bumbon komplit. Ngendikanipun simbah minimal wosipun pitu menawi saged sanga. Menika kados pundi pak tegesipun?”

Suratno : “Tetep ya Mbak, nek kono ana tuntunanane. Tembung pitu mau ngemu teges pituduh, piwulang, pitutur. Nek tembung angka sanga kuwi sing nyebarake agama islam nek tanah jawa kuwi lak wali sanga. Supayane entuk pituduhe para wali.”

Meirika : “Wonten tradhisi pangrimatanipun pantun menika lak wonten ganttal Pak? Kengeng menapa ta pak kok kedah ngagem ganttal suruh menika?”

- Suratno : “Nek suruh ngono kae lak ora sembarang suruh sing temu rose. Tegese suruh sing ketemu rasane, ketemu rasa ning atine dhewe. Lha nek kono kuwi nek duweni penyuwunan kuwi tuwuh saka tuwuh saka rasa atine awake dhewe, niat yang dalam.”
- Meirika : “Menawi jarak, empon-empon, lajeng bung ingkang dipunginakaken wonten ing wiwitan menika tujuane kangge menapa nggih Pak?”
- Suratno : “Nek kuwi kabeh sebenere arah tujuane namung dingga nolak balak hama penyakit sethek bengek sing nyerang pari nek sawah kuwi mau. Sakabehing hama sing ngrusak tanduran.”
- Meirika : “Lha ingkang taksih ingkang dados pitakenan salajengipun. Kengeng menapa pak para tani menika kedah nindakaken wiwitan?”
- Suratno : “nah iku istilaha ilu-ilu nek moyang yang sumbernya dari Hindhu Budha. Nah nek Hindhu kaya masarakat Bali kae arep ngapa wae mesti wenehi sesaji dulu. Kaya arep masak wae wenehi sesaji dhisik supayane ora diganggu Brahala.”
- Meirika : “Dados menawi wonten islam menika doa rumiyyin ngoten nggih Pak?”
- Suratno : “Iya.. berdoaa. Dalam melakukan apapun diawali dengan berdoaa. Nyenyuwun dhisik karo Gusti Allah. Jaman dhisik iku arep nenandur awake dhewe manehi sesaji dhisik kuwi mau. Tujuane kuwi ya mung siji nyenyuwun karo Gusti Allah supayane tandurane slamet. Kaya pencok bakal sing diwadhahi takir kuwi ngemu teges tataging pikir.”
- Meirika : “Wonten takir menika wonten gula klapa Pak. Kula manggihi gula klapa menika wontenipun gathuk terus menika maknanipun kangge tiyang Jawi menika menapa Pak?”

- Suratno : “Gula klapa kuwi selalu gathuk ya, dadi simbol sejak jaman dahulu. Gula klapa merah berarti berani putih karena suci. Nek wong Jawa iku wani marang bebener wedhi marang kanisthan. Gula klapa iku berani terhadap yang baik-baik.”
- Meirika : “Sanesipun menika wonten takir ugi wonten sareng Pak. Menika maknanipun menapa nggih Pak kagem para tani?”
- Suratno : “Uyah kuwi salah satunya alat untuk mengusir itu adalah garam. Kaya ula lan serangga ngono nek disebari uyah kuwi wedhi. Ya mungkin ana semacam jat e sing bisa kanggo ngusir kuwi mau. Dadi ya sejenis empon-empon, bawang, brambang sing kalebu sesaji kuwi mau nek secara modern bisa kanggo pestisida sing organik. Aku ya pernah nyoba lho mbak gawe saka empon-empon. Ya mandi. Ternyata serangga ki wedi karo empon-empon sing tak semprotne menyang tanduran. Nah iku jaman biyen kabeh kuwi mau cukup disajikan dengan melakukan doa. Ndilalah wujud jat Sang Maha Kuasa kuwi mau luwih ngerti sakabehe ya kalis. Tanduran dadi slamet. Lha nek saiki wis ora relevan karo jamane makane kudu diblendher disemprotne.”
- Meirika : “Kengeng menapa nggih Pak, jaman rumiyin menika kok namung disimbolaken lajeng dipundongani sampun mandi.”
- Suratno : “Nek wong jaman dhisik ki kuat sekali tirakatnya. Dadi dengan kekuatan tirakatnya penyuwunane karo Gusti Allah saking bantere, najan ta mung awujud sesaji kuwi ya mandi tenan. Gusti Allah meridhoi. Nah nek jaman saiki ora ana tirakate, sakpenake dhewe namung ngandhalne pestisida. Lha nek metik kuwi mau sebagai ucapan syukur, wenehi sodakoh awit panene kuwi mau.”
- Merika : “Menawi Mbok Sri menika mutrut kapitadosanipun masarakat Kedungsono mriki kados pundi nggih Pak?”

- Suratno : “Yen carane desa kene ya dewane pangan. Ning donya iki lak kabeh ana sing nguasani ana dewaning angin, ana dewaning banyu. Lha Mbok Sri kuwi mau dewane pangan sing nguwasani panganan. Mulakna nek metik pari kuwi boyong Mbok Dewi Sri sengkha siti jombol kaboyong menyang lumbung silayur kainggahaken menyang gedhong peteng.”
- Meirika : “Lumbung silayur menika menapa Pak?”
- Suratno : “Istilahe gur wadhah pangan. Nek gedhong peteng ki ya singgetan utawa senthong.”
- Meirika : “Kengeng menapa pak kok gedhong peteng?”
- Suratno : “Iya singgetan kuwi kamar sing peteng ora saben uwong oleh mlebu dinggo wadhah panganan. Jaman dhisik kuwi lak nganu Mbak panganan kuwi aji. Pangan kuwi padha wae karo celengan termasuk pari kuwi mau. Jaman dhisik isih larang pangan. Mulane kuwi singgetan utawa kamar sing nggo wadhah celengan kuwi ora saben uwong oleh mlebu. Kaya nek aku nyelengi dhuwit nek kamar kan ora saben uwong oleh mlebu. Lak ngono ta? Lak ya mengkhawatirkan. ”
- Meirika : “Inggih Pak.”
- Suratno : “Kuwi lak legendane Jaka Tarub karo Dewi Nawang Wulan sing ora oleh mlebu nyang wadhah pari kae Mbak.”
- Meirika : “Inggih Pak. Dados kados wonten ing ngajeng kalawau bilih empon-empon menika saking aromanipun menika saged ngusir serangga ngoten?”
- Suratno : “Iya Mbak. Jadi nek nganggo bahan alami kuwi mengusir tetapi tidak mematikan. Dadi siklus kehidupan iku ora mati. Dengan adanya serangga manuk kuwi isih duweni pangan ya serangga kuwi. Dadi manuk-manuk kuwi ora magan pari. Lha nek saiki ngango

pestisida, walange wis disemprot banjur mati. Nah manuke ora duwe pangan, akhire mangan pari.”

Meirika : “Oalah mekaten Pak. Nggih matur nuwun sanget Pak sampun paring seserepan bab tradhisi menika nggih Pak.”

Suratno : “Iya, muga wae bermanfaat nggih Mbak.”

Meirika : “Inggih Pak. Matur nuwun nggih Pak.”

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 02

Infroman : Heri Susanto
Yuswa : 40 tahun
Pakaryan : Tani
Dinten/Tanggal : Jumat, 23 Agustus 2019
Papan : Dalemipun Bp. Heri Susanto

Meirika : “Inggih nyuwun pangapunten Mas sakderengipun, kula badhe matur ingkang sepisan badhe sowan. Inggang kaping kalih kula badhe nyuwun pirsu ngengingi tradhisi-tradhisi ingkang dipuntindakaken saklaminipun ngrimat pantun.”

Heri Susanto : “Ngrumat pari sing kepiye Mbak?”

Meirika : “Tradhisi kados wiwitan, rujakan, metik pari ngoten menika?”

Heri Susanto : “Oo ya, arep takon sing kepiye?”

Meirika : “Wiwitan pantun menika menapa nggih Mas?”

Heri Susanto : “Ya ngguwaki kembang ning sawah sakdurunge lekas tandur ngono kae.”

Meirika : “Ancasipun nindakaken wiwitan kalawau kangge menapa nggih Mas?”

Heri Susanto : “Supaya diparingi hasil panen sing apik.”

Meirika : “Nalika prosesi wiwitan menika ubarampenipun menapa kemawon Mas?”

Heri Susanto : “Pencok bakal, takir sing isine bumbon komplit, beras, kunir, kacang, tales apa lumbu, jarak, bung, laos, kembang boreh kuwi mau.”

- Meirika : “Donganipun pas wiwitan menika kados pundi nggih Mas?”
- Heri Susanto : “Bismillah Ibu Bumi Bapa Kuasa, Bapa Adam Ibu hawa ingkang bahu reksa siti mriki wonten ing dinten (dina sing dipilih dhewe) badhe titip tanem tuwuh arupi jombokan. Mugi-mugi saged rahayu wilujeng boten wonten alangan satunggal menapa dipunparingi tanduran ingkang lemu aos. Mulakna diparingi godhong laos.”
- Meirika : “Menika bumbon-bumbon ingkang komplit wonten ing takir menika tegesipun menapa nggih Mas, kok kala rumiyin menika wonten ide kados mekaten?”
- Heri Susanto : “Ya jenenge pencok bakal Mbak, mralambangake bakale bab sing urip ing donya iki dadi isine ya bakal wiji kabeh. Bakal tanduran ngono tegese. Terus bumbon kuwi kan nek mangan sega thok ora enak lak ya kudu nganggo bumbu.”
- Meirika : “Menawi taneman-taneman ingkang kados jarak, lumbu, bung, lan sapanunggalanipun menika ngemu teges menapa?”
- Heri Susanto : “Nek wit jarak kuwi supayane tandurane mrajak, lumbu supayane lemu. Wit bung ngemu teges supayane tandurane kuwi gedhe-gedhe kaya wit pring kae. Oyote ben kaya bung nggrombol ben kuat, gek wit bung kan wite ya anake okeh nggrombol. La parine ben kaya ngono.”
- Meirika : “Lajeng menawi rujakan menika Mas, katindakaken nalika wanci menapa?”
- Heri Susanto : “Setelah padi umur satu atau dua bulan. Nalika pari uwis mlencuti. Wanci kuwi pari wis mulai dandan wis mulai mapak. Tanaman pado wis lekas meteng bakal anake. Anake ya pari gabah kuwi.”
- Meirika : “Bahanipun kangge rujakan menika menapa kemawon nggih?”

- Heri Susanto : “Woh-wohan sakanane utawa sausume. Ning yen bisa diwenehi bentis, mlandhing enom, timun, pohong ngono kuwi mbak. Bumbone ya lombok, uyah, gula jawa wenehi kunir sithik. Kabeh kuwi mau banjur didheplok ana ing lumpang.”
- Meirika : “Kengeng menapa kok bumbunipun kedah wonten kuniripun mas?”
- Heri Susanto : “Lha mau kan wis tak aturne nek parine wis lekas dandan. Kunire kanggo dandan si Mbok Sri kuwi.”
- Meirika : “Kok Mbok Sri dandan mas?”
- Heri Susanto : “Lha kan Mbok Sri kan wedok Mbak, nek wong wedok kae kan nek dandan ben ketok resik cahyane kuning Mbak. Gek nek lebar meteng kae nek wis lahiran digawekne parem taun utawa pilis nek kanggone uwong supayane ayu. Wong bar lahiran kae lak rupane ora nggenah, urate padha kendhur.”
- Meirika : “Rujak menika katujokaken dhateng sinten?”
- Heri Susanto : “Katujokake kanggo Mbok Sri sing lagi meteng. Nek misal uwong meteng kuwi lak kepingin sing seger-seger supayane anggone nyidam kuwi bisa seger ora kletrak klentruk. Bayine ya ben sehat barang entuk vitamin saka woh-wohan sing digawe rujak kuwi.”
- Meirika : “Inggih mas, lajeng menawi metik pari utawi neseli sekul liwet menika ingkang kados pundi?”
- Heri Susanto : “Metik pari utawi neseli sega liwet kuwi semacam sedekah bumi nalika arep panen pari. Opahe sega liwet karo Mbok Sri sing wis jaga pari kuwi ngasi rampung panen. Nah sega liwet saubarampene kuwi mengko sing njpuki nek jaman biyen bocah-bocah.”
- Meirika : “Saubarampe menika menapa kemawon mas?”

- Heri Susanto : “Sega gelong, pecel adhem-adheman, endhog, gereh pethek, sambel gepeng, menyan, parem tahun, kembang boreh, lintingan katul. Diwiwiti kanthi obong-obong.”
- Meirika : “Sejatosipun obong-obong menika menapa mas?”
- Heri Susanto : “Ngobong menyan, sarana dedonga Karo Gusti Allah Mbak, ambune sing wangi lak disenengi Gusti Allah, karo bisa nyingkirake bab sing ala-ala.”
- Meirika : “Donga anggenipun metik pari menika kados pundi nggih Mas?”
- Heri Susanto : “Ibu Bumi Bapa Kuasa wonten ing dinten (dina sing dirasa apik kanggomu) badhe boyong Mbok Sri Sadana saking siti jambal tumuju dateng lumbung silayur. Sageda rahayu wilujeng turah ngajeng turah buri.”
- Meirika : “Maksudipun turah ngajeng turah buri menapa nggih Mas?”
- Heri Susanto : “Cukup diladekne saben dinane, turah disimpen kanggo celengan nek buri ngono Mbak.”
- Meirika : “Lajeng menawi pari sampun dandan ki maskude kados pundi nggih?”
- Heri Susanto : “Kuwi pari wis mulai pepak kuwi lho, maksude bar matun pisan matun pindho lak dirabuk. Nah banjur pari kuwi meteng wit parine wis pepak banjur mlencuti-mlemcuti ngono kuwi lho.
- Heri Susanto : “Tales, supayane gabahe besok ben mentes, ora gabuk. Gampang pangrumate kaya wit tales.”
- Meirika : “Urap adhem-adheman menika ancasipun kangge menapa mas?”
- Heri Susanto : “ Ben pikirane adhem merga wis panen. Wis rampung anggone ngrumat pari lebar pepanasan.”
- Meirika : “Menawi pantun ingkang saayar menika menapa mas?”

Heri Susanto : “Kuwi jenenge manten Mbak. Kuwi elu-elu Dewi Nawang Wulan ing cerita jaman dhisik.”

Meirika : “sesambetanipun kaliyan cariyos Dewi Nawang Wulan Kados Pundi nggih ?”

Heri Susanto : “Ngene critane, Ing jaman dhisik diceritakne ana salah sawijing wong lanang sing jeneng Jaka Tarub. Deweke saba menyang alas, nalika ing tengah alas ngerteni sumbering cahya banjur ditutui sumbere ana ing lali. Jaka tarub kaget jebul cahya sing padhang kuwi mau widodari saka kayangan sing cacahé pitu mudun menyang bumi adus ana ing kali. Jaka tarub banjur nyolong salah sawijining klambine widodari didhelikake. Nalika widora sing jumlahe pitu kuwi mau rampung adus arep padha bali menyang kayangan, ana salah siji widodari sing nangis ora bisa bali. Dheweke ora bisa bali amarga klambine karo slendange ilang. Widdari sing kelangan klambi kuwi mau jenenge Nawangwulan. Dewi Nawangwulan ngucapake sapa sing wenenehi dheweke klambi yen lanang arep didadekne bojo nek wadon arep didakne sedulur. Jaka Tarub ngrungokake apa sing dadi ucape Dewi nawangwulan kuwi mau. Dheweke banjur menahi klambi sakanane kanggo Dewi Nawangwulan kanggo ngganti slendhang sing wis didhelekake. Bajure saklorone bebojoan kanthi rukun ugi diparingi putra dening Pangeran. Jaka Tarub karo Dewi nawangwulan urip sarwa kacukuoan. Lha Jaka Tarub kuwi duweni rasa curiga gabah sing ana ing lumbung kok ora kelong-kelong kamangka saben dina wis dimasak. Ngasi ing salah sawijining dina Dewi Nawangwulan menyang kali kanggo umbah-ubah. Dewi Nawangmulang mawanti-wanti marang Jaka Tarub, dheweke ora oleh buka kekep sing nalika lagi adang sega. Ananging Jaka Tarub blenjani janjine, saking penasarane dheweke nekad buka kekep sing lagi dinggo adang sega. Jaka tarub kaget jebule sing ana ing kukusan kuwi

amung **sakayar pari. Kuwi sing dadekake gabah ana ing lumbung awet ora entek-entek.** Dewi Nawangwulan sing kaget banjur langsung nesu marang Jaka Tarub. Bubar kedadean kuwi Dewi Nawangwulan ngrasakake rekoso, rekasane saben arep adang beras kudu nutu gabah luwih dhisik. Suwene suwene gabah sing ana lumbung tansaya entek amarga saben dina Ditutuni Dewi Nawangwulan. Dewi Nawangwulan ngonangi slendhange sing didelekne Jaka Tarub ning tumbukan pari ing lumbuh banjur nggresulo. Dheweke sadar saksuwene iki jebule Jaka Tarub sing dhelikake slendhange, sing gawe Dewi Nawangwulan ora bisa bali menyang kayangan. Amarga slendhange wis ketemu Dewi Nawangwulan pamit menyang Jaka Tarub arep bali menyang kayangan, lan meling supaya njaga lan ngrumati anake. Nek dheweke kangen karo Dewi Nawangwulan cukup kanthi delok bulan **purnama.”**

Meirika : “ Dados menika ingkang dados wontenipun manten kagem para tani nggih ?”

Heri Susanto : “Iya Mbak.”

**TABEL ANALISIS SATUAN KEBAHASAAN SALEBETING TRADHISI NGRIMAT PANTUN WONTEN ING DESA
KEDUNGSONO, KABUPATEN SUKOHARJO**

No.	Satuan Kebahasaan	Konteks Budaya				Makna	Konteks Budaya
		G	A	B	F		
1.	Wiwitan		√			<p>Wiwitan → wiwit + -an</p> <p>Wiwit = kn : 1 kang dhisik dhewe (pepoetjoek), 2 lekas (ngajahi) toemindak (Poerwadarminta, 1939:666).</p> <p>➤ Wiwitan inggih menika perangan tradhisi wonten ing ngrimatipun pantun kangge nglekasi tumindak nanem pantun ingkang sepisanan.</p>	<p>Aktivitas ketingal saking bilih wiwitan menika salah satunggaling adatipun among tani wonten ing Desa Kedungsono nindakaken wiwit nanem pantun. Wiwitan dipuntindakaken minangka gambaran dedonga rumiyin sakderengipun nindakaken salah satunggaling perkawis.</p>
2.	Ngguwaki Kembang		√			<p>Ngguwaki Kembang → ngguwaki + kembang</p> <p>Ngguwaki → N- + guwak</p>	<p>Aktivitas ketingal saking kagiyatanipun among tani nalika mbucal sekar boreh wonten ing</p>

					<p>Guwak = engg: diboewang (Poerwadarminta, 1939: 157). Kembang = n. Sekar k: bebakaling woh, loemrahe mawa lembaran, soengoet sari, bakal woh, sarta endah warnane (Poerwadarminta, 1939:205).</p> <p>➤ Ngguwaki kembang inggih menika salah satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakaken nalika badhe panen pantun. Kembang ingkang dipunbucal inggih menika sekar boreh. Ngguwaki kembang dipuntindakaken dening among tani minangka rerangkening prosesi metik pari.</p>	<p>sabin. Mbucal wonten ing mriki boten ateges dipunsebar ananging dipunselehaken lajeng dipuntilar sakbibaripun dipundongani.</p>
3.	Sekar boreh	√			Sekar boreh → sekar + boreh	Ide utawi Gagasan ketalang saking kapitadosanipun bilih

					<p>Sekar = k: kembang (Poerwadarminta, 1939:553).</p> <p>Boreh = kn. konjoh ki: tjampoeraning atal, kemoening, pandan wangi lsp.</p> <p>Dianggo mblonjo awak (Poerwadarminta, 1939:57).</p> <p>➤ Sekar boreh inggih menika campuranipun sekar mawar ingkang wernipun abrit saha pethak, lajeng dipunjangkepi kaliyan irisan ron pandhan wangi saha ampo. Sedaya kalawau lajeng dipunbungkus kaliyan ron pisang. Sekar boreh boasanipun dipuncawisaken nalika prosesi wiwitan saha metik pantun.</p>	<p>un masarakat bSekar boreh ingkang werdinipun nggadhahi ancas kangge njagi taneman pantun ugi wonten <i>filosofi</i> sanesipun ingkang minangka pakurmatan dhumateng salah satunggalin tiyang ingkang dipunanggep saged maringi patuladhan ingkang sae wonten ing gesangipun para masarakat Desa Kedungsono. Piyambakipun inggih menika Siti Fatimah inggih menika putranipun Kanjeng Nabi Muhammad SAW.</p>
4.	Kembang pari	√			<p>Sekar pari → sekar + pari</p> <p>Sekar = k: kembang (Poerwadarminta, 1939:553).</p>	<p>Ide utawi Gagasan ketinggal saking kapitadosanipun masarakat wonten ing</p>

					<p>Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472).</p> <p>➤ Sekar pari inggih menika ketan utawi sekul setunggal kepel dipuncampuri kaliyan kelapa ugi gendhis jawi. Ketiganipun dipunremet lajeng dipunwadahaken wonten ing rantang. Sekar pari minangka salah satunggaling ubarampe ingkang dipuncawisaken wonten ing prosesi wiwitan. Miturut kapitadosanipun sekar pari dipuncaosaken kagem Ibu Bumi/ Bapa Kuwasa/ Mbok Sri.</p>	<p>Kedungsono. Piyambakipun pitados bilih taneman pantun menika wonten jat ingkang njagi saha nggadhahi. Kejawi menika sampun dados perkawis ingkang umum bilih pantun menika wujud jelmaanipun Dewi Sri. Pramila among tani nyawisaken kembang pari minangka wujud pakurmatanipun dhateng jat menika kanthi nggadhahi kekajengan saged njagi tenamenipun.</p>
5.	Bapa Kuwasa	√			Bapa Kuwasa → Bapa + Kuwasa	Gagasan/ Ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat

					<p>Bapa = kn: wong atoewa (kang lanang) (Poerwadarminta, 1939:31). Kuwasa = kn. (koewaoas k): 1 ak. Kadoenoengan kakoewatan (karosan, kasekten lsp) kang linoewih (Poerwadarminta, 1939:240-241)</p> <p>➤ Jat ingkang boten ketingal ingkang nguwasani sabin utawi siti ingkang wonten pundi taneman ingkang dipuntanem among tani menika tuwuh. Bapa kuwasa menika asring disebut nalika among tani ngendikaken mantra saben tradhisi ngrimatipun pantun.</p>	<p>wonten ing Desa Kedungsono ngengingi Bapa Kuwasa. Miturut kapitadosanipun Bapa Kuasa inggih menika salah satunggaling jat ingkang gadhah panguwasa ing alam donya menika mliginipun ingkang nggadhahi kadunungan dhateng sabinipun among tani. Wonten ing penggalhipun para among tani jat menika kalebet priyantun kakung.</p>
6.	Ibu Bumi	√			<p>Ibu bumi → ibu + bumi Ibu = ki: embok (Poerwadarminta, 1939:167).</p>	<p>Gagasan/ Ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat wonten ing Desa Kedungsono ngengingi Ibu Bumi. Miturut kapitadosanipun Ibu Bumi inggih</p>

					<p>Bumi = kn: djagat (kb. langit); lemah, palemahan (Poerwadarminta, 1939:53).</p> <p>➤ Jat ingkang boten ketingal ingkang nggadhahi bumi, inggih menika dipunanggep ibu pertiwi. Ibu Bumi menika asring disebut nalika among tani ngendikaken mantra saben tradhisi ngrimatipun pantun minangka pasanganipun saking Bapa Kuwasa.</p>	<p>menika salah satunggaling jat ingkang nggadhahi bumi pertiwi menika dipunanggep ados ibu pertiwi. Ibu pertiwi wonten ing penggalhipun masarakat sabin saktoyanipun menika gadhahnipun ibu pertiwi.</p>
7.	Pencok Bakal			√	<p>Pencok bakal → pencok + bakal Pencok = kn: dientjoki; ktj: mentjok (Poerwadarminta, 1939:481). Bakal = k: apa-apa sing arep dianggo dandanan; tjalon, gadhangan dadi (Poerwadarminta, 1939:26).</p>	<p>Artefak/ Benda ketingal saking wujudipun pencok bakal. Pencok bakal inggih menika ron pisang ingkang dipundamel thakir. Isisnipun pencok bakal menika sarwa bakal utawi wiji taneman kadosta kacang ijem, kacang</p>

							tholo, dhele, tigan, empon-empon. Ugi dipunjangkepi kaliyan bumbu komplit kados brambang, bawang, sarem, klapa, saha gendhis jawi.
8.	Jawab		√			<p>Jawab = kn: 1 wangsoelan; 2 panemboeng (Poerwadarminta, 1939: 83)</p> <p>➤ Jawab wonten ing masarakat Desa Kedungsono saged dipuntegesi matur utawi masrahaken bab menapa ingkang dipunkajengaken.</p>	<p>Aktivitas katingal saking kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening masarakat. Jawab inggih menika salah satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening masarakat Desa Kedungsono kangge matur utawi masrahaken menapa ingkang dados kekajenganipun. Kekajenganipun menika awujud mantra utawi dedonga nalika badhe nindakaken salah satunggaling perkawis.</p>

9.	Dandan pari	√			<p>Dandan pari = dandan pari Dandan = n. dandos k: tata-tata ngetrap panganggo (sandhangan), matjak (Poerwadarminta, 1939: 64) Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472).</p> <p>➤ Dandan pari nggadhahi teges bilih pantun sampun tata-tata badhe meteng.</p>	<p>Gagasan/ Ide katingal saking kapitadosanipun masarakat bilih dandan pari mrantdhakaken taneman pantun nembe tata-tata badhe ngad bilih menawi badhe ngandhut bakal wiji. Dipunjumbuhaken kaliyan tiyang gesang menawi badhe nindakaken salah sawijining perkawis kedah tata-tata rumiyin.</p>
10.	Rujakan		√		<p>Rujakan → rujak + -an Rujak = kn: omben-omben oet. Panganan sing digawe woh-wohan mentah lsp. (Poerwadarminta, 1939: 631)</p> <p>➤ Tradhisi rujakan inggih menika tradhisi ingkang dipuntindakaken</p>	<p>Aktivitas, bab menika saged katingal saking kegiyatanipun. Nalika pantun sampun mbledug among tani damel rujak ingkang samangke dipunaturaken wonten ing sabin. Rujakan ingkang dipundamel inggih menika saking woh-wohan ingkang</p>

						<p>nalika pantun sampun wancinipun mbledug kanthi damelaken rujak pantun kangge ngrumati Mbok Sri ingkang nembe ngewrat..</p>	<p>isinipun kathah lan seger. Kagiyatan menika dipunindakaken amargi Mbok Sri dipungambaraken kados menapa dene tiyang ingkang ngewret, supados anggenipun ngewrat katon seger dipunamelaken rujak.</p>
11.	Nas	√				<p>Nas = ptj: 1 ora sido sakoe; 2 (Poerwadarminta, 1939: 339)</p> <p>➤ Nas inggih menika dinten pantangan kangge nindakaken salah sawijining perkawis.</p>	<p>Gagasan/ Ide ketinggal saking kapitadosanipun masarakat ngengi dinten-dinten pantangan kangge nindakaken salh sawijining perkawis, menawi dipunlanggar masarakat pitados bilih bakal wonten bab tartamtu ingkang bebayani. Dinten nas ingkang dipundadosaken gaman dening masarakat inggih menika weton sedanipun salah</p>

							satunggaling kulawarganipun ingkang paling caket.
12.	Taningan papat	√				<p>Taningan → taning + an Taning = kn: diperang-perang pepoenthukan tmr. sega, kembang lsp. (Poerwadarminta, 1939: 590) Papat = n. sakawan k: wilangan 4 (Poerwadarminta, 1939: 471).</p> <p>➤ Rujak ingkang dipunbungkus ron pisang ingkang cacahipun sekawan dipunjumbuhaken kaliyan pojokanipun sabin ingkang cacahipun sekawan.</p>	<p>Gagasan / ide. Rujak ingkang dipunbungkus ron pisang ingkang cacahipun sekawan dipunjumbuhaken kaliyan pojokanipun sabin ingkang cacahipun sekawan. Ancasipun wonten taningan sekawan kala wau dipuntujokaken kangge mageri sabin sakubengipun, supados taneman pantunipun boten saged katerak hama.</p>
13.	Gantal	√				<p>Gantal = kn: lintingan soeroeh dinggo sadjen oet. sarat panganten (Poerwadarminta, 1939: 131).</p> <p>➤ Lintingan suruh ingkang nemu rose, dipuntaleni kaliyan lawe</p>	<p>Dipunlajengaken bilih nalika dedonga nyuwun marang Gusti Allah menika kedah saged saking krenteging manah saha suci. Wontenipun gantal ancasipun dening Warga masarakat ing</p>

						wernipun pethak ingkang mralambangaken kasucen.	Desa Kedungsono kangge mundhi-mundhi dhateng para leluhuripun ingkang jaman semanten ngginakaken kinang.
14.	Sekul Golong	√				<p>Sekul golong → sekul + golong Sekul = k: sega (Poerwadarminta, 1939: 553) Golong = kn: wis noenggal (koempoel) dadi siji (Poerwadarminta, 1939: 159)</p> <p>➤ Sekul golong menika wujudipun sekul ingkang dipunkepli, wujudipun bunder pucukpun boten lancip. Saking wontenipun sekul golong menawi nggadhahi nyenyuwunan ingkang tulus lan mantep nyawiji dadi siji.</p>	<p>Ide/gagasan ketingal saking angen-angen penggalhipun masarakat nalika nindakaken dedonga kedah tulus madhep mantep nyawiji dados setunggal. Pangajabipun supados menapa ingkang dipunkajengaken sageda kasembadan.</p>

15.	Parem tahun		√		<p>Parem tahun → parem + tahun</p> <p>Parem = kn: bebakan beras kentjoer lsp dinggo mblojo awak (Poerwadarminta, 1939: 472).</p> <p>Taun = kn: mangsa sing soewene 12 sasi (Poerwadarminta, 1939: 592)</p> <p>➤ Parutan kunir ingkang ginanipun kangge opahipun Mbok Sri ingkang bibar nglairaken gabah. Parem tahun samangke saged damel cahyanipun Dewi Sri katon ayu resik kuning kados kuningipun kunir. Kajawi menika saged dipunginakaken kangge bobokan usada nalika badanipun ketaton.</p>	<p>Benda/ Barang ketingal parem ugi dipunginakaken kangge usada dening masarakat Desa kedungsono. Inggang sepisan usada kangge wanita ingkang bibar nglairaken. Masarakat ingkang gesang wonten ing Kedungsono ngginakaken parem utawi bebagan kunir kangge pilis.lajeng sanesipun ugi saged dipunginakaken kangge usada badan nalika ketaton.</p>
16.	Methik pari → petik + pari		√		<p>methik = kn: ngondhoeh woh (Poerwadarminta, 1939: 314).</p>	<p>Aktivitas ketingal saking kagiyatanipun masarakat nalika badhe nindakaken</p>

					<p>Pari = Pari = n. pantoen k: ar. Tetoewoehan kang wohe ditoetoe dadi beras (Poerwadarminta, 1939:472).</p> <p>➤ Ngunjaken raos sukur saha matur nuwun awit panen pantunipun.</p>	<p>prosesi panen kanthi maringi sekul liwet sakubarampenipun wonten ing sabin. Sekul samangke dipuntilar wonten ing sabin supados dipundhahar tiyang sanes ingkang mirsani.</p>
17.	Adhem-adheman		√		<p>Adhem-adheman → Dwilingga tembung adhem + -an Adhem = n. asrep k: anjep, ora panas (Poerwadarminta, 1939: 4)</p> <p>➤ Adhem-adheman minangka srana para leluhuripun ingkang sampun kapundhut rumiyin marak sowan dhumateng Gusti Allah. Sageda ayem tentrem</p>	<p>Aktivitas ketingal saking pepelingipun supados putra wayahipun para leluhur kita tansah kirim donga dhateng para leluhuripun ingkang sampun ngrumiyini sowan marang ngarsanipun Gusti Allah SWT.</p>

						anggenipun manggen wonten ing alam kubur.	
18.	Lintingan katul	√				<p>Lintingan katul → lintingan + katul Lintingan → linting + -an Linting = kn: goeloengan dloewang lsp. Sing tjilik (Poerwadarminta, 1939: 275) Katul = (Poerwadarminta, 1939:)</p> <p>➤ lintingan katul inggih menika katul ingkang dipunjenang lajeng dipunbuntel kanthi dipungulung ngginakaken ron pisang. Salajengipun lintingan katul dipunmasak kanthi dipundang. Dipuncawisaken nalika metik pari supados</p>	<p>Gagasan/ ide ketingal saking kapitadosanipun masarakat bilih Lintingan katul ingkang dipunginakaken dening para warga minangka srana kangge tolak bala. Para tani menika mageri taneman pantunipun saking sedaya rubeda ingkang awon ingkang mawujud kaliyan boten. Lintingan katul dipunpitadosi saged nyingkiraken sedaya rubeda ingkang samangke badhe ngrisak.</p>

						njagi pari ingkang sampun mbledug dumugi dipunpanen.	
19.	Cukup ngarep		√			<p>Cukup ngarep → cukup + ngarep Cukup → cukup + a Cukup = n. tjepak k: sedheng, ora turah (Poerwadarminta, 1939: 642) Ngarep → N- + arep Arep = sisih kang kapernah ing ngdheping barang (wong lsp.) (Poerwadarminta, 1939: 19)</p> <p>➤ Sageda cekap menawi dipunladekaken kangge kabetahan saben dintenipun.</p>	<p>Aktivitas ketingal saking menapa ingkang dipuntindakaken dening masarakat ingkang gesang wonten ing Desa Kedungsono anggenipun nyekapi kabetahan dhahar saben dintenipun. Gabah hasilipun panen dipungulawenthah kados menapa caranipun supados cekap dipundhahar saha dipunladekaken sanak kaluwarganipun.</p>
20.	Turaha buri		√			<p>Turaha buri = turaha + buri Turaha → turah + -a Turah = n. tirah k: ana loewihe, ora koerang (Poerwadarminta, 1939: 616)</p>	<p>Aktivitas ketingal saking kagiyatan masarakat anggenipun nyimpen gabah. Gabah dipunsimpen wonten ing “buri” inggih menika gedhong peteng,</p>

					<p>Buri = n. wingking k : sisih oet. ener sing dioengkoerake(Poerwadarminta, 1939: 54)</p> <p>➤ Sasampunipun cekap dipunladekaken wonten ing ngajeng, dipunkajengaken gagabh sageda tirah ingkang samangke dados simpenan.</p>	<p>papan paggenan kangge nyimpen gabah ing salebeting dalemipun para among tani. Sampun dados adatipun masarakat bilih nyimpen pantun menika kedah dipuntindakaken kangge jagi-jagi ing tembe wingkingipun.</p>
21.	Gedhong peteng			√	<p>Gedhong peteng → gedhong + peteng Gedhong = (Poerwadarminta, 1939:) Peteng = kn: ora padhang (Poerwadarminta, 1939: 487)</p> <p>➤ Papan panggenan ingkang wonten ing dalem ingkang sisih paling wingking, ginanipun kangge nyimpen gabah.</p>	<p>Benda/ Barang katingal saking wonten wujudipun saking leksikon gedhong peteng, papan panggenan ingkang kahananipun peteng kangge nyimpen gabah. Bahan dhaharan minangka barang ingkang aji pramila kedah dipunsimpen kanthi papan ingkang primpen.</p>

22.	Sekul liwet	√			<p>Sekul liwet → sekul + liwet</p> <p>Sekul = k: sega (Poerwadarminta, 1939: 553)</p> <p>Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)</p> <p>➤ Sekul ingkang dipunliwet lajeng dipunemplek wonten ing ron pisang. Sakbibaripun menika lajeng dipungarang wonten ing wingko. Sekul liwet dipuntujokaken dhateng Mbok Sri minangka opahipun sampun njagi taneman pantunipun.</p>	<p>Ide/ gagasan katingal saking kapitadosanipun bilih sekul liwet menika dipunanggep sekul ingkang raosipun eco pramila dipuntujokaken dhumateng priyantun ingkang agung. Priyantun ingkang agungipun dening para tani inggih menika Mbok Sri. Dados sekul liwet menika katujokaken dhumateng Mbok Sri.</p>
23.	Neseli ga liwet		√		<p>Neseli ga liwet → Neseli + sega +liwet</p> <p>Neseli → N- + sesel + -i</p>	<p>Aktivitas katingal ssaking kagiyatan ingkang dipuntindakaken dening among tani. Kagiyatan tersebut</p>

					<p>Sesel = kn: didjedjeli, dileboni (ditlesepi) apa-apa tmr. bolongan lsp (Poerwadarminta, 1939: 560)</p> <p>Sega = n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang) (Poerwadarminta, 1939: 552)</p> <p>Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)</p> <p>➤ Neseli ga liwet inggih menika among tani maringaken sekul liwet ing sabin nalika badhe panen. Sekul liwet dipuncawisaken kangge opah Mbok Sri saha Bapa lan Ibu Bumi.</p>	<p>ditindakaken kanthi neselaken sekul liwet wonten ing salebeting taneman pantun ing sabin ingkang sampun bledug kanthi dipundongani ngunjokaken raos syukur.</p>
24.	Ngguwaki ga liwet		√		Ngguwaki ga liwet → Ngguwaki + sega +liwet	Aktivitas ketingal ssaking kagiyatan ingkang

					<p>ngguwaki → N- + guwak + -i</p> <p>Guwak = engg: diboewang (Poerwadarminta, 1939: 157).</p> <p>Sega = n. sekoel k: beras sing wis mateng (diliwet oet. Didang) (Poerwadarminta, 1939: 552)</p> <p>Liwet = k: nggodog beras ing kendhil supaja dadi sega (Poerwadarminta, 1939: 276)</p> <p>Sekul liwet ingkang sampun diseseli menika lajeng boten dipunbeta wangsul malih ananging dipuntilar wonten ing sabin.</p>	<p>dipuntindakaken dening among tani. Kagiyatan tersebut ditindakaken kanthi neselaken sekul liwet wonten ing salebeting taneman pantun ing sabin ingkang sampun bledug kanthi dipundongani ngunjokaken raos syukur. Sekul liwet boten dipunbeta wangsul malih ananging dipuntilar ngoten mawon supados dipundhahar tiyang ingkang kalawau ndherekaken nalika neseli.</p>
25.	Boyong Mbok Sri		√		<p>Boyong Mbok Sri → boyong + Simbok + Sri</p>	<p>Aktivitas, katingal saking kagiyatanipun among tani, inggih menika nindakaken boyongan gagah saking sabin dipunbeta</p>

					<p>Boyong = kn: alihan enggon (padoenoengan, omah (Poerwadarminta, 1939: 56)</p> <p>Simbok = ptj: embok (Poerwadarminta, 1939: 563)</p> <p>Sri = kw: kanggo seseboetan sing minoeljo (loehoer) (Poerwadarminta, 1939: 582)</p> <p>➤ Beta wangsul gabah ingkang sampun dipunpanen sakin sabin tumuju dhateng gedhong peteng.</p>	<p>wonten dalemipun among tani. Salajengipun dipunrimat kanthi cara dipuntapeni ugi dipunmeme lajeng dipunparingaken wonten ing gedhong peteng.</p>
26.	Manten			√	<p>Manten = engg. ptj: panganten (Poerwadarminta, 1939: 291).</p> <p>Pntun saktekem ingkang dipunsimpen wonten ing gedhong peteng, ancasipun supados gabahipun boten cepet telas.</p>	<p>Folklor katingal saking cariosipun Damar Wulan kaliyan Jaka Tingkir.</p>

27.	Obong-obongan		√		<p>Obong-obongan → Dwilingga obong + -an</p> <p>Obong = kn. ak: mati njemploeng ing geni (Poerwadarminta, 1939: 449)</p> <p>➤ Obong-obongan inggih menika bakar menyan nalika badhe dedonga utawi ngucapaken mantra ing salah sawijing upacara tradhisi.</p>	<p>Aktivitas ketingal saking kagiyatanipun masarakat nalika badhe nindakaken prosesi ing upacara tradhisi kanthi ngobong menyan. Kebulipun menyan ingkang dipunobong arahipun dhateng dhuwur, dipunpitadosi lelakuning donga ingkang dhateng Gusti Allah SWT.</p>
-----	---------------	--	---	--	--	---